Gid Fanmi pou Sèvis Edikasyon Espesyal

POU TIMOUN KI GEN LAJ POU ALE LEKÒL



NYC Public Schools

Apèsi

Kisa gid sa a ye?

Yo te kreye gid fanmi pou sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj pou ale lekò la pou ba w enfòmasyon sou kòman Lekòl Leta Vil Nouyòk Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) detèmine si yon elèv ki gen laj 5 rive 21 ane elijib pou sèvis edikasyon espesyal ak kòman NYCPS bay sèvis edikasyon espesyal. Si w enterese enfòme sou sèvis edikasyon espesyal pou debitan pou timoun ki gen laj 3 rive 5 ane ki gen andikap, gade *Gid fanmi pou sèvis edikasyon espesyal pou debitan* an.

Kit pitit ou a nan yon lekòl NYCPS, yon lekòl charter, yon lekòl prive oswa yon lekòl relijye oswa yon pwogram lekòl adomisil ki apwouve, gid sa a gen ladan enfòmasyon sou pwosesis pou edikasyon espesyal.

Kisa Edikasyon Espesyal ye?

Edikasyon espesyal gen ladan sèvis, pwogram ak enstriksyon ki fèt espesyalman pou satisfè bezwen endividyèl yon elèv ki gen andikap (student with a disability, SWD). Elèv SWD ki bezwen sèvis edikasyon espesyal gen yon pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Programs, IEP). Se yon ekip ki gen ladan oumenm, paran an ki kreye l. Li gen enfòmasyon sou sa pitit ou a renmen, fòs li, bezwen l ak objektif li. Se yon kat ki gen eksplikasyon pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis pitit ou a bezwen pou li pwogrese ak reyisi lekòl. IEP a se yon dokiman legal ki dekri kòman NYCPS pral bay pitit ou a yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye (**Free Appropriate Public Education, FAPE)** nan anviwònman ki gen mwens restriksyon (**Least Restrictive Environment, LRE)** apwopriye pou satisfè bezwen pitit ou a. LRE vle di pitit ou a pral nan lekòl ak salklas ki gen kamarad ki pa gen andikap pou otan peryòd posib nan iounen an.

Si w mete pitit ou a nan yon lekòl prive oswa yon lekòl relijye sou frè pa w, n ap konsidere pitit ou a kòm yon elèv paran mete lekòl sou responsablite yo Elèv paran mete lekòl sou responsablite pa yo ki bezwen sèvis edikasyon espesyal ap resevwa Plan pou sèvis edikasyon endividyèl **(Individualized Education Services Plans, IESP**) pou sèvis sèlman.

Kòman pou m itilize gid sa a?

Gid sa a bay enfòmasyon detaye sou pwosesis edikasyon espesyal. L ap gen ladan:

- Kisa pou fè si w kwè pitit ou a kapab bezwen sèvis edikasyon espesyal **SEKSYON 1**;
- Kòman pou fè yon rekòmandasyon pou yon premye evalyasyon **SEKSYON 2**;
- Kòman pou patisipe nan evalyasyon an ak nan pwosesis kreyasyon IEP a **SEKSYON 2** ak **3**;
- Kòman NYCPS pral fè aranjman pou pitit ou a si li elijib **SEKSYON 4**;
- Ki sipò ak sèvis edikasyon espesyal pitit ou a ka resevwa **SEKSYON 4**;
- Kisa pou fè si w pa dakò avèk pwogram ak/oswa sèvis yo rekòmande pou pitit ou a **SEKSYON 5**;
- Kisa pitit ou a dwe fè pou l gradye nan lekòl segondè **SEKSYON 6**;
- Kòman ou ka ede planifye tranzisyon pitit ou a pou kolèj, lekòl teknik, djòb ak/oswa viv poukont li **SEKSYON 7**; ak
- Ki resous ki disponib pou kore w ak pitit ou a **SEKSYON 8**.

Kontni

Nan yon koudèy

paj iv Nan yon koudèy

SEKSYON 1

Èske pitit mwen an bezwen sèvis edikasyon espesyal

paj 2 Repons pou entèvansyon
paj 2 Kisa ki ap fèt apre? Èske pitit ou a bezwen sipò anplis?

SEKSYON 2

Kòmansman Pwosesis edikasyon espesyal la

paj 3 Premye pwosesis rekòmandasyon an
paj 4 Konsantman ak dwa pou konfidansyalite
paj 5 Premye evalyasyon an
paj 5 Evalyasyon bileng
paj 6 Evalyasyon endepandan
paj 6 Kalandriye pou evalyasyon yo

SEKSYON 3

Pwogram edikasyon endividyèl (IEP)

paj 7 Apre evalyasyon an
paj 7 Tip reyinyon IEP
paj 9 Elijiblite
paj 9 Kategori andikap
paj 12 Prepare pou reyinyon IEP a
paj 13 Manm ekip IEP

SEKSYON 4

IEP a

paj 17 Gid pou elèv paran mete lekòl sou responsablite pa yo
paj 17 Apèsi sou IEP
paj 20 Pwogram ak sèvis edikasyon espesyal
paj 23 Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services)
paj 25 Rekòmandasyon Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la (Related Services)
paj 27 Pwogram espesyalize nan lekòl distri 1–32
paj 32 Akomodasyon ak Modifikasyon

SEKSYON 5

Apre yo fin kreye IEP a: Aranjman pou sèvis

paj 35 Aranjman pou sèvis
paj 36 Aranjman pou Mwayen Transpò
paj 36 Konsantman paran pou sèvis edikasyon espesyal
paj 37 Konsantman pou mande Medicaid peye
paj 37 Kalandriye plasman

SEKSYON 6

Gradyasyon pou elèv ki gen IEP

paj 39 Gradyasyon nan lekòl segondè
paj 39 Opsyon diplòm
paj 40 Sètifika ki montre konpetans pou travay (Commencement Credentials)
paj 41 Kondisyon pou diplòm

SEKSYON 7

Lavi apre lekòl segondè—Planifikasyon kolèj, karyè ak etid siperyè

paj 43 Planifikasyon pou tranzisyon
paj 44 Apèsi sou kondisyon pou sèvis tranzisyon
paj 44 Tranzisyon ak evalyasyon pou Vokasyon
paj 46 Tranzisyon ak IEP
paj 48 Wòl Planifikasyon tranzisyon

SEKSYON 8

Chèche sipò

paj 50 Dwa paran
paj 51 Rezoud pwoblèm
paj 55 Kontak ak resous enpòtan

SEKSYON 9

Lòt Enfòmasyon Enpòtan

paj 59 Glosè tèm yo
paj 73 Lòt lang ki pa anglè

Nan yon koudèy

Ou konnen pitit ou a pi byen. Ide w, opinyon w ak sijesyon w enpòtan anpil nan bay pitit ou a pi bon edikasyon ki posib la. Chak timoun ki gen yon andikap gen dwa pou sa yo rele yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye **(Free Appropriate Public Education,** FAPE). Gid sa la pou ede w travay avèk estaf lekòl pitit ou a pou kreye pi bon pwogram pou ede pitit ou a reyisi.

seksyon 1 Èske pitit mwen an bezwen sèvis edikasyon espesyal?

Poze kesyon depi nan kòmansman | *gade paj 1*

Si w panse pitit ou a bezwen sèvis Edikasyon espesyal, li bon pou poze kesyon ki apwopriye yo. Men kèk kesyon ou ta ka renmen poze pwofesè pitit ou a:

- Ki fòs ak feblès pitit mwen an nan salklas la?
- Kòman ou sipòte pitit mwen an lè li bezwen èd?
- Eske ou gen egzanp travay pitit mwen an nou ka gade ansanm?
- Eske pitit mwen an aprann ak devlopepousantaj li ta sipoze a pou laj li?
- Kòman pitit mwen an antann li avèk lòt elèv nan salklas la?
- Èske gen pwogram nan kominote a ki ka ede pitit mwen?
- Ki kèk aktivite aprantisaj matematik mwen ka fè lakay oswa nan katye a?
- Ki tip kesyon mwen ka poze pitit mwen an pandan n ap li ansanm?
- Kòman m ka ede pitit mwen an si l gen difikilte nan devwamezon?

seksyon 2 Kòmansman Pwosesis edikasyon espesyal la

Etap pwosesis Edikasyon espesyal*



Etap 1: Premye rekòmandasyon oswa demann pou rekòmandasyon | *gade paj 3*

Premye etap la enpòtan si pitit ou a gen yon andikap ak si li bezwen sèvis edikasyon espesyal. Oumenm oswa yon responsab lekòl la ka kòmanse pwosesis la avèk yon **premye rekòmandasyon** oswa yon lòt moun ka fè yon **demand pou rekòmandasyon**.

Depi yo fin fè yon rekòmandasyon, y ap envite w nan yon reyinyon sou istwa sosyal. Gen yon asistan sosyal k ap eksplike pwosesis edikasyon espesyal la epi li pral mande w konsantman alekri pou evalye pitit ou a.

Etap 2: Evalyasyon | *gade paj 5*

Lè w fin bay konsantman w, y ap evalye pitit ou a pou konnen istwa devlopman l ak konpòtman; sa li konnen ak kòman li aprann ak ladrès li, kapasite l ak kote li gen bezwen. NYCPS ap evalye pitit ou a nan tout domèn ki gen rapò avèk andikap yo sispèk la.

Si lang pitit ou a pale lakay li se pa anglè, yo ka fè evalyasyon an nan de lang.

Etap 3: Reyinyon IEP | *gade paj 7*

Apre yo fini evalyasyon an, w ap patisipe nan reyinyon IEP a pou diskite evalyasyon yo ak detèmine si pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal. Si pitit ou a elijib, ekip IEP — kote ou se yon manm enpòtan an—pral kreye yon **Pwogram edikasyon endividyèl** (Individualized Education Program, IEP). Si pitit ou a ale nan yon lekòl prive oswa relijye epi li elijib pou sèvis edikasyon espesyal, ekip la pral kreye yon **Plan pou sèvis edikasyon endividyèl** (Individualized Education Services Plan, IESP). Pou w jwenn plis enfòmasyon sou IESP, gade paj 17.

*Nan nenpòt ki moman nan pwosesis sa a, yo ka jije ke pitit ou a pa elijib oswa pa bezwen sèvis edikasyon espesyal. (Gade elijiblite a nan paj 9 pou plis enfòmasyon).

*Wòl ou nan reyinyon IEP a | gade paj **12***
Lòt moun k ap nan reyinyon sa a avè w se pwofesè ak pwofesyonèl ki konnen pitit ou, ki te patisipe nan evalyasyon yo ak/oswa oswa ki pral bay pitit ou a sèvis. *Gade paj 12 pou plis enfòmasyon sou manm ekip IEP a*.

Ou se yon manm legal IEP a ki gen manda epi opinyon w konte. Nan reyinyon IEP a, ou ta dwe:

- Bay ide w sou kòman pitit ou a aprann ak sa li renmen;
- Pataje enfòmasyon sou pitit ou a yon paran sèlman ta ka konnen;
- Tande sa lòt manm nan ekip yo panse pitit ou a bezwen pou amelyore lekòl epi pataje sijesyon;
- Rapòte si pitit ou itilize lakay li ladrès l ap aprann lekòl;
- Poze tout manm ekip la kesyon.

Etap 4: Aranjman pou sèvis edikasyon espesyal | *gade paj 35*
Apre yo fin kreye IEP a, NYCPS pral mande w konsantman alekri pou l ka bay sèvis edikasyon espsyal yo. Apre yo fin resevwa konsantman w, NYCPS pral fè aranjman pou bay pwogram ak sèvis ki nan IEP pitit ou a.

Etap 5: Evalyasyon anyèl/Reevalyasyon | *gade paj 7*
Ekip IEP pitit ou a pral rankontre omwen chak ane pou evalye pwogrè pitit ou a. Yo rele sa yon **evalyasyon anyèl.** Yo dwe fè yon **lòt evalyasyon** yon fwa chak twazan, sofsi oumenm ak NYCPS dakò pou di alekri li pa nesesè pou fè sa. Yo rele sa yon **Reevalyasyon obligatwa chak twazan**. Oumenm ak estaf lekòl la ka mande yon reevalyasyon tou, men li pa p fèt plis pase yon fwa nan yon ane sofsi oumenm ak NYCPS dakò yon lòt bagay alekri.

seksyon 3 Reyinyon IEP a

Detèminasyon elijiblite | *gade paj 9*

Ekip IEP a pral deside si pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal dapre kritè pou yonn oswa plizyè **kategori andikap** sa yo:

- Otis
- Andikap pou aprann
- Lòt pwoblèm sante
- Soud
- Andikap entelektyèl
- Pwoblèm pwononsyasyon oswa pwoblèm langaj
- Soud-avèg
- Divès andikap
- Chòk serebral twomatik
- Andikap emosyonèl
- Pwoblèm òtopedik
- Pwoblèm pou wè byen
- Pwoblèm pou tande

Kisa yon IEP ye? | *gade paj 17*

IEP s se yon deklarasyon ekri plan an pou bay sèvis edikasyon espesyal pou satisfè bezwen endividyèl pitit ou a. Li gen enfòmasyon presi sou pitit ou a ak pwogram edikasyon ki fèt pou satisfè bezwen sa yo, tankou:

- Pèfòmans aktyèl pitit ou a nan lekòl ak objektif anyèl li;
- Pwogram ak sèvis edikasyon espesyal tankou sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la (related services);
- Patisipasyon nan egzamen eta ak distri, Akomodasyon pou egzamen ak objektif diplom;

- Dat sèvis yo ap kòmanse, konbyen fwa y ap bay yo, kote y ap bay yo ak pou konbyen tan;
- Mwayen pou mezire pwogrè pitit ou a;
- Objektif pou lavi apre lekòl segondè ak aktivite pou sipòte tranzisyon sa a.

seksyon 4 IEP a

Kisa ou dwe atann: Sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj pou ale lekòl | *gade paj 20*

Ekip IEP a, kote ou se yon manm, ap konsidere kòman pou sipòte pitit ou a pou yo ka edike l avèk timoun ki pa gen andikap, otan apwopriye posib. Sa rele ***Anviwònman ki gen mwens restriksyon pou pitit ou a (Least Restrictive Environment, LRE)***.

Seksyon sa a rezime pwogram ak sèvis ki disponib pou ede pitit ou a nan anviwònman ki gen mwens restriksyon pou li a (LRE). Men yon lis pwogram ak sèvis ekip IEP a ka konsidere pou pitit ou a:

- Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services)
- Sèvis pwofesè edikasyon espesyal pou bay elèv sipò (Special Education Teacher Support Services, SETSS)
- Sèvis ko-ansèyman entegre (Integrated Co-Teaching Services)
- Sèvis pou klas espesyal
- Pwogram espesyalize distri 75
- Plasman lajounen ak Plasman adomisil
- Enstriksyon adomisil ak enstriksyon nan lopital

seksyon 5 Apre yo fin kreye IEP a: Aranjman pou sèvis

Aranjman pou sèvis | *gade paj 35*

Avan reyinyon IEP a fini, ekip IEP a pral ba w yon kopi enprime paj Pwogram ak Sèvis Edikasyon Espesyal yo Rekòmande nan IEP a. Ou ta dwe resevwa yon kopi vèsyon final IEP an nan 2 semèn apre reyinyon an. Lè NYCPS aranje sèvis, yo fè tout efò pou pitit ou an rete nan lekòl li ye an.

Bay konsantman | *gade paj 36*

Si pitit ou an pa janm resevwa sèvis edikasyon espesyal, ou pral mande pèmisyon alekri pou kòmanse sèvis yo. Yo pral mande w bay konsantman pou sèvis edikasyon espesyal an ba Premye Avi Alekri an epi retounen li nan adrès yo bay la . Si w pa dakò, pitit ou a ap rete nan edikasyon jeneral san l pa resevwa sèvis yo rekòmande yo.

Ou ka anile konsantman w pou tout sèvis edikasyon espesyal ki obligatwa nan IEP a, *alekri*, nenpòt lè, men ou pa ka anile konsantman pou yon pòsyon nan edikasyon espesyal la ak sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la.

Delè pou plasman | *gade paj 37*

Si se premye fwa yo evalye pitit ou a, pitit ou a ap resevwa yon plasman nan espas 60 jou lekòl apati dat ou te bay konsantman w pou evalye pitit ou a. Si pitit ou a deja ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, pitit ou an pral resevwa yon plasman nan espas 60 jou apati dat yo fè rekòmandasyon pou yon lòt evalyason.

seksyon 6 Gradyasyon pou elèv ki gen IEP

Gradyasyon nan lekòl segondè | *gade paj 39*

Gradyasyon lekòl segondè se yon etap reyilizasyon enpòtan nan fòmasyon yon jèn adilt. Preparasyon pou gradyasyon nan lekòl segondè egzije elèv ak paran konnen kondisyon yo ak pran tout etap nesesè yo pou ede elèv reyalize objektif yo. Eta Nouyòk bay elèv opsyon sa yo:

- Diplòm Regents avanse (Advanced Regents Diploma)
- Diplòm Regents
- Diplòm lokal
- Sètifika ki pa diplòm pou patisipasyon nan seremoni gradyasyon (Non-Diploma Commencement Credentials)

Seksyon sa a gen ladan yon rezime sou kondisyon diplòm. Pou jwenn plis enfòmasyon ki ajou sou kondisyon gradyasyon, ak lòt resous valab pou planifye chemen lekòl presegondè ak segondè, tanpri ale sou https://www.schools.nyc.gov/school-life/rules-for-students/graduation-requirements.

seksyon 7 Lavi apre lekòl segondè

Planifikasyon tranzisyon | *gade paj 43*

Planifikasyon pou tranzisyon se pwosesis yo itilize pou asire ke elèv ki te benefisye Pwogram Edikasyon Endividyèl yo prepare pou lavi a aprè lekòl segondè. Kòm yon paran, patisipasyon w nan plan tranzisyon enpòtan anpil nan siksè pitit ou an. Ou pral travay avèk estaf nan lekòl pitit ou anpou kreye plan tranzisyon ki reflete nan objektif pitit ou yo, dezi ak kapasite yo.

Rezime kondisyon pou sèvis tranzisyon | *gade paj 44*

Sèvis tranzisyon se yon seri aktivite kowòdone ki pral ede pitit ou a soti nan lekòl pou rantre nan lavi apre lekòl segondè, apati laj 14 ane. Yo dwe fè aktivite sa yo yon fason endividyèl pou pitit ou a epi y ap konsidere fòs li, sa li prefere ak sa li renmen.

Planifikasyon ak sèvis pou tranzisyon se yon pwosesis ki kontinye pandan tout tan eksperyans lekòl pitit ou a, pou abouti nan yon rezime eksperyans yon elèv k ap kite lekòl (Student Exit Summary). Yon Student Exit Summary bay yon lide sou fòs, kapasite, bezwen ak feblès pitit ou a epi li pral ede pitit ou a konnen si li elijib pou Akomodasyon ak sipò ki rezonab nan edikasyoon siperyè, nan travay ak nankominote a.

seksyon 8 Chèche sipò

Dwa paran | *gade paj 50*

Pitit ou a gen dwa pou yon bon jan edikasyon piblik ki apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE) epi ou gen dwa kòm paran pou w patisipe nan pwoseisis sa a pou byen konprann li. Ou gen dwa pou pa dakò ak desizyon lekòl la pran sou edikasyon pitit ou a ak dwa pou mande medyasyon oswa yon odisyon san patipri pou rezoud konfli yo, ak pou ale ann apèl kont desizyon ki pran nan odisyon san patipri a.

Rezolisyon pwoblèm | *gade paj 51*

Si w bezwen èd oswa si w gen kesyon sou pwogram ak sèvis edikasyon pitit ou a, gen plizyè etap ou ka pran pou jwenn yon solisyon. Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade paj 51.

Seksyon 1

Èske pitit mwen an bezwen sèvis edikasyon espesyal?

Ou konnen pitit ou a pi byen. Poutèt sa, opinyon w enpòtan anpil nan edikasyon y ap bay pitit ou a. Manm estaf nan lekòl pitit ou a pre pou travay avèk ou pou asire pitit ou a resevwa sèvis ak sipò li bezwen pou l reyisi.

Timoun aprann nan diferan vitès ak nan diferan mwayen. Kèk timoun gen andikap fizik ak/oswa entelektyèl. Gen kèk ki gen difikilte sèlman nan yon domèn pandan gen lòt ki gen plizyè andikap. Tout timoun ki gen andikap gen dwa pou yon Edikasyon piblik apwopriye gratis ak apwopriye (Free and Appropriate Public Education, **FAPE**) ak pou yo edike yo ansanm ak kamarad yo ki pa gen andikapnan pi gwo mezi posib.

Si pitit ou a gen yon andikap, Lekòl Leta Vil Nouyòk ap ofri sipò ak sèvis edikasyon espesyal ki fèt espesyalman pou satisfè bezwen endividyèl li, san w pa peye anyen.

Si w kwè pitit ou a ta ka bezwen sèvis edikasyon espesyal, li enpòtan pou w pale avèk pwofesè aktyèl li yo. Yo ka pataje enfòmasyon sou kòman pitit ou a ap travay lekòl epi ou ka pataje enfòmasyon sou kòman pitit ou a ap fonksyone lakay. Pale avèk pwofesè pitit ou a pou w konnen ki sipò yo ka bay nan klas pitit ou a ye kounye a. Li posib pou yo adapte pwogram Edikasyon jeneral pitit ou a san sèvis edikasyon espesyal yo.

Poze kesyon depi nan kòmansman

Kesyon pou poze:

- Ki fòs ak feblès pitit mwen an nan salklas la?
- Kòman ou sipòte pitit mwen an lè li bezwen èd?
- Eske ou gen egzanp travay pitit mwen an nou ka gade ansanm?
- Eske pitit mwen an aprann ak devlopepousantaj li ta sipoze a pou laj li?
- Kòman pitit mwen an antann li avèk lòt elèv nan salklas la?
- Èske gen pwogram nan kominote a ki ka ede pitit mwen?
- Ki kèk aktivite aprantisaj matematik mwen ka fè lakay oswa nan katye a?
- Ki tip kesyon mwen ka poze pitit mwen an pandan n ap li ansanm?
- Kòman m ka ede pitit mwen an si l gen difikilte nan devwamezon?

Enfòmasyon pou pataje:

- Kisa ki fè yo wè sa ki pi bon nan pitit ou a?
- Kisa ki pwen fò, difikilte ak enterè pitit ou a?
- Kisa pitit ou a renmen fè lè li pa lekòl?
- Kisa ou fè lakay pou ankouraje bon konpòtman ak aprantisaj?
- Nan ki domèn pitit ou a bezwen plis èd?

Li posib pou yo adapte pwogram Edikasyon jeneral pitit ou a san sèvis edikasyon espesyal yo.

Repons pou entèvansyon

Pale avèk pwofesè pitit ou a pou w konnen si gen sipò ki disponib nan klas oswa nan lekòl pitit ou a ye kounye a. Sipò sa yo ka byen sèlman sa pitit ou a bezwen. Li posib pou yo adapte pwogram Edikasyon jeneral pitit ou a san sèvis edikasyon espesyal yo.

Repons pou entèvansyon (Response to Intervention, RtI) se yon apwòch lekòl yo itilize pou mete elèv yo nan pratik ansèyman ak nivo sipò ki koresponn avèk bezwen yo pi byen. Pandan ou ka fè yon rekòmandasyon pou yon evalyasyon pou sèvis edikasyon espesyal nenpòt lè, lekòl leta yo pral aplike RtI la avan yo fè yon rekòmandasyon.

Ki jan sa mache:

RtI se yon modèl ki gen twa dimansyon. Nan chak etap, yo bay elèv ki gen bezwen plis sipò.

- **Etap 1:** Pou tout elèv. Sa a se bon kalite enstriksyon ki diferansye yo bay nan yon salklas edikasyon jeneral.
- **Etap 2:** Pou kèk elèv. Se ka enstriksyon antigwoup ak/oswa tan enstriksyon anplis.
- **Etap 3:** Pou yon kantite elèv ki pi piti. Sa gen ladan plis enstriksyon entansif ak materyèl oswa pwogram pou vize bezwen pitit ou a.

Pwofesè k ap itilize RtI yo pral:

- Evalye kapasite akoswa konpòtman pitit ou a.
- Chèche konnen si pitit ou a bezwen plis sipò pase enstriksyon yo ofri nan edikasyon jeneral pou tout elèv.
- Fè entèvansyon si nesesè.
- Swiv pwogrè pitit ou a pou konnen si entèvansyonn an mache epi si li pa mache, adapte entèvansyon an si nesesè.

Y ap fè w konnen si pitit ou a ap resevwa sipò oswa entèvansyon etap 2 oswa etap 3 epi lekòl pitit ou a ap mete enfòmasyon sou kontwòl pwogrè pitit ou a disponib. Pou jwenn plis enfòmasyon sou RtI, mande lekòl ou a plis enfòmasyon oswa ale sou NYSED—Yon gid paran pou RTI nan http://www.p12.nysed.gov/specialed/RTI/parent.htm. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sipò pou konpòtman nan http://www.p12.nysed.gov/specialed/RTI/parent.htm. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou travay sa a nan https://www.schools.nyc.gov/special-education/supports-and-services/behavior-supports.

Kisa k ap fèt apre? Èske pitit ou a bezwen sipò anplis?

Si w te pale avèk pwofesè pitit ou a ak lòt manm estaf lekòl la, ou ka toujou santi pitit ou a bezwen plis sipò. Si w kontinye sispèk pitit ou a ka gen yon andikap, oumenm oswa manm estaf NYCPS ka fè yon rekòmandasyon pou sèvis edikasyon espesyal. Evalyasyon an se yon seri evalyasyon pou konnen si pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal. Ou ka fè yon rekòmandasyon pou yon evalyasyon pou edikasyon espesyal nenpòt lè. Pou plis enfòmasyon konsènan fason pou fè yon rekòmandasyon, gade Seksyon 2: Kòmansman Pwosesis edikasyon espesyal la.

Seksyon 2

Kòmansman Pwosesis edikasyon espesyal la

Premye pwosesis rekòmandasyon an

Premye etap pou konnen si pitit ou a gen yon andikap epi li bezwen sèvis edikasyon espesyal se fè yon rekòmandasyon pou yon premye evalyasyon, ke yo rele tou yon **premye rekòmandasyon** (Initial Referral). Premye rekòmandasyon an *dwe fèt alekri*. Oumenm, direktè lekòl NYCPS a oswa prezidan CSE a ka fè rekòmandasyon an. Si w ap fè yon rekòmandasyon, ou ta dwe:

- Dekri pwoblèm ou genyen sou devlopman, aprantisaj ak/oswa konpòtman pitit ou a.

- Di w ap mande yon evalyasyon pou edikasyon espesyal
- Mete nenpòt sèvis pitit ou a te resevwa oswa ap resevwa kounye a
- Bay tout non pitit ou a ak dat nesans li
- Mete non w, adrès ou ak nimewo telefòn ou
- Di nan ki lang ou prefere kominike (si se pa anglè)

Ki kote ou voye rekòmandasyon an?

Elèv ki nan lekòl leta
Poste, fakse, imèl oswa bay direktè a oswa manm estaf lekòl la rekòmandasyon alekri a.

Elèv ki nan lekòl prive, relijye oswa lekòl charter oswa elèv ki pa lekòl
Poste, fakse oswa bay lèt rekòmandasyon an nan CSE ki bò lakay ou a. Gade *Kontak ak resous ki enpòtan* ki nan seksyon 8 la. Jwenn sipò pou enfòmasyon sou jan pou kontakte CSE.

Apre paran/responsab la, ki lòt moun ki ka fè yon premye rekòmandasyon?

Direktè lekòl NYCPS kote pitit ou a ye a ka fè yon premye rekòmandasyon. Si pitit ou a pa lekòl oswa si li nan yon lekòl charter oswa nan yon lekòl ki pa leta/prive, prezidan CSE a ka fè yon prmye rekòmandasyon. Gade seksyon kontak ak resous ki enpòtan yo pou jwenn enfòmasyon sou kòman pou jwenn CSE w la.

Èske yon pwofesè oswa yon ajan sante ka fè yon premye rekòmandasyon?

Pwofesè ak doktè ki gen lisans ka **mande** NYCPS pou rekòmande yon elèv pou yon premye evalyasyon. Kèk lòt moun ka fè yon demand pou premye rekòmandasyon, tankou:

- **Yon manm estaf pwofesyonèl** lekòl pitit ou a ye a oswa lekòl li elijib pou li ale a.
- **Yon ofisye jistis;** oswa;
- **Yon manm estaf pwofesyonèl** yon ajans leta ki gen responsablite pou byennèt, sante, oswa edikasyon timoun;
- **Yon elèv** ki gen laj 18 ane oswa plis oswa ki se yon minè endepandan ka bay konsantman l pou tèt li.

Lè yonn nan moun sa yo sispèk yon elèv ka bezwen sèvis edikasyon espesyal, yo ka voye yon demand pou yon premye evalyasyon ba direktè a oswa ba prezidan CSE a.

Nen entèval 10 jou lekòl apre yo resevwa demand lan, direktè a oswa prezidan CSE a pral swa:

- Kòmanse pwosesis rekòmandasyon an (gade pi ba a); swa
- Ba w yon kopi demand pou rekòmandasyon an, enfòme w ke ou ka rekòmande pitit ou a oumenm, epi ofri pou rankontre avèk ou pou diskite ki lòt estrateji ki ka bon pou satisfè bezwen pitit ou a (tankou RtI). W ap resevwa tou yon **Avi pou demand pou premye rekòmandasyon** (Notice of Request for Initial Referral), ki detaye pwosesis la.

Apre yo fin fè rekòmandasyon an

Y ap voye ba w yon **Avi lèt pou rekòmandasyon** (Notice of Referral Letter), yon kopi **Avi sou dwa nan pwosedi** (Procedural Safeguards Notice) ak **Avi pou reyinyon istwa sosyal** (Notice of Social History Meeting). Materyèl sa yo:

- Eksplike Dwa ou;
- Bay non ak nimewo telefòn pou yo rele si w gen nenpòt kesyon; epi
- Mande w pou rankontre avèk asistan sosyal lekòl la pou yon **reyinyon sous istwa sosyal** elèv la. Pandan reyinyon sa a, y ap eksplike w tout dwa w nan lang ou pi pito a oswa nan mòd Kominikasyon ou pi pito. Si w mande sa, nan reyinyon an ap gen yon entèprèt.

Konsantman ak dwa pou konfidansyalite

Pandan **reyinyon sou istwa sosyal** la, y ap ba w enfòmasyon sou pwosesis premye evalyasyon an epi apresa y ap mande w pou siyen yon fòm **konsantman pou premye evalyasyon** (Consent for Initial Evaluation)**.** Ou dwe dakò pou yo ka konsidere evalye pitit ou a pou sèvis edikasyon espesyal. Si ou chwazi pou pa bay konsantman w pou premye evalyasyon an, yo p ap evalye pitit ou a.

Y ap mande w otorizasyon pou yo pibliye enfòmasyon sou sante ak lòt dosye NYCPS. Sa pral pèmèt ekip IEP a jwenn rapò ki soti nan ajans oswa nan rapò medikal doktè fè ki ka enpòtan pou evalyasyon pitit ou a. Pandan ou pa oblije siyen fòm otorizasyon sa a, nou ankouraje w paske fòm sa yo ka ede ekip IEP konprann pi byen bezwen pitit ou a. Si w otorize yo divilge dosye sa yo, NYCPS pral kenbe yo ansekirite ak konfidansyèl.

Dosye edikasyon espesyal pitit ou a—tankou IEP ak rapò evalyasyon—se dokiman konfidansyèl. Yo kenbe yo ansekirite nan sistèm done elektwonik NYCPS la.

Premye evalyasyon an

Apre ou fin bay konsantman w alekri, NYCPS gen 60 jou kalandriye pou fè yon premye evalyasyon pou pitit ou a. NYCPS ap evalye pitit ou a nan tout domèn ki gen rapò avèk andikap yo sispèk la. Evalyasyon sa yo mezire konpetans, kapasite ak domèn pitit ou a bezwen èd. Premye evalyasyon ap gen ladan:

- Yon **entèvyou sou istwa sosyal** avèk ou pou jwenn enfòmasyon sou devlopman pitit ou a ak istwa fanmi w;
- Yon **evalyasyon psikoedikatif** ki gade sa pitit ou a konnen ak kòman li aprann;
- Yon **obsèvasyon** pitit ou a nan salklas liye kounye a;
- Pou elèv ki gen laj 12 ane pou pi piti, yon **evalyasyon pwofesyonèl** ki gen ladan yon revizyon dosye lekòl, evalyasyon pwofesè ak entèvyou avèk paran ak elèv pou detèmine konpetans pwofesyonèl ak bagay ki enterese elèv la; ak
- Yon **egzamen medikal** resan pitit ou a. Si w gen pwoblèm pou jwenn yonn, lekòl la oswa CSE a pral ede w jwenn yonn gratis.

Ekip IEP a ka fè lòt evalyasyon pou eksplore tout domèn ki gen rapò avèk andikap yo sispèk pitit ou a genyen an. Evalyasyon sa yo ka gen ladan yo diskou ak langaj, konpòtman fonksyonèl oswa teknoloji sipò paegzanp.

Evalyasyon bileng

Yo ka evalye timoun ni nan lang natifnatal li ni nan anglè si lang natifnatal li pa anglè. Yo rele sa yon **evalyasyon bileng.** Si se premye fwa y ap evalye pitit ou a, y ap fè premye evalyasyon an :

- ni nan lang natifnatal li ni ann anglè, lè sa posib; epi,
- lè yo itilize opinyon pa w, pwofesè, espesyalis bileng ak lòt moun ki gen ladan enfòmasyon sou konpetans pitit ou a ak pousantaj devlopman langaj li nan toulede lang yo

Yo ka evalye pitit ou a nan de lang dapre:

- Lang li itilize lakay li, jan yo di sa nan Sondaj pou idantifye lang elèv pale lakay (Home Language Identification Survey, HLIS); ak
- Rezilta egzamen eta Nouyòk pou idantifye elèv k ap aprann lang anglè (New York State Identification Test for English Language Learners, NYSITELL), oswa egzamen eta Nouyòk pou evalye pwogrè nan anglè kòm dezyèm lang (State English as a Second Language Achievement Test, NYSESLAT), si sa aplikab.

Evalyasyon endepandan

Se yon egzaminatè kalifye ki pa p travay pou NYCPS ki fè yon evalyasyon endepandan. Menmsi NYCPS pral fè nenpòt evalyasyon ki nesesè, ou gen tou dwa pou bay ekip IEP a evalyasyon prive.

Se oumenm k ap peye pou evalyasyon endepandan yo

Menmsi NYCPS pral evalye pitit ou a gratis, ou gen dwa tou pou bay ekip IEP a evalyasypn prive ou peye ak lajan pa w. Si pitit ou a elijib pou Medicaid, Medicaid ap peye pou evalyasyon sa yo. Pale avèk founisè Medicaid pitit ou a pou detèmine si y ap peye evalyasyon sa yo. Si w vle NYCPS konsidere evalyasyon endepandan, ou ta dwe ba ekip IEP a li davans avan reyinyon IEP a.

Evalyasyon endepandan NYCPS peye pou yo

Si w dakò avèk evalyasyon NYCPS la epi ou ta renmen NYCPS peye pou yon evalyasyon endepandan, ou dwe avèti lekòl la oswa CSE a alekri. NYCPS ap swa dakò peye pou yon evalyasyon endepandan swa l ap kòmanse yon pwosesis odisyon sanpatipri pou montre evalyasyon NYCPS la te kòrèk.

Si NYCPS dakò pou peye pou evalyasyon endepandan an, ou dwe:

- Chwazi yon egzaminatè ki kalifye;
- Mande pou yo ranbouse w nan yon peryòd tan ki rezonab; epi
- Bay NYCPS rezilta evalyasyon an.

Si yon otorite odisyon san patipri jwenn evalyasyon NYCPS te fèa kòrèk, w ap toujou gen dwa pou fè ak pataje yon evalyasyon prive avèk ekip IE P a, men NYCPS pa p peye pou li.

Kalandriye pou evalyasyon yo

NYCPS gen **60 jou kalandriye** pou evalye pitit ou a. Kalandriye sa a kòmanse nan dat ou bay (pou premye evalyasyon) oswa jou rekòmandasyon (pou yon reevalyasyon). Si ou fè pwosesis la anreta san rezon, yo ka chanje delè a.

Si yo pa fè evalyasyon yo nan espas 60 jou kalandriye epi ou pa p mete reta nan pwosesis la, w ap resevwa yon **lèt pou otorizasyon evalyasyon** (Assessment Authorization Letter). Lèt sa a ap eksplike kòman ou ka chwazi yon evalyatè lisansye ki pa soti nan NYCPS san ou pa peye anyen. Li gen yon lis non, adrès ak nimewo telefòn ajans ak pwofesyonèl leta ak prive ki ka fè evalyasyon an.

seksyon 3

Reyinyon IEP a

Apre Evalyasyon an

Depi yo fin evalye pitit ou a, y ap envite w vin patisipe nan yon Reyinyon IEP. Nan reyinyon an, ekip IEP—kote ou se yon manm enpòtan—pral gade enfòmasyon ki nan evalyasyon an ak nan lòt sous pou deside si pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal. Si pitit ou a elijib, ekip la pral travay ansanm nan reyinyon an pou devlope yon IEP.

W ap resevwa yon envitasyon alekri omwen senk jou avan reyinyon an. Envitasyon an ap ekri nan lang ou prefere a, si se yon lang paran NYCPS plis pale (covered language), jan yo defini l lan.[1] Si w mande, ap gen yon entèprèt disponib pou reyinyon IEP a nan lang ou prefere. Estaf nan lekòl ou a oswa nan CSE ka kontakte w nan telefòn pou konfime w ap vini.

Si ou pa ka ale nan reyinyon IEP a, ou dwe kontakte lekòl la oswa CSE a pou mande chanje dat la. Li enpòtan anpil pou patisipe nan reyinyon IEP a pou w ka patisipe nan desizyon k ap pran sou sèvis ak pwogram edikasyon espesyal pitit ou a. Obsèvasyon w ak opinyon w konte anpil epi yo dwe konsidere yo nan reyinyon an.

Tout evalyasyon, dosye ak rapò ki soti nan evalyasyon an, yo pral poste yo voye ba w omwen 5 jou avan reyinyon IEP a. Sa pral ba w chans pou diskite oswa revize dokiman yo avan reyinyon IEP a. Si w bezwen èd, tankou entèpretasyon oswa tradiksyon, pou konprann evalyasyon ak IEP pitit ou a, fè ekip IEP a konnen. Si w mande, y ap tradui IEP a ak evalyasyon yo.

Si pitit ou a nan yon lekòl leta, reyinyon an ap fèt nan lekòl pitit ou a. Si pitit ou a nan yon lekòl relijye, prive oswa lekòl charter, oswa si li pa lekòl, reyinyon an ap fèt nan biwo CSE a oswa nan lekòl pitit ou a, si li posib.

Tip reyinyon IEP

Premye reyinyon IEP

Ap gen yon **premye reyinyon** apre yo fin fè premye evalyasyon pitit ou a. Nan reyinyon sa a, ekip la ap revize rezilta premye evalyasyon an ak nenpòt lòt materyèl ki apwopriye epi y ap deside si pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal. Si pitit ou a elijib, ekip IEP a ap devlope yon IEP.

Evalyasyon anyèl

Apre depi pitit ou a ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, y ap fè yon reyinyon IEP chak ane pou evalye pwogrè pitit ou a ap fè.

---

1 “Covered language” vle di nenpòt nan lang pi kouran apa angle elèv NYCPS ak Fanmi yo itilize. Kounye a, NYCPS gen trèz "covered languages": albanè, arab, bangla, chinwa (tradisyonèl ak senplifye), fransè, kreyòl ayisyen, koreyen, ris, panyòl, ikrenyen, oudou ak ouzbèk. Ansanm ak anglè, sa yo se prensipal lang 95% elèv NYCPS ak fanmi yo itilize.

Yo rele sa yon **Evalyasyon anyèl.**

Pandan evalyasyon anyèl la, ekip la pral:

- Pale sou pwogrè pitit ou a fè pou objektif li
- Evalye sèvis edikasyon espesyal yo bay la
- Detèmine sèvis ak objektif pou ane apre a

Evalyasyon yo mande

Nenpòt lè, si w gen enkyetid sou pwogram oswa sèvis pitit ou a ap resevwa, ou ka mande yon reyinyon IEP si w ekri lekòl ou a oswa CSE a. Sa a se yon **evalyasyon yo mande**. Pandan reyinyon sa a, ekip IEP a pral gade pwogram ak sèvis pitit ou a ye kounye a epi l ap konsidere nenpòt domèn ki gen bezwen.

Reevalyasyon

Anplis, yo ka rekòmande pitit ou a pou sa yo rele yon **reevalyasyon**. Avèk patisipasyon pa w, ekip IEP a pral gade done aktyèl yo sou pitit ou a pou deside si yo ta dwe fè nouvo evalyasyon.

Ou ka mande yon reevalyasyon si w panse yo bezwen reevalye pwogram oswa related services pitit ou a ap resevwa. Pou mande yon reevalyasyon, ekri lekòl pitit ou a oswa CSE a. Estaf lekòl la ka mande tou yon reevalyasyon si pwogram oswa related service pitit ou a merite yon reevalyasyon. Yo pa p fè reevalyasyon plis pase yon fwa nan yon nae sofsi oumenm ak NYCPS dakò alekri pou yo fè sa a.

Anplis, yo dwe fè yon lòt evalyasyon yon fwa chak twazan, sofsi oumenm ak NYCPS dakò alekri pou di li pa nesesè

pou fè sa. Yo rele sa yon **revalyasyon obligatwa chak twazan.**

Si lekòl la oswa CSE a detèmine nouvo evalyasyon yo nesesè kòm yon pati nan yon reevalyasyon, y ap mande w pou bay konsantman w pou evalyasyon an. Konsantman pou evalyasyon vle di ou bay pèmisyon pou yo fè yon evalyasyon pou konnen si w toujou elijib pou sèvis edikasyon espesyal. Si NYCPS pa jwenn yon repons nan men w, estaf NYCPS a ka kontinye ak reevalyasyon an apre yo fin dokimante tout tantativ pou yo te kontekte yo.

Si w refize dakò pou evalyasyon an, CSE a oswa direktè lekòl la ka **mande abitraj** oswa yon **odisyon san patipri** pou jwenn otorizasyon pou fè evalyasyon an. Sa ka afekte kapasite pitit ou a pou l jwenn sèvis.

Depi evalyasyon an fini, y ap pataje rapò alekri evalyasyon yo avèk ou, epi y ap pwograme yon reyinyon IEP. Rapò yo gen ladan yo fò ak feblès pitit ou a, aksipò li ka bezwen nan lekòl.

Elijiblite

Ekip IEP a pral detèmine si pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal ak si li bezwen yon IEP. Pitit ou a pral elijib si:

- Si li satisfè kondisyon pou yonn oswa plizyè nan kategori andikap yo *(gade pi ba)*; ak
- Si andikap la afekte pèfòmans pitit ou a nan lekòl ak/oswa nan kapasite l pou l benefisye nan kourikoulòm edikasyon jeneral la.

Elijiblite *pa* fèt dapre:

- Yon mankman enstriksyon ki apwopriye nan lekti; oswa
- Yon mankman enstriksyon ki apwopriye nan matematik; oswa
- dapre Konesans limite nan lang anglè (Limited English proficiency, LEP)

Si ekip IEP a detèmine pitit ou a pitit ou a gen yon andikap epi li nesesè pou ba li sèvis edikasyon espesyal, y ap devlope yon IEP pou li. IEP a pral dekri sèvis edikasyon espesyal ak/oswa pwogram pitit ou a pral resevwa ak objektif pitit ou a pral travay pou li atenn pandan ane a. Pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo ka rekòmande yo dekri yo nan seksyon 4 la. Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP).

Si ekip IEP a pa jwenn pitit ou a satisfè kondisyon pou yonn oswa plizyè nan kategori andikap yo, li pa elijib pou sèvis edikasyon espesyal. Y ap bay direktè lekòl pitit ou a enfòmasyon ki nan evalyasyon pito. Direktè a pral travay avèk estaf la pou ede pitit ou a. Nan ka sa a, yo pa p kreye yon IEP epi w ap resevwa yon lèt ki eksplike rezon yo te jwenn pitit ou a pa t elijib pou sèvis edikasyon espesyal la. Si w pa dakò avèk rezilta yo, ou gen dwa pou konteste yo. Pou plis enfòmasyon konsènan dwa ou genyen, gade Seksyon 8: Chèche sipò.

Kategori andikap

Pitit ou a dwe elijib pou yonn nan 13 kategori andikap yo pou li ka elijib pou sèvis edikasyon espesyal.[2]

2 Regleman Komisyonè edikasyon Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED) defini 13 kategori andikap yo: Pati 200. Ou ka jwenn li nan https://www.nysed.gov/special-education

Gen yon lis ak deskripsyon kategori andaikap yo pi ba a:

- Otis
- Soud
- Soud-avèg
- Andikap emosyonèl
- Pwoblèm pou tande
- Andikap entelektyèl
- Andikap pou aprann
- Divès andikap
- Pwoblèm òtopedik
- Lòt pwoblèm sante
- Pwoblèm pwononsyasyon oswa pwoblèm langaj
- Chòk serebral twomatik
- Pwoblèm pou wè byen

Otis

Yon elèv ki gen andikap pou devlope ki gen gwo efè sou kapasite Kominikasyon, entèaksyon sosyal ak pèfòmans akademik li. Jeneralman, li vizib avan laj 3 ane. Lòt siy ki konekte avèk otis se:

- Angajman nan aktivite repete ak mouvman estereyotip
- Rezistans nan chanjman oswa chanjman nan woutin chak jou yo.
- Repons dwòl pou eksperyans sansoryèl

Soud

Yon elèv ki gen pwoblèm pou tande ki tèlman grav ki lakoz elèv la gen pwoblèm pou analize enfòmasyon lengwistik pou tande, avèk oswa san anplifikatè, ki afekte yon fason negatif pèfòmans elèv la lekòl.

Soud-avèg

Yon elèv ki gen ni pwoblèm pou tande ni pwoblèm pou wè. Bezwen Kominikasyon, devlopman ak edikasyon elèv la tèlman anpil ke pwogram edikasyon espesyal sèlman pou elèv ki soud oswa elèv ki avèg pa ka satisfè yo.

Andikap emosyonèl

Yon elèv ki genyen yonn oswa plizyè nan karakteristik sa yo pandan lontan ak nan yon nivo ki fè elèv la pa ka travay byen lekòl:

- Yon enkapasite pou aprann yo pa ka eksplike apati faktè entelektyèl, sansoryèl oswa medikal.
- Yon enkapasite pou devlope oswa kenbe bon rapò avèk kamarad ak pwofesè.
- Tip konpòtman oswa santiman ki pa apwopriye nan sitiyasyon nòmal.
- Jeneralman, yon tanperaman tristès oswa depresyon
- Yon tandans pou devlope sentòm fizik oswa lapè ki asosye avèk pwoblèm pèsonèl oswa pwoblèm lekòl.

Pwoblèm pou tande

Yon elèv ki pa tande pa fè pati definisyon soud ki gen efè negatif sou pèfòman akademik li an. Tip pwoblèm pou tande sa a kapab pèmanan oswa li kapab ale-vini.

Andikap entelektyèl

Yon elèv ki byen lwen kapasite entelektyèl mwayen an epi ki gen mank nan konpòtman adaptasyon ki gen efè negatif sou pèfòmans akademik li. Konpòtman adaptasyon vle di konpòtman ki apwopriye dapre laj moun bezwen pou viv endepandan ak fonksyonne byen nan lavi chak jou.

Andikap pou aprann

Yon elèv ki gen yon pwoblèm ki afekte kapasite l pou tande, panse, li, ekri, eple oswa fè matematik epi ki gen rapò ak konpreyansyon oswa itilizasyon langaj

ekri oswa langaj pale. Tèm lan pa gen pa gen ladan pwoblèm aprantisaj ki se rezilta dirèk andikap pou wè, pou tande, pou fè mouvman, andikap entelektyèl, andikap emosyonèl oswa dezavataj anviwònmantal, kiltirèl oswa Ekonomik. Tèm lan pa gen ladan kondisyon tankou:

- Andikap aparan
- Domaj sèvo
- Disfonksyònman minimal sèvo
- Disleksi
- Afazi devlopman

Divès andikap

Se yon tip andikap yo itilize lè yon elèv gen plis pase yon pwoblèm, tankou andikap entelektyèl ak avèg, andikap entelektyèl al soud, etc. Konbinezon sa a kreye bezwen edikasyon yo pa ka satisfè nan yon pwogram edikayon espesyal ki pou youn nan pwoblèm yo sèlman. Tèm lan pa gen ladan bèbè-avèg.

Pwoblèm òtopedik

Yon elèv ki gen defòmasyon grav nan kò ki gen efe negatif sou pèfomansakademik. Tèm lan gen ladan pwoblèm ki rive akoz:

- Anomali konjenital (pyevire, absans kèk manm, etc.)
- Maladi (polyo, tibèkiloz nan zo, etc.)
- Lòt koz (paralezi serebral, anpitasyon ak ka zo kase oswa boule ki lakòz kontraksyon)

Lòt pwoblèm sante

Yon elèv ki limite nan fòs, vigè oswa vijilans, ki afekte gravmn pèfomansakademik li. Sa gen ladan yon vijilans ki ogmante pou estimilan anviwònmantal ki afekte kapasite yon moun pou konsantre nan anviwònman lekòl akoz pwoblèm sante kwonik oswa grav. Pwoblèm sante yo se bagay sa yo

Ekip IEP a pral detèmine si pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal ak si li bezwen yon IEP.

ak lòt ankò tankou pwoblèm kè, tibèkiloz, lafyèv rimatis, nefritis, opresyon, anemi falsifòm, emofil, malkadi, anpwazònman plon, lekemi, dyabèt, pwoblèm mank atansyon oswa pwoblèm ipèaktivite avèk mank atansyon, oswa sentwòm Tourette.

Pwoblèm pwononsyasyon oswa pwoblèm langaj

Yon elèv ki gen yon pwoblèm pou kominike, paegzanp begeye, gen atikilasyon defòme, yon pwoblèm pou pale oswa pou moun tande vwa li, ki gen yon efè negatif sou pèfòmans elèv la.

Chòk serebral twomatik

Yon elèv ki gen yon chòk nan sèvo ki se kòz yon fòs fizik oswa sèten kondisyon medikal tankou konjesyon serebral, ansefalit, aneris, ak anoksi oswa timè nan sèvo ki afekte pèfòmans akademik yo yon fason negatif. Tèm lan gan ladan chòk anndan tèt oswa deyò tèt, oswa chòk nan sèvo akoz kèk kondisyon medikal ki pwovoke twoub fèb, mwayen oswa grav nan youn oswa plizyè domèn, tankou entèlijans, langaj, memwa, atansyon, rezònman, refleksyon, jijman, solisyon pwoblèm, sans, abilite pou pèsevwa ak pou fè mouvman, konpòtman sikolojik, fonksyon fizik, tretman enfòmason ak pawòl. Tèm lan pa gen ladan twoub ki

la depi timoun lan fèt oswa ki se rezilta pwoblèm nan akouchman

Pwoblèm vizyon
Yon elèv ki gen yon pwoblèm vizyon tankou avèg, ki menm avèk koreksyon, afekte elèv la ki fè li pa ka travay byen lekòl. Tèm lan gen ladan ni kondisyon pa wè byen, ni avèg

Prepare pou reyinyon IEP a

Nan yon reyinyon IEP, chak manm ekip pote enfòmasyon enpòtan pou yo pataje. Yo travay ansanm pou deside si pitit ou a gen yon andikap epi diskite avèk sèvis edikasyon espesyal ki apwopriye. *Kòm paran, ou gen obligasyon pou yo envite w nan chak reyinyon IEP epi opinyon w enpòtan anpil.*

Nou ankouraje w pou:

- Kominike avèk estaf NYCPS a sou dat ak lè pou reyinyon IEP a, pou li ka bon pou ou.
- Kolekte enfòmasyon ki ka itil pou eksplike bezwen pitit ou a. Enfòmasyon sa yo ka soti nan men moun ki konnen pitit ou a tankou pwofesè, founisè oswa doktè.
- Gade rezilta evalyasyon yo. pran nòt sou rezilta ou panse ki enpòtan ak sourezilta ou gen kesyon yo.
- Bay ekip IEP a nenpòt evalyasyon endepandan ou vle yo konsidere epi di ekip IEP a nenpòt pwoblèm ou ta renmen yo rezoud. Pou asire ekip IEP a kapab konsidere evalyasyon sa yo pi byen nan reyinyon IEP a, ou ta dwe bay yo davans avan reyinyon IEP a.
- Prepare pou pale sou fòs ak sou bezwen pitit ou a, ak kòman yo afekte devlòpman akademik, sosyal, emosyonèl ak fizik li.
- Konsidere si w vle envite lòt moun nan reyinyon ki konnen pitit ou a epi ki ka ede w pran desizyon, tankou yon doktè, founisè gadri, paran oswa defansè.
- Si w vle yon paran manm ki sètifye pou patisipe, fè demand ou an alekri nan omwen 72 èdtan avan reyinyon an (gade pi ba a pou jwenn eksplikasyon paran manm ki sètifye).
- Si anglè se pa lang ou prefere, mande yon entèprèt alekri nan omwen 72 èdtan avan reyinyon an. Si w ta renmen kopi evalyasyon yo yo oswa kopi IEP a nan yon lang ki pa anglè, fè yon demand alekri.

Nan yon reyinyon IEP yo fè pou yon evalyasyon anyèl oswa apre yon reevalyasyon, si w ta renmen ekip IEP a konsidere chanje pwogram oswa sèvis edikasyon espesyal la, nou ankouraje w di estaf NYCPS a avan reyinyon IEP a.

Nan yon reyinyon IEP, chak manm ekip pote enfòmasyon enpòtan pou yo pataje.

Manm ekip IEP

Paran/Responsab

Y ap envite w patisipe nan chak reyinyon IEP. Kòm paran, ou konnen pitit ou a pi byen. Kidonk ou ka pale sou fòs ak ak bezwen pitit ou a epi pataje opinyon w sou sa ki pral ede pitit ou a plis.

Kòm yon manm ekip IEP a, ou ta dwe:

- Di sa ou obsève sou fason pitit ou a aprann
- Pataje enfòmasyon sou fòs, feblès, enterè ak lòt bagay konsènan pitit ou a ke lekòl la ka pa konnen.
- Tande sa lòt manm ekip yo panse sou kisa pitit ou a bezwen travay lekòl epi pataje opinyon w.
- Pale sou kòman pitit ou a itilize (oswa pa itilize) konesans li pran nan lekòl la lakay li.
- Poze tout manm ekip la jesyon epi pale si w pa konprann yon bagay.
- Travay avèk rès ekip la pou devlope yon IEP

Nan reyinyon IEP a y ap mande w pou siyen paj prezans reyinyon IEP a. Siyen paj prezans lan pa vle di ou dakò avèk sa ki nan IEP a. Men se prèv ou te nan reyinyon an pito. Si w pa t kapab patisipe nan reyinyon an, y ap voye yon kopi IEP a ba w lakay.

Reprezantan Distri a

Reprezantan distri a ap prezide reyinyon IEP a ak fasilite diskisyon an sou elijiblite elèv ak kreyasyon IEP a. Y ap asire ou patisipe toutbon vre epi n ap ankouraje w prezante pwoblèm ou ta genyen sou edikasyon pitit ou a. Anplis, reprezantan distri a pral:

- Bay enfòmasyon sou seri sèvis (pwogram ak sipò edikasyon espesyal) ki disponib nan lekòl pitit ou a ak nan lòt lekòl ki nan distri a.

- Asire ekip ekip la konsidere tout pwogram apwopriye ki posib ak opsyon sèvis, tankou sa ou sijere yo
- Eksplike timoun ki gen andikap(children with disabilities, SWD) dwe edike avèk timoun ki pa gen andikap otan apwopriye posib.
- Asire ekip la konsidere si pitit ou a ka pwogrese ak benefisye nan anviwònman edikasyon jeneral la avan yo rekòmande lòt pwogram.

Jeneralman, reprezantan distri a jwe de wòl. Pou premye reyinyon IEP pitit ou a, reprezantan distri a se souvan asistan sosyal lekòl la oswa sikològ lekòl la. Pou reyinyon IEP evalyasyon anyèl pitit ou a, reprezantan distri a se souvan pwofesè edikasyon espesyal pitit ou a oswa yon founisè related services.

Pwofesè

Pwofesè se patisipan enpòtan nan reyinyon IEP a. Si pitit ou a nan anviwònman edikasyon jeneral oswa si li ka nan edikasyon jeneral, gen omwen yon pwofesè edikasyon jeneral ki dwe patisipe.

Pwofesè Edikasyon Jeneral

Pwofesè sa yo pral bay enfòmasyon sou pèfòmans pitit ou a nan kourikoulòm edikasyon jeneral la. Espesyalman yo pral:

- Dekri kourikoulòm edikasyon jeneral la ak anviwònman an
- Ede detèmine estrateji entèvansyon ki apwopriye, èd ak sèvis siplemantè, chanjman pwogram, Akomodasyon kourikoulòm, lòt sipò endividyèl oswa lòt chanjman nan pwogram edikasyon jeneral ki pral ede pitit ou a aprann ak fè pwogrè
- Diskite sipò ki nesesè pou estaf lekòl la pou yo ka edike pitit ou a nan kourikoulòm edikasyon jeneral

Pwofesè Edikasyon espesyal ak/oswa founisè related services

Manm sa yo pote bonjan eksperyans sou kòman pou edike timoun ki gen andikap. Akoz trening yo nan edikasyon espesyal, yo pral:

- Evalye ak entèprete materyèl evalyasyon yo ak/oswa rapò founisè yo
- (Si pitit ou a deja ap resevwa sèvis edikasyon espesyal) Diskite nivo pèfòmans akademik aktyèl tankou pwogrè nan objektif IEP ak dekri estil aprantisaj pitit ou a, konpòtman ak prezans pitit ou a
- Fè rekòmandasyon sou sipò ak sèvis ki pral pèmèt pitit ou a reyisi nan anviwònman ki gen mwen restriksyon an
- Eksplike kòman pou adapte kourikoulòm edikasyon jeneral la pou ede pitit ou a aprann

Sikològ/asistan sosyal lekòl

Prezans sikològ lekòl la pa obligatwa toutan. Si reyinyon IEP pitit ou a se pou yon **premye evalyasyon** (sèvis pou premye fwa) oswa **reevalyasyon** (elèv ki deja ap resevwa sèvis) sikològ lekòl la **dwe** prezan. Yon sikològ lekòl pral prezan nenpòt lè yo evalye yon nouvo evalyasyon oswa lè gen yon chanjman nan sèvis edikasyon espesyal elèv la gen ladan yon ration estaf/elèv ki ki pi entansif. Menm jan, asistan sosyal lekòl la ka la, sa depan si yo met l nan pwosesis evalyasyon an.

Lè sikològ lekòl la ak/oswa aistan sosyal lekol la se manm ekip IEP a y ap pataje enfòmasyon ki enpòtan yo jwenn nan evalyasyon/obsèvasyon avèk ekip la. Ekspètiz yo enpòtan nan pwosesis la. Kidonk ou ta dwe poze yo kesyon sou nenpòt bagay ou pa konprann.

Ekip IEP a ka gen ladan tou moun ki konnen pitit ou a ak/oswa andikap li a byen.

Lòt manm

Ekip IEP a ka mete tou moun ki konnen pitit ou a ak/oswa andikap li a byen. Ou ka envite yon ekspè ki soti lòt kote ki travay avèk pitit ou a onivo pwofesyonèl oswa lòt moun ki ka pale sou fòs ak feblès pitit ou a. NYCPS ka envite tou lòt moun ki konnen pitit ou a byen tankou yon parapwofesyonèl.

Paran manm ki sètifye

Ou gen dwa pou mande pou yon paran manm prezan nan reyinyon IEP a. Yon paran manm se yon paran timoun ki abite nan Vil Nouyòk ki gen yon IEP nan espas senk dènye ane lekòl la. Paran manm ka ede paran konprann pwosesis IEP a ak sipòte patisipasyon w ak kontribisyon w nan reyinyon IEP a. Si w ta renmen yon paran manm patisipe nan reyinyon IEP pitit ou a, fè yon demand alekri ba lekòl pitit ou a oswa ba CSE a omwen 72 èdtan avan reyinyon IEP a.

Absans motive manm ekip IEP a

Yon manm ekip IEP ki obligatwa ka pa nan yon reyinyon IEP men sèlman si se pa yon premye reyinyon IEP. Yon ekip IEP pa p motive jeneralman ni poukont li absans manm ekip IEP a. Lè yon manm ekip IEP obligatwa pa disponib, oumenm ak ekip IEP a ta dwe detèmine si li fè sans pou fè yon reyinyon IEP san manm ekip la oswa si li ta pi bon pou fè reyinyon an yon lòt lè.

Yo pa p motive absans manm ekip IEP a san konsantman w. Konsantman ou bay pou yo motive absans yon manm ekip IEP ki obligatwa ap fèt **omwen 5 jou kalandriye avan reyinyon IEP a**. Si w dakò pou yo motive absans manm lan, ou ta dwe siyen fòm lan epi voye l tounen. Si w pa dakò, yo pa p motive absans manm sa a nan reyinyon an.

Yo ka motive absans yon manm ekip IEP ki obligatwa menm si y ap diskite domèn kourikoulòm oswa sèvis ki gen rapò ak manm lan. Nan ka sa a, manm ekip IEP a pral voye yon rezime enfòmasyon y ap gen pou debat nan reyinyon IEP a. Ou ta dwe resevwa rezime a **omwen 5 jou kalandriye avan reyinyon IEP a**. Tanpri gade rezime sa a lè w ap konsidere si pou dakò pou yo motive absans manm ekip IEP a.

Manm ki nan Ekip IEP a:

- **Oumenm, paran** oswa moun ki gen lyen paran avèk pitit ou a.
- **Yonn nan pwofesè edikasyon jeneral** pitit ou a nenpòt lè pitit ou a nan oswa ka nan anviwònman edikasyon jeneral la.
- **Yon pwofesè edikasyon espesyal ak/oswa founisè related services.** Pou premye rekòmandasyon yo, yonn nan pwofesè edikasyon espesyal lekòl la k ap sèvi kòm reprezantan edikasyon espesyal nan ekip la. Si yon timoun deja ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, yonn nan pwofesè edikasyon espesyal pitit ou a pral patisipe. Si pitit ou a ap resevwa sèlman related services (paegzanp terapi pou langaj), founisè related service pitit ou a ka jwe wòl sa a.
- **Yon sikològ lekòl** nenpòt lè te gen yon premye evalyasyon oswa reevalyasyon, nenpòt lè yon yo fè yon evalyasyon sikolojik ak nenpòt lè yo konsidre chanje kèk rekòmandasyon pwogram oswa sèvis. Gen yon sikològ lekòl ki pral patisipe tou nan reyinyon IEP a si w mande sa.
- **Yon asistan sosyal** si li te patisipe nan pwosesis evalyasyon an.
- **Yon moun ki ka konprann koneksyon rezilta evalyasyon yo onivo enstriksyon.** Li ka yon manm ekip IEP a k ap jwe tou yon lòt wòl tankou pwofesè edikasyon jeneral, pwofesè edikasyon espesyal, founisè edikasyon espesyal oswa sikològ lekòl la. Yo pral pale sou kòman rezilta evalyasyon yo ka afekte enstriksyon an.
- **Yon reprezantan Distri.** Moun sa a kalifye pou bay oswa sipèvize sèvis edikasyon espesyal, li abitye avèk kourikoulòm edikasyon jeneral epi ki gen konesans sou disponiblite resous nan distri a. Reprezantan distri a ka tou jwe yon lòt wòl nan ekip IEP a. Wòl reprezantan distri a se dirije gwoup la pou devlope yon IEP tout moun dakò ki apwopriye pou timoun lan.
- **Yon doktè nan lekòl**, si ou mande sa espesyalman alekri omwen 72èdtan avan reyinyon an.
- **Yon paran manm ki sètifye**, si ou mande sa espesyalman alekri omwen 72èdtan avan reyinyon an. Se yon paran elèv ki gen yon IEP nan senk ane pase yo ki abite nan distri lekòl la oswa nan yon distri lekòl nan katye a ki ka patisipe, si w mande sa.
- **Lòt ki konnen byen pitit ou a oswa ki se ekspè tankou estaf** sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (related services). Ou ka mande pou yo prezan menm jan lekòl la oswa CSE a ka mande sa tou.
- **Pitit ou a (elèv la)**, si sa apwopriye. Si pitit ou a gen laj 14 ane pou pi piti, y ap envite l nan reyinyon an epi se ka yon chwa pou envite l manm nan yon laj ki pi piti.

Seksyon 4

Pwogram edikasyon endividyèl (IEP)

Pwogram edikasyon endividyèl (IEP)

Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) a se yon deklarasyon alekri plan pou bay pitit ou a yon FAPE nan LRE li ye a.

Gid pou elèv paran mete lekòl sou responsablite pa yo

Si w mete pitit ou a nan yon lekòl prive oswa yon lekòl relijye sou frè pa w, n ap konsidere pitit ou a kòm yon elèv paran mete lekòl sou responsablite yo. Elèv paran mete lekòl sou responsablite pa yo ki bezwen sèvis edikasyon espesyal ap resevwa Plan pou sèvis edikasyon endividyèl (Individualized Education Services Plans, IESPs). IESP a se yon deklarasyon alekri plan pou bay pitit ou a sèvis edikasyon espesyal. IESP pral gen ladan enfòmasyon ki sanble ak sa ki dekri pi ba a pou IEP yo. Yon IESP ka rekòmande sèvis tankou related services, Sèvis èd pwofesè Edikasyon espesyal bay timoun (Special Education Teacher Support Services, SETSS) parapwofesyonèl ak transpò.

CSE a voye yon **fòm pou mande sèvis edikasyon espesyal** chak ane ba paran timoun ki gen andikap yo mete lekòl prive sou responsablite yo. Paran yo dwe ranpli fòm lan epi voye l tounen ba CSE ki apwopriye a pou pitit yo ka resevwa sèvis nan ane lekòl k ap vini an. Si w panse ou ta dwe resevwa lèt sa a epi ou pa resevwa l, oswa si w gen nenpòt kesyon sou elèv paran mete lekòl prive sou responsablite yo, kontakte CSE a.

Anviwònman ki gen mwens restriksyon (LRE)

Y edike pitit ou a avèk timoun ki pa gen andikap otan sa apwopriye. Sa rele **least restrictive environment** (LRE) pitit ou a. Elèv ki gen IEP ki pase plis tan avèk kamarad yo ki pa gen andikap gen[3]:

- pi gwo nòt nan egzamen matematik ak lekti;
- Mwens absans lekòl;
- Mwens pinisyon pou move konpòtman; ak
- Pi bon rezilta apre lekòl segondè.

Apèsi sou IEP

IEP a gen ladan konvèsasyon ekip IEP a sou evalyasyon pitit ou a ak bezwen akademik li. IEP pral gen ladan rekòmandasyon ekip IEP a konsènan pwogram ak sèvis edikasyon espesyal ki fèt pou satisfè bezwen inik pitit ou a.

IEP a pral gen ladan:

Kategori andikap— IEP a pral presize kiyès nan 13 kategori andikap ki aplike

3 Wagner, M., Newman, L., Cameto, R., Levine, P., and Garza, N. (2006). An Overview of Findings From Wave 2 of the National Longitudinal Transition Study-2 (NLTS2). (NCSER 2006-3004). Menlo Park, CA: SRI International.

pou pitit ou a. Pou plis enfòmasyon, gade **Tit Klasifikasyon andikap** nan Seksyon 3: Reyinyon IEP a.

Nivo pèfòmans aktyèl—Seksyon sa a dekri kote pitit ou a gen fòs, kapasite, feblès ak bezwen ki gen rapò ak andikap li. Sa gen ladan rezilta evalyasyon, reyalizasyon akademik, devlopman sosyal, devlopman fizik ak bezwen jesyon. Li gen ladan tou enfòmasyon sou kòman andikap pitit ou a afekte pwogrè l nan kourikoulòm edikasyon la. Enfòmasyon ki nan seksyon soti nan evalyasyon ak obsèvasyon oumenm ak estaf lekòl la fè.

Bezwen elèv ki gen rapò ak faktè espesyal—seksyon sa a endike si pitit ou a bezwen yon aparèy oswa yon sèvis patikilye pou rezoud faktè espesyal ki pi ba yo:

- Pwoblèm konpòtman
- Elèv k ap aprann nan plizyè lang (Multilingual Learner, MLL)
- Pwoblèm vizyon
- Soud oswa pa tande byen
- Teknoloji sipò:

Objekti yo ka mezire apre lekòl segondè—
Si pitit ou a gen laj 14 ane pou pi piti, IEP a ap gen ladan objektif ki nan domèn edikasyon oswa nan trening, travay oswa sapasite pou fonksyone poukont li. Patisipasyon w nan kreyasyon objektif sa yo enpòtan, piske se baz travay lekòl la ak pitit ou a pou prepare l pou lavi apre lekòl. Gen plis enfòmasyon sou objektif yo ka mezire apre lekòl segondè nan seksyon 7: Lavi apre lekòl segondè.

Objektif anyèl yo ka mezire—Objektif anyèl yo ka mezire se objektif yo kreye pou yo ka satisfè bezwen ekip IEP a idantifye nan nivo pèfòmans aktyèl la. Sa yo se objektif presi pitit ou a ka reyalize nan yon ane. Yo dwe ka mezitre objektif sa yo, ki vle di ki posib pou detèmine si pitit ou a te reyalize objektif yo. Si pitit ou a ap patisipe nan **evalyasyon altène**, yo dwe divize objektif yo an objektif enstriksyon akoutèm oswa an modèl. Gen plis sou objektif anyèl yo ka mezire piske yo gen rapò ak pitit ou a k ap fè tranzisyon pou kite lekòl segondè nan seksyon 7; Lavi apre lekòl segondè.

Rapò pwogrè ba paran—
IEP a ap di lè y ap mezire pwogrè ak kòman y ap enfòme w sou pwogrè sa a.

Pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande—IEP a pral rekòmande pwogram ak sèvis pitit ou a pral resevwa. Gade seksyon pwogram ak sèvis edikasyon espesyal ki pi ba a pou jwenn plis enfòmasyon.

Akomodasyon pou egzamen— Akomodasyon pou egzamen se chanjman nan yon fòma egzamen oswa nan jan yo bay egzamen. Yo la pou retire baryè ak ogmante aksè nan egzamen. Ekip IEP a pral konsidere bezwen endividyèl pitit ou a pou deside si nenpòt Akomodasyon pou egzamen ki apwopriye, epi si sa apwopriye, kiyès.

Seri aktivite tranzisyon ki kowòdone—Nan seksyon sa a, ekip IEP a pral planifye aktivite yo vize pou ede pitit ou a soti lekòl pou antre nan lavi apre lekòl, avèk objektif pou edikasyon siperyè, travay ak/oswa fonksyònman endepandan. Ekip IEP a ap ranpli seksyon sa a pou elèv ki gen laj 14 ane pou pi piti oswa avan laj sa a, si li apwopriye. Gade seksyon 7: Lavi apre lekòl segondè pou plis enfòmasyon detaye sou pwosesis planifikasyon pou tranzisyon. Gade plis bagay sou **Seri aktivite kowòdone pou tranzisyon** nan seksyon 7.

Patisipasyon nan evalyasyon eta ak distri—Seksyon IEP sa a presize si wi ou non oswa kòman pitit ou a pral patisipe nan evalyasyon eta ak distri a.

- Pou elè k ap patispe nan evalyasyon ofisyèl yo, IEP a pral gen ladan ki Akomodasyon y ap bay pou egzamen an, si ap genyen.
- Pou elèv ki pa p patisipe nan evalyasyon ofisyèl, IEP a dwe di kòman yo pral mezire pwogrè pitit ou a tankou avèk New York State Alternate Assessment (NYSAA). Elèv k ap patisipe nan evalyasyon altène pa elijib pou resevwa yon diplòm lokal oswa diplòm Regents. Gade seksyon 6: Gradyasyon pou elèv ki gen IEPpou jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon pou diplòm.

Patisipasyon avèk elèv ki pa gen andikap—Pou asire y ap edike pitit ou a nan LRE, seksyon IEP sa a konsidere nan ki nivo pitit ou a pral patisipe nan kou edikasyon jeneral yo ak nan lòt aktivite lekòl yo avèk kamarad li yo ki pa gen andikap.

Kritè pou chanje klas—Seksyon sa a konsène sèlman pou elèv ki nan klas 3yèm–8yèm ane. Seksyon sa a pral presize si yo pral mande pitit ou a pou l respekte kritè pou chanje klas ki ofisyèl oswa modifye yo. Chanjman klas se pwosesis kote pwofesè deside si elèv yo pre pou chanje klas ak si yo metrize kontni ak teknik yo pou yo gen siksè, nan pwochen klas la. Kritè pou chanje klas ki modifye pèmèt elèv ale nan pwochen klas avèk kondisyon ki diferan ak kritè jeneral pou chanje klas yo. Se sèlman yon ti pousantaj elèv ki gen IEP k ap bezwen kritè pou chanje klas ki modifye. Si pitit ou a bezwen kritè ki modifye pou chanje klas yo, l ap bezwen satisfè objektif anyèl pou literacy ak/oswa matematik ki nan IEP l la oswa l ap bezwen fè ase pwogrè pou l satisfè objektif sa yo pou l ka chanje klas. Si yo rekòmande kritè ki modifye pou chanje klas yo, IEP a dwe dekri kritè sa a ak rezon ki fè pitit ou a bezwen kritè ki modifye pou chanje klas la. Li enpòtan pou sonje modifikasyon kritè pou chanje klas la tanporè epi li pa egziste nan lekòl segondè.

Kidonk, pou nou ka prepare pitit ou a pou li gen siksè nan lekòl segondè, NYCPS dwe asire li gen sipò ak sèvis ki apwopriye pou pèmèt pitit ou a gen aksè, patisipe ak pwogrese pou satisfè nòm aprantisaj ki pou klas pa li a.

Objektif pou diplòm—IEP a dwe di si pitit ou a ap travay pou li pran yon diplòm (si se sa, ki diplòm) ak/oswa yon sètifika pou konpetans travay (commencement credential). Yo ankouraje tout elèv, tankou elèv ki gen andikap, pou yo travay pou pran opsyon diplòm pi wo ki disponib lan. Elèv ki gen andikap ka pran diplòm ak sètifika sa yo nan lekòl segondè:

Diplòm

- Diplòm Regents avanse
- Diplòm Regents
- Diplòm lokal

Sètifika

- Sètifika pou Devlòpman karyè ak etid pwofesyonèl (Career Development & Occupational Studies, CDOS)
- Sètifika pou aptitid ak reyalizasyon (Skills and Achievement Commencement Credential, SACC):

Gade seksyon 6: Gradyasyon pou elèv ki gen IEP pou jwenn detay sou chak opsyon pou diplòm ak sètifika,

Pwogram ak sèvis edikasyon espesyal

Kisa ou dwe atann: Sèvis Edikasyon Espesyal pou timoun ki gen laj pou ale lekòl

Ekip IEP a, kote ou se yon manm, ap konsidere kòman pou sipòte pitit ou a pou yo ka edike l avèk timoun ki pa gen andikap, otan apwopriye posib. Sa rele **Anviwònman ki gen mwens restriksyon pou pitit ou a (Least Restrictive Environment, LRE)**.

Ekip IEP a dwe konsidere dabò si yo ka satisfè bezwen pitit ou a nan yon yon klas edikasyon jeneral ak sipò, èd ak sèvis yo bay pitit ou a. Si se sa, y ap rekòmande yon pwogram nan yon anviwònman edikasyon jeneral.

Si ekip IEP a jwenn pitit ou a pa ka patisipe nan kou edikasyon jeneral (menm avèk sèvis ak sipò edikasyon espesyal), y ap konsidere lòt anviwònman. Sa yo ka gen ladan yo klas espesyal oswa lekòl espesyal.

Ou ta dwe konnen pitit ou a ka patisipe nan aktivite anplis ki pa fè pati kourikoulòm ak nan aktivite ki pa akademik avèk timoun ki pa gen andikap. Aktivite sa yo se kou edikasyon fizik, poz ak aktivite aprelekòl ak lòt lòt bagay ankò. Lè sa posib, pitit ou a pral nan menm lekòl li ta dwe ale si li pa t gen andikap.

Ekip IEP a ka rekòmande yon melanj diferan sèvis ak pwogram edikasyon espesyal. Sèvis ak pwogram ki nan IEP pitit ou a ka pa menm pandan tout jounen an. IEP a pral rekòmande nivo sipò ki apwopriye pou pitit ou a nan chak matyè debaz.

Sèvis pwofesè edikasyon espesyal pou bay elèv sipò (SETSS)

Sèvis Pwofesè Edikasyon espesyal pou bay elèv sipò (Special Education Teacher Support Services, SETSS) se ansèyman siplemantè yo mete anplas espesyalman ke yon pwofesè Edikasyon espesyal ofri. Avèk SETSS, gen yon pwofesè edikasyon espesyal ki sipòte elèv la pou l gen aksè ak pwogrese nan salklas edikasyon jeneral la ansanm ak lòt kamard li yo ki pa gen andikap. Pwofesè SETSS la ka anseye elèv la dirèkteman.

Salklas ko-ansèyman entegre (Integrated Co-Teaching, ICT) gen ladan yo ni elèv ki gen andikap ni elèv ki pa gen andikap.

Sa rele SETSS “dirèk” Lè bay SETSS dirèk, pwofesè SETSS la ka:

- Adapte kontni l ap anseye nan salklas edikasyon jeneral pitit ou a oswa
- Itilize diferan metòd enstriksyon. Sa yo kapab yon metòd enstriksyon lekti patikilye ke yo pa fè nan klas edikasyon jeneral, itilizasyon èd vizyèl oswa eksplikasyon senplifye, paegzanp.

Lòt posiblite ki genyen, pwofesè edikasyon espesyal la la ka travay avèk pwofesè edikasyon jeneral la olye pou l travay dirèkteman avèk pitit ou a. Lè yo fè sa, founisè SETSS la ka gide pwofesè edikasyon jeneral nan fason pou adapte anviwònman aprantisaj pitit ou a ak/oswa metòd enstriksyon pwofesè a. Sa rele SETSS “endirèk”

Si yo rekòmande SETSS, IEP pitit ou a ap di:

- Nan ki klas y ap fè SETSS la
- **Kantite sesyon ak dire yo—**kantite peryòd pa semèn y ap ofri sèvis yo ak dire chak peryòd. Sa kapab pou yon twazèdtan sèlman pa semèn oswa 50% nan jounen lekòl la.
- **Tip sèvis SETSS—**Si y ap bay sèvis sa yo dirèkteman avèk pitit ou a oswa si se endirèkteman avèk pwofesè edikasyon jeneral la.
- **Adrès—**Si y ap bay sèvis yo nan salklas pitit ou a oswa yon lòt kote oswa nan yon melanj toulede.
- **Kantite moun nan gwoup la—**Si y a p travay avèk pitit ou a poukont li oswa si se angwoup. Si yo rekòmande pou bay SETSS angwoup, y ap di ki kantite moun k ap nan gwoup la nan IEP pitit ou a. Li pa p depase uit elèv.

Ko-ansèyman entegre (integrated Co-Teaching, ICT)

Salklas ICT gen ladan l ni elèv ki gen andikap nik elèv ki pa gen andikap. Gen de pwofesè nan salklas la: yon pwofesè edikasyon jeneral ak yon pwofesè edikasyon espesyal. Pwofesè yo travay ansanm epi kolabore pou adapte ak modifye enstriksyon pou garanti tout klas la gen aksè nan kourikoulòm edikasyon espesyal la.

Nan yon salklas ICT, kantite elèv ki gen IEP prale 40% oswa mwens nan total elèv ki gen nan klas la, jiska yon maksimòm 12 elèv ki gen IEP.

Si yo rekòmande ICT, IEP pitit ou a pral presize matyè presi modèl ICT yo pral bay pitit ou a (paegzanp, matematik, ELA, oswa syans).

Sèvis pou klas espesyal

Klas espesyal se klas ki sèvi sèlman elèv ki gen andikap. Klas espesyal sèvi elèv ki gen bezwen ke yo pa ka satisfè nan salklas edikasyon jeneral, menmsi yo ta itilize sèvis edikasyon espesyal. Yo ka rekòmande yon elèv pou sèvis klas espesyal nan sèlman kèk domèn enstriksyon oswa nan tout domèn enstriksyon. Rekòmandasyon sa a pral depann de bezwen endividyèl timoun lan.

Nan yon klas espesyal yo, yo dwe gwoupe ansanm elèv ki gen menm bezwen edikatif yo. Klas yo ka gen ladan

elèv ki gen menm andikap oswa diferan andikap, toutotan yo gen menm nivo fonksyònman. Sa vle di elèv ki nan yon klas espesyal pral pataje menm nivo:

- Karakteristik akademik ak karakteristik aprantisaj
- Devlòpman fizik
- Bezwen pou jere

Entansite manm estaf ki nan klas espesyal

Gen diferan nivo entansite estaf nan klas espesyal yo. Se bezwen akademik ak/oswa jesyon elèv yo ki detèmine nivo sa yo. Yo note ratio entansite estaf la nan IEP a kòm kantite elèv, sou kantite pwofesè, sou kantite parapwofesyonèl. Paegzanp, yon ratio estaf douz elèv ke yon pwofesè edikasyon espesyal ak yon parapwofesyonèl ap sèvi parèt kòm 12:1+1.

Parapwofesyonèl nan salklas

Gen kèk klas espesyal (se pa tout) ki gen yonn oswa plizyè parapwofesyonèl ladan yo. Yon paparapwofesyonèl salklas ka bay sèvis enstriksyon yo, sipò fizik ak/oswa sipò konpòtman pou elèv avèk sipèvizyon jeneral ak kòmand yon pwofesè salklas.

Depann de tip pwogram klas espesyal la parapwofesyonèl salklas yo ka:

- Ka anseye yon elèv oswa yon gwoup elèv jan pwofesè salklas la dekri l la.
- Ede elèv kite yon aktivite pou ale nan yon lòt(paegzanp nan klas la; nan lè arive ak ranvwa lekòl la; antre ak soti nan kafeterya ak ant salklas yo);
- Sipòte konduit elèv ki apwopriye; ak/oswa
- Bay trening pou itilize twalèt ak/oswa bay èd pou itilize twalèt.

Lekòl leta espesyalize pou elèv ki gen andikap grav (lekòl distri 75)

Distri 75 se yon distri espesyalize nan NYCPS ki ofri plis tip sipò entansif ak/oswa espesyalize pou elèv ki bezwen yo. Pwogram distri 75 yo nan tout Vil Nouyòk. Gen kèk nan pwogram distri 75 yo ki nan lekòl k ap sèvi tou elèv ki pa gen andikap. Gen lòt pwogram distri 75 ki nan bilding ki sèvi sèlman elèv ki gen IEP. Gen divès anviwònman nan distri 75. Pou yo ka respekte lwa pou elèv LRE yo, elèv yo ka resevwa sèvis nan:

- Salklas Edikasyon Jeneral
- Klas espesyal ki nan bilding lekòl kominotè
- Klas espesyal ki nan lekòl espesyalize
- Lopital oswa lakay

Ekip IEP a pral detètimine pwogram ak efektif klas ki apwopriye pou pitit ou a.

Klas Distri 75 yo ka sipòte elèv ki gen gwo twoub pou yo tande ak wè. Klas sa yo gen ekipman ak sèvis espesyalize yo ka entegre nan tout jounen an nan salklas la. Yo ka ofri elèv ki gen pwoblèm sa yo sèvis tankou odyoloji, teknoloji sipò, entèpretasyon pou langaj ak siye pou moun bèbè/soud ak sèvis oryantasyon ak deplasman. Y ap bay materyèl didaktik ki nan yon fòma ki aksesisb pou elèv la, tankou ekriti brille Elèv ki gen pwoblèm pou tande ak wè ki pa oblije gen sipò entansif ap resevwa sèvis sipò sa yo nan edikasyon jeneral yo, nan anviwònman ko-ansèyman oswa nan òganizasyon debaz yo (CBO).

Pwogram distri 75 yo ka sipòte tou elèv ki gen gwo pwoblèm anksyete nan yon lekòl (elèv ki pa renmen lekòl) ak elèv ki gen pwoblèm medikal oswa pwoblèm sikyatrik ki egzije enstriksyon tanporè oswa alontèm nan yon lopital oswa lakay.

Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services)

Yo rekòmande related services lè sa apwopriye pou amelyore kapasite chak elèv pou reyalize objektif edikasyon yo. Men egzanp related services:

Counseling ede elèv yo rekonèt ak chanje konpòtman ki twouble aprantisaj yo. Yo rekòmande couseling pou elèv ki gen pwoblèm sosyoemosyonèl ki gen rapò ak aprantisaj tankou pwoblèm pou fè entèaksyon ki apwopriye avèk adilt oswa kamard, rekile, poze aksyon, mank konfyans nan tèt oswa kapasite pou adapte ki fèb.

Sèvis edikasyon pou tande bay elèv ki soud oswa ki pa tande byen sipò. Se yon pwofesè sètifye pou soud ak moun ki tande di ki bay sèvis la kòm yon sipò pou elèv ki gen prèv yo soud. Akoz yo soud la sa ka afekte aksè nan edikasyon ak nan pèfòmans yo. Yo anseye elèv yo estrateji ki ranfòse devlopman langaj, konpòtman sosyal, memwa oditif pou tande ak konprann. Elèv ki itilize aparèy pèsonèl pou tande konekte ak Teknoloji sipò pou tande (Hearing Assistive Technology, HAT) for access to instruction. Se odyolojis sèvis edikasyon pou tande (Hearing Education Services, HES) ki bay ak sipèvize teknoloji sa a.

Terapi pou rekiperasyon (Occupational therapy, OT) ede yon elèv ranfòse kapasite pou adapte ak fonksyone nan lekòl. Sa gen ladan kapasite pou fè ti mouvman; kapasite pou pran responsablite salklas ak fè tranzisyon andousè; kapasite pou fonksyone ak sans; ak aktivite chak jou tankou jere chèz woulant. Yo rekòmande OT lè elèv la bezwen adaptasyon pou anviwònman, pou chanje responsablite li oswa lòt kapasite yo anseye pou ogmante patisipasyon nan lavi chak jou ak fè aktivite lekòl. Sonje yo egzije yon preskripsyon doktè pou OT. Yo ka mande w pou jwenn yon preskripsyon pandan pwosesis evalyasyon an si yo konsidere OT.

Terapi fizik (Physical therapy, PT) ede elèv amelyore kapasite fizik yo pou fonksyone ak fè tranzisyon andousè nan lekòl. PT ka konsantre sou gwo mouvman, deplasman, ekilib li, ak kowòdinasyon nan divès anviwònman lekòl la, tankou salklas, jimnastik, twalèt, lakou reyreyasyon, ak eskalye. Yo ka



rekòmande PT pou ede yon elèv gen aksè nan divès zòn lekòl la nan mache apye, nan chèz woulant, oswa avèk lòt mwayen deplasman. Yo ka rekòmande l pou sipòte patisipasyon yon elèv nan aktivite salklas (sa vle di pou ede elèv la patisipe ak fonksyone nan salklas). Yo ka rekòmande l tou pou ede yon elèv gen aksè ak patisipe nan kafeterya, lakou, twalèt ak/oswa transpò. Sonje yo egzije yon preskripsyon doktè pou PT. Yo ka mande w pou jwenn yon preskripsyon pandan pwosesis evalyasyon an si yo konsidere PT.

Terapi pou pwononsyasyon/langaj ede amelyore kapasite yon elèv pou tande, pale, li ak ekri nan sikonstans akademik ak sosyal nan anviwònman lekòl la. Yo rekòmane terapi pou langaj/diskou pou yon elèv lè sipò sa a nesesè pou amelyore kapasite elèv la pou tande, pale, li ak ekri nan sitiyasyon akademik ak sosyal. Terapis yo konsantre sou kapasite pou kominike tankou:

- Konpreyansyon (suiv kòmand, konpreyansyon tèks),
- Langaj (sans mo, mete mo ansanm, itilizasyon gramè ki kòrèk),
- Atikilasyon (son diskou),
- Vwa (itilizasyon vwa pou pwodui son),
- Pragmatik (langaj sosyal), ak
- Ezans (ritm diskou).

Sèvis edikasyon pou vizyon sipòte enstriksyon pou elèv ki gen pwoblèm vizyèl. Sèvis sa yo itilize estrateji touche, vizyèl ak odyo pou ede elèv devlope kapasite akademik, sosyal, pwofesyonèl, lavi, konesans ak kapasite pou pran enfòmasyon. Yo ka rekòmande sèvis edikasyon pou vizyon pou yon timoun ki gen pwoblèm vizyon ki egzije materyèl sipò ak/oswa metòd ki adapte pou l fonksyone nan salklas la.

Oryantasyon ak Sèvis mobilite montre yon elèv kòman pou oryante l ansekirite anviwònman lekòl la. Sèvis sa yo ede elèv yo konnen kote yo ye, kote yo vle ale, ak kòman pou yo rive la ansekirite.

Rekòmandasyon Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la (Related Services)

Yo ta dwe ofri related services mam LRE ki apwopriye a, ak lè sa posib, lekòl ap entegre yo nan salklas la. Yo ta dwe kowòdone yo nan kolaborasyon avèk pwofesè elèv la, lòt estaf enstriksyon ak oumenm paran an pou sipòte objektif enstriksyon yo. Si related services apwopriye pou pitit ou a, y ap rekòmande a nan IEP pitit ou a. IEP a ap di:

- **Kantite sesyon ak dire yo—**kantite sesyon pa semèn y ap ofri sèvis yo ak dire chak sesyon.
- **Tip sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (related services)—**Tankou terapi fizik, terapi pou reprann okipasyon oswa terapi diskou/langaj.
- **Adrès—**Si y ap bay sèvis yo nan salklas pitit ou a oswa yon lòt kote oswa nan yon melanj toulede.
- **Kantite moun nan gwoup la—**Si y ap wè pitit ou a poukont li oswa angwoup ak si se angwoup, konbyen elèv k ap nan gwoup la.

Entegrasyon Related Services nan salklas ka benefisye tout elèv

Lè yo bay related services nan salklas la, li benefisye tout klas la, se pa sèlman elèv endividyèl y ap sèvi a.

Avantaj pou elèv la:

- Li pa rate aktivite salklas
- Plis opòtinite pou pratike kapasite nan anviwònman natirèl la
- Terapis ka sipèvize efikasite estrateji yo
- Ankouraje akseptasyon sosyal, amoupwòp ak konpòtman sosyal
- Pwofesè yo ka aplike estrateji yo apre yo fin wè yo terapis la aplike yo

Avantaj pou tout klas la:

- Reyalizasyon ki ogmante pou ni timoun ki gen andikap ni sa ki pa gen andikap
- Atansyon ki ogmante
- Konpòtman ki ogmante nan fè devwa
- Pèfòmans ki ogmante nan salklas la
- Pèfòmans ki ogmante nan egzamen ofisyèl

Resous/sitasyon: McWilliam & Scott 2001; Kennedy, Shuka & Fryxell 1997; Mu,. Siegal & Allinder 2000; Kennedy & Itkonen 1994; Hughes 2001; Oriel, George, Peckus & Semon.

Aparèy ak/oswa sèvis teknoloji pou sipò

Teknoloji sipò (Assistive technology, AT) se nenpòt bagay, ekipman oswa sistèm pwodui yo itilize pou amelyore kapasite fonksyònman yon elèv. Pami aparèy teknolojik ba yo, ou jwenn òganizatè grafik, tablo oblik, objè konkrè, (materyèl didaktik entèaktif, pratik, pa egzanp) ak lòt. Pami aparèy gwo teknoloji ou jwenn tablèt ak pwogram asosye yo ki pèmèt yon elèv kominike ak fini devwa l. Yo ka rekòmande sèvis AT, tankou trening ak sipò, pou yon timoun itilize aparèy AT yo.

Si yo ka apwouve teknolji sipò, y ap evalye elèv la avan. Apresa, ekip IEP a pral detèmine si yon aparèy teknoloji sipò oswa sèvis patikilye oswa apwopriye pou elèv la.

Yo bay teknoloji sipò pou satisfè bezwen endividyèl yon elèv

Matyè	Defi pou elèv	Possible AT Solutions*	
Matematik	Difikilte pou kalkile, òganize, adapte ak kopye pwoblèm matematik sou papye	Kalkilatris vokal, papye kadriye adapte, *manipulatives*, lojisyèl	
Redaksyon	Difikilte avèk mekanik fizik pou ekri oswa eple, itilize mo, òganize	Word processor, tablo oblik, klavye (keyboard)/papye ki adapte, konpitè/tablet, lojisyèl	
Lekti	Difikilte pou dekode, li avèk ezans oswa konprann	Fèy lekti, tèks ki souliye, liv dijital, konpitè/tablet, software	
Kominikasyon	Nonvèbal oswa difikilte nan diskou ki pa konpreyansib	Liv Kominikasyon, aparèy ki pwodui diskou, sistèm Kominikasyon ak imaj, aparèy ki pwodui son vwa	
Memwa/ Òganizasyon	Difikilte avèk planifye, òganize, suiv pwogrè kalandriye/orè/ lis bagay ki pou fèt	Òganizatè grafik, software	
Tande	Difikilte pou analize ak sonje lang pale	Anrejistrè dijital, FM unit	

* Aparèy yo montre pi wo a reprezante yon modèl zouti ki disponib epi yo mete yo sèlman kòm egzanp.

Pou plis enfòmasyon osijè egzamen sa a, ale nan https://www.schools.nyc.gov/special-education/supports-and-services/assistive-technology

Pwogram espesyalize nan lekòl distri 1–32

Pifò elèv ki gen andikap, tankou elèv ki gen otis (ke yo rele tou *Autism Spectrum Disorder* oswa ASD), elèv ki gen andikap pou aprann (students with Intellectual Disabilities, ID) ak elèv k ap aprann lang anglè/elèv k ap aprann nan plizyè lang (ELL/MLL) ki gen andikap—jwenn pi bon sèvis nan pwòp lekòl distri pa yo. Sepandan, pou kèk elèv yon klas oswa yon pwogram espesyal ka apwopriye. Yo konsidere sipò ak sèvis edikasyon espesyal ki pa egziste kounye a nan chak lekòl kòm pwogram espesyalize. Pou plis enfòmasyon sou chak pwogram ak pou download aplikasyon ki obligatwa yo, ale sou https://www.schools.nyc.gov/special-education/school-settings/specialized-programs/

Pami pwogram espesyalize yo, genyen:

Pwogram ACES pou elèv ki gen andikap entelektyèl (ID)—yon klas oswa yon pwogram espesyal nan yon lekòl kominote pou kèk elèv yo klase kòm moun ki gen andikap pou aprann (ID) epi ki patisipe nan lòt evalyasyon altène tankou NYSAA. Pou yo konsidere w pou pwogram sa a, ou dwe voye yon aplikasyon. Pou plis enfòmasyon kontakte acesprograms@schools.nyc.gov.

ASD Nest—yon anviwònman klas ICT ki pa gen anpil elèv yo fè pou elèv ki gen otis ki nan nivo klas la oswa ki depase nivo klas la onivo akademik nan tout oswa nan pifò matyè debaz yo. Pou yo konsidere w pou pwogram sa a, ou dwe voye yon aplikasyon. Pou plis enfòmasyon kontakte asdprograms@schools.nyc.gov.

ASD Horizon—jeneralman yon klas espesyal ki gen jiska 8 elèv ki gen otis k ap travay pou satisfè nòm nivo klas la men ki bezwen sipò endividyèl pou kèk peryòd tan pandan jounen lekòl la. Pou yo konsidere w pou pwogram sa a, ou dwe voye yon aplikasyon. Pou plis enfòmasyon kontakte asdprograms@schools.nyc.gov.

Edikasyon espesyal bileng (Bilingual Special Education, BSE)—yon pwogram espesyalize ekip IEP a ka rekòmande si yon elèv bezwen yon klas ko-ansèyman entegre (Co-Teaching) oswa yon klas espesyal avèk yon lang enstriksyon ki pa anglè. Pwogram sa yo fèt pou ede Elèv k ap aprann nan plizyè lang (ELL/MLL) ki jwenn avantaj yon ansèyman adapte avèk reyalite kiltirèl ak lengwistik ki reponn avèk bezwen pou yo aprann, bezwen akademik ak bezwen lenguistik yo. Pou plis enfòmasyon sou edikasyon espesyal bileng, kontakte bseprograms@schools.nyc.gov.

Lòt anviwònman

Lekòl ki resevwa èd Eta Nouyòk

Lekòl Eta a sipòte yo ofri sèvis edikasyon espesyal entansif pou timoun ki soud, avèg, oswa ki gen twoub emosyonèl oswa andikap fizik grav, epi ke ekip IEP a idantifye kòm elèv ki elijib pou tip pwogram sa a. Kèk lekòl Eta a sipòte, ofri swen rezidansyèl pou senk jou pou timoun ki bezwen 24 èdtan sipò.

Lekòl prive NYSDE apwouve (lajounen)

Lekòl sa yo ofri pwogram pou timoun ke yo pa ka satisfè bezwen edikatif konsiderab nan yon pwogram lekòl leta. Se elèv ki gen andikap sèlman ki ale nan lekòl SED apwouve. Kidonk pa gen opòtinite pou edike yo ansanm ak timoun ki pa gen andikap. Yon lekòl prive SED

apwouve ka aksepte pitit ou a sèlsi lekòl la ka ofri sèvis yo rekòmande nan IEP li.

Ekip IEP a dwe konsidere tout opsyon ki disponib nan lekòl leta yo avan pou rekòmande yon lekòl prive NYSED apwouve. Si ekip IEP rekòmande pou pitit ou a ale nan yon lekòl prive NYSDE apwouve, Ekip sipò santral (Central Based Support Team, CBST) la ap travay avèk ou pou jwenn yon lekòl ki apwopriye pou pitit ou a epi ede w konprann kondisyon admisyon yo.

Lekòl prive NYSDE apwouve (Rezidansyèl)

Lekòl rezidansyèl yo se anviwònman ki ofri pwogramasyon entansif nan salklas ak nan yon anviwònman estriktire pou viv nan lakou lekòl 24 èdtan pa jou. Pwogram sa a se pou timoun ki bezwen atansyon nan edikasyon entansif 24/24. Si yo detèmine yon anviwònman rezidansyèl apwopriye, y ap egzije NYCPS pou konsidere anpremye anviwònman rezidansyèl ki nan eta avan pou yo konsidere yon lekòl ki pa nan eta a. Si ekip IEP a rekòmande pou pitit ou a ale nan yon lekòl rezidansyèl Ekip sipò santral (Central Based Support Team, CBST) la ap travay avèk ou pou jwenn yon lekòl ki apwopriye pou pitit ou a epi ede w konprann kondisyon admisyon yo.

Enstriksyon adomisil ak enstriksyon nan lopital

Pwogram enstriksyon nan lakay ak nan lopital ede elèv kontinye ak etid yo pandan yo pa ka ale lekòl pou lontan (pou kat semèn oswa plis). Pwogram enstriksyon lakay oswa nan lopital pa la pou bay yon pwogram akademik konplè epi yo ka limite nan opsyon kou ki pa obligatwa yo. Estaf la ap travay avèk lekòl chak elèv ye kounye a pou asire enstriksyon ak sèvis la kontinye, nan pi gwo limit posib dapre kondisyon yon elèv.

Enstriksyon adomisil—Si pitit ou a pa kapab ale lekòl akoz pwoblèm òtopedik, rezon ki pa òtopedik/medikal oswa sikyatrik ou ta dwe mande pou yo anseye l lakay li. Lekòl pitit ou a oswa CSE a ka sipòte l pou voye demand lan pou yo anseye l lakay li. Si yo apwouve demand ou an, otorizasyon an ap gen yon dat pou li fini dapre lè yo atann pou pitit ou a retounen lekòl la. Si pitit ou a bezwen enstriksyon adomisil apre dat yo atann pou li retounen an, ou sipoze voye yon lòt demand. Tanpri gade sitwèb enstriksyon adomisil la pou jwenn plis detay sou pwosesis pou mande enstriksyon adomisil nan, http://www.homeinstructionschools.com.

Enstriksyon nan lopital-Elèv ki nan lopital ka resevwa enstriksyon si doktè nan lopital la jwenn yo kapab resevwa enstriksyon dapre kondisyon medikal yo. Enstriksyon nan lopital la fini lè yo egzeyate elèv la nan lopital la. Si pitit ou a ap resevwa enstriksyon nan lopital epi li vin twò malad pou retounen lekòl lè yo egzeyate l nan lopital la, ou sipoze voye yon demand pou yo anseye lakay avan yo egzeyate l nan lopital la pou evite reta nan pwosesis enstriksyon adomisil la.

Lòt sipò ak sèvis edikasyon espesyal

Èd ak sèvis siplemantè

Yo bay èd ak sèvis siplemantè pou elèv nan anviwònman edikasyon yo pou ede yo edike yo avèk kamarad yo ki pa gen andikap otan sa posib.

Men kèk egzanp kouran èd ak sèvis siplemantè (ak lòt ankò):

- Materyèl didaktik ki nan yon lòt fòma (paegzanp braille, gwo lèt, liv sou kasèt)
- Tan anplis pou soti nan yon klas ale nan yon lòt
- Aranjman espesyal kote l ap chita a
- Tan anplis pou fini devwa
- Tan enstriksyon ki pi long
- Sipò pou konpòtman oswa yon plan pou konpòtman

Parapwofesyonèl

Yon parapwofesyonèl k ap ede yon sèl elèv, yon gwoup elèv, oswa tout yon klas.

- Yon parapwofesyonèl yo rekòmande nan yon IEP pou yon elèv endividyèl oswa yon gwoup elèv se yon "parapwofesyonèl yo mete pou IEP" ak yon sèvis siplemantè.
- Yon parapwofesyonèl k ap sèvi yon klas antye se yon "parapwofesyonèl salklas."
- Yon parapwofesyonèl ki bileng nan lang ansèyman yo rekòmande a epi ki sèvi elèv k ap tann plas nan yon klas bileng se yon "pwofesyonèl plas altène."

Lè y ap konsidere yon rekòmandasyon IEP pou yon parapwofesyonèl oswa pou yon pwogram ki gen ladan yon parapwofesyonèl, li enpòtan pou ekip IEP ou manm lan konsidere ak ankouraje objektif pitit ou a pou li vin endepandan ak konfyan otan posib.

Pwofesyonèl IEP-yo nome ka ofri èd pou elèv ki gen IEP pou yo ka ede nan aprantisaj la ak ankouraje endepandans elèv la. Yo ka ede elèv onivo endividyèl oswa an tigwoup. Pwofesyonèl IEP-yo yo nome ka ede elèv pandan tout jounen lekòl la oswa pandan yon pati ladan. Yo ka rekòmande sipò pwofesyonèl IEP-yo yo nome lè sa nesesè pou pèmèt yon elèv ka patisipe totalman ak ansekirite nan salklas ak nan lòt aktivite lekòl, pou akonpli siksè nan salklas la. Yon ekip IEP ka rekòmande yon parapwofesyonèl lè yon elèv bezwen sipèvizyon oswa sipò anplis pou li ka benefisye totalman nan enstrksyon ak/oswa nan related services. Yon parapwofesyonèl ka fè yonn nan travay sa yo:

- Sante
- Sipò pou konpòtman
- Oryantasyon ak deplasman
- Ale nan twalèt

Akoz sipò parapwofesyonèl entansif anpil, ekip IEP a pral konsidere objektif anyèl ki pral lakoz endepandans elèv la ogmante ak rediksyon oswa eliminasyon bezwen parapwofesyonèl la, jan sa apwopriye.

Parapwofesyonèl sante
Yon pwofesyonèl lasante ka apwopriye lè bezwen medikal oswa bezwen pou yon elèv fonksyone anpeche patisipasyon l nan aktivite lekòl la ak/oswa diminye valè aktivite nan lekòl la. Lè yo rekòmande sa, yon parapwofesyonèl lasante pral ede idantifye bezwen sante/medikal yon elèv, tankou:

- Aktivite moun fè chak jou (tankou soti nan chèz woulant pou ale nan ekip pou adaptasyon, èd nan fè deplasman, bay manje, obsève fason li manje, etc.);
- Sipèvize yon elèv pou siy ak sentòm espesifik ki gen rapò ak kondisyon medikal li; ak
- Avèti enfimiomyèlekòl la ak/oswa mennen elèv la kote lpou tretman oswa pou ba li medikaman.

Parapwofesyonèl sipò pou konpòtman (yo rele l tou "Parapwofesyonèl pou jesyon kriz (Crisis Management Paraprofessional")
Yo ka rekòmande yon parapwofesyonè sipò pou konpòtman lè yon elèv gen pwoblèm konpòtman ki grav ke yo pa ka rezoud ak yon plan entèvansyon pou konpòtman (Behavioral Intervention Plan, BIP). se yon plan estaf lekòl la itilize avèk konsistans pou rezoud pwoblèm konpòtman elèv. Si pitit ou a pako gen yon BIP, ekip IEP a pral fè yon evalyasyon pou konpòtman fonksyonèl (Functional Behavioral Assessment, FBA) avèk pèmisyon w pou jwenn plis

enfòmasyon sou konpòtman pitit ou a. Si li apwouve, apresa y ap devlope BIP a. Si yo rekòmande yon pwofesyonèl sipò pou konpòtman, l ap ede asire sekirite elèv la ak lòt moun. Parapwofesyonèl la pral travay pou bati kapasite elèv la pou jere pwòp konpòtman l pou li vin otan endepandan posib. Sa ka gen ladan:

- Sipèvize ak sipòte BIP elèv la atravè koleksyon done ak sipòte objektif konpòtman ki nan IEP elèv la; ak
- Mete estrateji pou jere konpòtman yo an aplikasyon.

Parapwofesyonèl pou oryantasyon ak deplasman (Orientation and Mobility Paraprofessional, O&M)

Yon pwofesè O&M ka rekòmande yon parapwofesyonèl O&M pou elèv ki gen pwoblèm vizyon k ap:

- resevwa sèvis vizyon edikasyon ak enstriksyon O&M; epi
- ke yo konsidere kòm vwayajè endepandan ki pa ansekirite nan lekòl.

Depi elèv la ka vwayaje poukont li ansekirite, ekip IEP a pral diminue nan rekòmandasyon an oswa li pa p rekòmande yon parapwofesyonèl O&M ankò. Lè yo rekòmande sa, parapwofesyonèl O&M lan pral ede elèv la aplike kapasite li pran nan enstriksyon O&M lan bay. Men sa li gen ladan:

- Amelyore fason elèv la konprann konsèp anviwònman ak espas ak/oswa fason li itilize enfòmasyon li resevwa pou negosye trajè;
- Amelyore itilizasyon sipò vizyon fèb elèv la ak/oswa baton long lan pou konplete kapasite l pou l vwayaje; ak/oswa
- Asire sekirite elèv pou oryante l nan lekòl la ak patisipe nan salklas la.

Parapwofesyonèl pou itilizasyon twalèt

Parapwofesyonèl pou itilizasyon twalèt fè swa trening pou twalèt swa èd pou itilize twalèt. **Jeneralman, trening pou itilize twalèt** se yon sipò tanporè yo bay jiskaske yon elèv kapab itilize twalèt poukont li. **Èd pou itilize twalèt** se ede yon elèv ale ak soti nan twalèt, transfere yon elèv pou ale ak soti nan twalèt la epi ede l siye ak netwaye men l ak lòt aktivite ankò.

Yo ka rekòmande yon Parapwofesyonèl pou itilizasyon twalèt lè yon elèv bezwen trening ak/oswa èd pou itilize twalèt, epi sa a se sèl èd elèv la bezwen nan men parapwofesyonèl la. Si gen yon parapwofesyonèl sante oswa yon parapwofesyonèl sipò pou konpòtman k ap ede pitit ou a, l ap ede l nan sa tou, si sa nesesè. Parapwofesyonèl salklas ka ede pito nan trening ak/oswa èd pou itilize twalèt nan kèk anviwònman salklas yo.

Parapwofesyonèl transpò

Yo ka rekòmande yon parapwofesyonèl transpò pou yon elèv ki gen pwoblèm konpòtman, entelektyèl oswa medikal ki mande sipò endividyèl ki dirab nan otobis pou ale ak retounen lekòl pou asire sekirite l ak/oswa sekirite lòt moun.

Si w panse pitit ou a ka bezwen yon parapwofesyonèl transpò, di ekip IEP a sa avan reyinyon IEP a. Yo ka mande w pou bay dosye medikal.

Nan reyinyon ekip IEP a ki gen ladan oumenm pral detèmine nivo sipò pitit ou a bezwen ak rezon an; sa ki nan sipò sa a; ak ki kote, ki lè, ak kòman y ap bay sipò a pou satisf objektif ki nan IEP pitit ou a. Ekip IEP a pral konsidere opsyon ki mwens entansif yo pou sipòte pitit ou a,

epi ap gen yon parapwofesyonèl sèlman si opsyon ki mwens entansif yo pa apwopriye pou satisfè bezwen pitit ou a.

Sipò pou pèsonèl lekòl nan non elèv la

Pwofesè pitit ou a, parapwofesyonèl, founisè related service oswa lòt estaf lekòl ki ka bezwen trening oswa eksplikasyon pou yo ka ede pitit ou a avèk plis efikasite. Paegzanp,

- Yon parapwofesyonè elèv ki ka bezwen trening nan entèvansyon pou bon konpòtman pou aplike pi byen BIP yon elèv;
- Pwofesè yon elèv ka bezwen trening nan Lang ak jès pou amerkn ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL) pou kominike avèk yon elèv.
- Pwofesè yon elèv ka bezwen trening nan aparèy teknoloji pou sipò yo rekòmande pou elèv la.
- Parapwofesyonèl sante yon elèv ka bezwen trening nan men enfimyè lekòl la oswa nan men doktè elèv pou konprann bezwen medikal elèv la;
- Parapwofesyonèl pou itilizasyon twalèt yon elèv ka bezwen trening nan men founisè related service la pou transfè ansekirite elèv la ant chèz woulant ak twalèt la.

Si yo rekòmande sa, y ap bay sipò endividyèl pou estaf pèsonèl lekòl la akoz bezwen pitit ou a.

Akomodasyon ak modifikasyon

Akomodasyon se ajisteman nan anviwònman, enstriksyon, oswa materyèl ki bay elèv ki gen andikap menm aksè nan enstriksyon ak nan evalyasyon. Yo la pou mete teren an anivo pou elèv ki gen andikap. Si pitit ou a bezwen Akomodasyon, y ap ekri Akomodasyon ki espesifik yo nan IEP pitit ou a. Kèk egzanp Akomodasyon se repoze kesyon ak fè enstriksyon lòt jan, tan anplis, èd pou referans ak poz.

Modifikasyon chanje kontni ak/oswa nivo enstriksyon kourikoulòm lan. Yo fè modifikasyon pou elèv ki gen andikap ki pa kapab konprann sa yon pwofesè ap anseye. Yon egzanp modifikasyon se redefini konsantrasyon devwa yo pou yo gen sèlman pwen ki pi enpòtan yo.

Pale avèk ekip IEP pitit ou a sou si Akomodasyon ak/oswa modifikasyon yo apwopriye pou pitit ou a.

Transpò espesyalize

Pi fò elèv ki gen IEP ale lekòl ak tounen lakay nan menm mwayen transpò avèk elèv ki pa gen IEP. STranspò espesyalize toujou gen ladan sèvis otobis pòtapòt (savle di otobis la kanpe kote ki pi pre kay elèv la posib) men li ka gen ladan tou lòt Akomodasyon transpò ki nesesè tankou yon parapwofesyonèl transpò, enfimyè ak Akomodasyon ki gen rapò oinivo medikal. Yon ekip IEP ka rekòmande transpò espesyalize pou timoun ki gen bezwen ki dokimante ki afekte kapasite yo pou ale ak tounen lekòl. Yo revize rekòmandasyon sa a chak ane.

Si w panse pitit ou a ka bezwen transpò espesyalize, pale avèk ekip IEP pitit ou a. Ekip IEP a pral ba w nenpòt dokiman ki nesesè pou ranpli kòm yon pati nan pwosesis la Sa ka gen ladan:

- otorizasyon pou divilge enfòmasyon medikal dapre HIPAA. Se oumenm ki pou ranpli l ak siyen l.
- Demand pou Akomodasyon medikal Se doktè pitit oou a ki pou ranpli l ak siyen l. Li dwe eksplike bezwen pou sèvis

otobis pòtapòt ak nenpòt Akomodasyon medikal pitit ou a ka bezwen.

Yon doktè ki soti nan Biwo sante lekòl (Office of School Health, OSH) ka evalye demand ou fè pou Akomodasyon transpò espesyalize a. Doktè OSH a ka bezwen diskite nenpòt demand ou fè bòte doktè pitit ou a. Doktè OSH yo ka patisipe nan reyinyon IEP pitit ou a nan pati kote y ap diskite transpò a.

Si ekip IEP a detèmine pitit ou a egzije transpò espesyalize ak/oswa Akomodasyon pou transpò espesyalize, IEP a ap espesifye sa.

Materyèl pedagojik ki aksesib (AEM)

Materyèl Edikatif Aksesib (Accessible Educational Materials, AEM)
Yo se liv ak lòt materyèl didaktik yo chanje nan yon fòma pou elèv ki pa ka itilize materyèl regilye ki enprime akoz li gen pwoblèm vizyèl, avèg oswa nenpòt lòt rezon. Men kèk nan fòma sa yo:

- Braille
- Gwo lèt
- Odyo
- Tèks dijital

Si w kwè pitit ou a bezwen AEM, kontakte lekòl ou a. Estaf lekòl la ka detèmine ki fòma ki ta ka pi bon pou pitit ou a, si genyen. Si yo wè pitit ou a bezwen AEM, y ap ba li materyèl yo nan lekòl la sou kont NYCPS.

Edikasyon fizik adapte

Edikasyon fizik adapte se yon pwogram ki fèt espesyalman pou aktivite devlòpman, jwèt, espò, ak mouvman yo adapte avèk bagay ki enterese yon timoun an patikilye, abilite li ak limit timoun lan ki ta ka pa kapab patisipe san sa pa prezante yon danje oswa avèk siksè nan aktivite yon pwogram edikasyon fizik regilye. Yo ka rekòmande pitit ou a pou edikasyon fizik ki adapte lè andikap li genyen an gen enpak sou abilite l pou l fè aktivite ki nan yon pwogram edikasyon fizik regilye.

Lòt Evalyasyon

Yo itilize evalyasyon altène pou evalye pèfòmans ak pwogrè elèv ki gen gwo pwoblèm pou aprann ki pa kapab patisipe nan evalyasyon ofisyèl, menmsi yo bay yo Akomodasyon pou egzamen. Mezi pou akonplisman sa yo:

- Bay elèv ki elijib yon lòt mwayen pou montre konesans ak aptitid yo.
- Mezire pwogrè elèv pou yo ka reyalize objektif akademik
- Sipòte pwofesè ak espesyalis pou adapte estrateji enstriksyon ak sipò
- Lekòl yo itilize yo anjeneral kòm yon pati nan pratik evalyasyon nan salklas

Evalyasyon altène eta Nouyòk (New York State Alternate Assessment, NYSAA) fè pati pwosesis egzamen anyèl NYS pou tout elèv ki elijib nan klas 3yèm ane rive 12yèm ane. IEP a dwe presize pitit ou

a elijib pou evalyasyon altène. Elèv ki patisipe nan evalyasyon altène yo pa elijib pou yon diplòm lekòl segondè.

Ane lekòl ki pi long (Extended School Year, ESY) (Sèvis ane lekòl douz mwa)

Si pitit ou a bezwen pou yo kontinye ale lekòl pandan ete a pou li ka anpeche li fè gwo bak, yo ka ofri l sèvis ane lekòl ki pi long. Gwo bak vle di li ta ka pran 8 semèn oswa plis pou elèv la ratrape sa li ta dwe deja aprann aprann vakans ete a. Sèvis ESY ka diferan ak sèvis pitit ou a resevwa pandan ane lekòl la epi se nan reyinyon IEP a y ap deside l.

Konsèy ak Trening pou Paran

Si oumenm paran ou bezwen kèk èd pou konprann bezwen espesyal pitit ou a, oryantasyon ak trening pou paran ka ba w enfòmasyon sou devlopman ak/oswa andikap espesifik pitit ou a epi l ap ede w sipòte aplikasyon IEP pitit ou a. Yo rekòmande trening ak oryantasyon paran si pitit ou a nan klas espesyal avèk ratio estaf ki se 8:1+1, 6:1+1, oswa 12:1+4 oswa si pitit ou a gen otis. Sa yo pa sèvis oryantasyon pou adilt epi yo pa fèt pou satisfè bezwen pèsonèl oswa bezwen edikasyon pa w.

Trening pou fè trajè

Sèvis fòmasyon pou trajè se sèvis akoutèm, konplè epi ki fèt espesyalman pou anseye elèv lekòl segondè ki gen andikap ki pa ni avèg ni gen pwoblèm pou wè, pou yo pran machin transpò piblik, epi pou yo kapab fè trajè ant lakay yo ak yon kote espesifik (anjeneral lekòl oswa travay).

Edikasyon jeneral avèk sèvis deklasifikasyon

Yo deklasifye elèv ki pa bezwen sèvis edikasyon espesyal ankò apre yo fin evalye yo. Elèv yo deklasifye p ap gen yon IEP ankò, men pou fasilite tranzisyon yo nan edikasyon jeneral, yo ka resevwa sèvis sa yo:

- Sipò enstriksyon
- Modifikasyon nan enstriksyon
- Akomodasyon/aranjman pou egzamen
- Related services

Sèvis sa yo kapab kontinye pou jiska yon ane apre yo fin deklase pitit ou a. Anplis, elèv yo deklase yo elijib pou kontinye resevwa Akomodasyon pou egzamen si yo presize sa nan avi IEP pou deklasman an. Elèv yo deklase nan klas 8yèm–12yèm ane kapab elijib pou opsyon gradyasyon Safety Net si dènye IEP yo a gen sa ladan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon pou gradyasyon, ale nan Seksyon 6: Gradyasyon pou Elèv ki gen IEP.

Seksyon 5

Apre yo fin kreye IEP a: Aranjman pou sèvis

Aranjman pou Sèvis

Avan reyinyon IEP a fini, ekip IEP a pral ba w yon kopi enprime paj **Pwogram ak Sèvis Edikasyon Espesyal yo Rekòmande** nan IEP a.

Ou ta dwe resevwa yon kopi vèsyon final IEP an nan 2 semèn apre reyinyon an. Si ou pa resevwa kopi IEP pitit ou an nan 2 semèn apre reyinyon an, kontakte ekip IEP pitit ou an. Ou pral resevwa tou yon **Premye Avi Alekri** nan lang ou prefere a, si se yon lang NYCPS kouvri jan yo defini sa a. Premye Avi Alekri a pral enfòme ou sou sèvis pitit ou an pral resevwa yo.

Lè NYCPS aranje sèvis, yo fè tout efò pou pitit ou an rete nan lekòl li ye an. Pi fò timoun ki gen andikap kapab ak ta dwe ale lekòl yo ta dwe ale a si yo pa te genyen andikap, menmsi se ta lekòl sektè zòn kote yo rete a oswa yon lekòl yo chwazi.

Sepandan, si pitit ou an ap resevwa sèvis nan yon lokal ki diferan avèk sa yo ale aktyèlman an, ou pral resevwa yon avi separe k ap enfòme w sou non ak adrès lekòl la. Si w ta vle aranje yon vizit pou lokal yo rekòmande w la, ou ta dwe kontakte moun ki nan avi an.

Fè aranjman pou sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la (Related Services)

Si yo rekòmande pitit ou an pou resevwa sèvis ki ede avèk bezwen espesyal li, NYCPS ap aranje l pou yo ba w sèvis sa yo. Si NYCPS pa kapab bay sèvis sa yo avèk pwòp estaf li oswa avèk estaf lòt ajans ki sou kontra, yo ka bay yon **Otorizasyon pou Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Service Authorization, RSA)**. Yon RSA pèmèt ou idantifye yon founisè endepandan sèvis apwopriye ki gen lisans. Y ap ba w sèvis sa yo san ou pa peye. Si yo bay yon RSA, y ap ba w eksplikasyon sou kòman pou itilize l, ak enfòmasyon pou jwenn founisè endepandan ki disponib. Genyen yon lis founisè endepandan ki disponib sou sitwèb nou an: https://www.schools.nyc.gov/special-education/supports-and-services/related-services/finding-an-independent-provider. Lekòl pitit ou a oswa CSE an ka ede w avèk pwosesis lan. Si ou ta gen kesyon oswa ta renmen èd nan jwenn yon founisè sèvis, ou ka kontakte moun yo mete sou lis nan RSA a pou kontakte an.

Pi fò elèv ki gen andikap kapab ak ta dwe ale lekòl ke yo ta dwe ale si yo pa te genyen andikap.

Aranje Sèvis pou Anglè kòm nouvo lang (ENL)

Yo rekòmande pitit ou an pou resevwa **Sèvis Anglè kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language, ENL)**, NYCPS pral chwazi yon pwofesè ENL pou bay sèvis sa yo. Si yon pwofesè ENL nan NYCPS pa disponib, y ap fè soti yon otorizasyon pou sèvis ENL. Sa ap pèmèt ou pou idantifye yon founisè ENL apwopriye, lisansye ak endepandan san ou pa peye. Otorizasyon ENL la pral di konbyen fwa ak dire sèvis yo.
Yo pral ba ou enfòmasyon konsènan moun pou kontakte nan NYCPS pou èd si w genyen kesyon oswa si ou pa kapab jwenn yon founisè disponib.

Aranjman pou Mwayen Transpò

Pi fò elèv ki gen IEP ale lekòl ak sot lekòl menm jan avèk elèv ki pa gen IEP. Si pitit ou an ale nan yon lekòl ki nan katye l, yo kapab mache pou ale lekòl la. Suivan distans lekòl la avèk lakay ou, pitit ou an ka resevwa yon MetroCard Vil Nouyòk pou pran transpò piblik oswa resevwa sèvis otobis lekòl. Sitwèb Biwo transpò elèv http://www.optnyc.org/home/default.htm genyen plis enfòmasyon sou elijibilte opsyon pou transpò yo.

Ekip IEP pitit ou an pral konsidere si pitit ou an bezwen sèvis otobis pòt an pòt poutèt andikap yo an Yo rele sa *Transpò epesyalize*. Si ekip IEP an jwenn pitit ou an bezwen sèvis otobis pòt an pòt, yo pral mete sa nan IEP pitit ou an. Aranjman pou sèvis otobis lan kapab pran plis pase 5 jou. Biwo Transpò Elèv (Office of Pupil Transportation, OPT) pral avize w alekri sou dat sèvis otobis la pral kòmanse. Si ou pa resevwa enfòmasyon nan OPT, rele liy telefòn dirèk la nan 718-392-8855 pou asistans. Pou plis enfòmasyon konsènan transpò espesyalize ak Akomodasyon pou transpò espesyalize, gade **Mwayen transpò espesyalize** nan Seksyon 4: Pwogram edikasyon endividyèl (IEP).

Konsantman Paran pou Sèvis Edikasyon Espesyal

Si pitit ou an pa janm resevwa sèvis edikasyon espesyal, ou pral mande pèmisyon alekri pou kòmanse sèvis yo. Yo pral mande w pou bay konsantman w pou sèvis edikasyon espesyal anba **Premye Avi Alekri an** epi voye li tounen nan adrès yo bay la. Si w pa dakò, pitit ou a ap rete nan edikasyon jeneral san l pa resevwa sèvis yo rekòmande yo. Lè yo resevwa konsantman w, y ap aranje sèvis edikasyon espesyal rekòmande yo.

Elèv ki deja ap resevwa Sèvis Edikasyon Espesyal

Si pitit ou an ap resevwa sèvis edikasyon espesyal deja, yo pa bezwen mande konsantman an ankò. **Premye Avi Alekri an** pral mete sou lis nenpòt chanjman yo rekòmande pou sèvis edikasyon espesyal pitit ou an. Y ap fè aranjman pou sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande a nan dat yo site nan Premye Avi Alekri an.

Si ou pa dakò avèk sèvis yo rekòmande nan Premye Avi Alekri an oswa IEP an, ou dwe kontakte ekip IEP pitit ou an pou eseye rezoud sa. Si ou pa ka dakò sou sèvis yo rekòmande yo, ou genyen pwoteksyon *due process*. Ou ka mande **Medyasyon** oswa yon **Jijman san patipri (Impartial Hearing)**. Yo diskite pwoteksyon sa yo nan Seksyon 8: Chèche sipò.

Anilasyon konsantman pou sèvis edikasyon espesyal

A nenpòt kilè apre konsantman pou sèvis edikasyon espesyal, ou ka anile konsantman espesifye an nan IEP pitit ou an. Demand lan dwe fèt alekri. Sepandan, si ou anile konsantman an, ou anile konsantman tou pou tout sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki ede avèk bezwen espesyal yo espesifye avèk nan IEP pitit ou an tou. Sa vle di pitit ou an pa pral resevwa nenpòt sèvis oswa Akomodasyon sa yo, ki genyen ladan transpò espesyalize, teknoloji pou ede, chanj an pwogram yo, Akomodasyon pou tès, oswa elijiblite evalyasyon altène. Anplis, si ou anile konsantman an, pitit ou an pa p elijib ankò pou pwoteksyon sou disiplin pou elèv ki gen andikap (ladan **Evalyasyon pou detèmine konpòtman, Manifestation Determination Reviews, MDRs)**). Pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon nan disiplin pou elèv ki gen andikap, gade **Glosè Tèm yo** oswa Avi sou dwa paran nan pwosè (Procedural Safeguards Notice) nan https://www.schools.nyc.gov/special-education/help/your-rights. Ou pa ka anile konsantman pou yon pòsyon sèlman Edikasyon Espesyal la ak sèvis pou ede avèk andikap.

Si ou pa dakò avèk tout oswa kèk nan rekòmandasyon IEP yo, men pa swete anile konsantman w pou pwovizyon sèvis edikasyon espesyal yo, ou ta dwe kontakte ekip IEP pitit ou an. Si ou pa ka jwenn yon antant, ou ka itilize pwosedi san yon odyans pwosedi legal Medyasyon oswa Jijman san patipri ki nan seksyon 8 la. Chèche sipò.

Ekip IEP pa ka itilize pwosedi san yon odyans pwosedi legal Medyasyon oswa Jijman san patipri pou mande pou yo bay pitit ou sèvis san konsantman ou.

Konsantman pou mande Medicaid peye

NYCPS pral mande fanmi ki gen timoun ki gen IEP pou siyen yon konsantman ki pèmèt NYCPS mande Medicaid peye yon pòsyon nan depans sèvis edikasyon espesyal yo. Yo mande tout fanmi pou siyen fòm sa a kèlkeswa estati Medicaid yo. Sa a pa gen okenn enpak sou fanmi an, eksepte ke sistèm lekòl la pral genyen plis lajan pou sèvi elèv ki gen IEP.

Si fanmi w gen Medicaid, yo p ap anile kouvèti Medicaid la, kantite kòb Medicaid etabli pou peye pou dire vi a p ap vin pi piti, ni sa p ap afekte sèvis ke fanmi w ap resevwa nan okenn fason lè nou gen aksè nan avantaj Medicaid yo. Yo p ap oblije w pou enskri pou jwenn Medicaid pou pitit ou resevwa sèvis ki nan IEP li a.

Kalandriye Plasman

Jeneralman yo mande NYCPS pou bay pitit ou a yon plas jan yo rekòmande l nan IEP elèv la tankou:

- Si se premye fwa yo refere pitit ou a nan edikasyon espesyal, pitit ou a ap resevwa yon plasman nan espas 60 jou lekòl apati dat ou te bay konsantman w pou evalye pitit ou a.
- Si pitit ou a deja ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, pitit ou an pral resevwa yon plasman nan espas 60 jou apati dat yo fè rekòmandasyon pou yon lòt evalyason.

Sepandan si w retade pwosesis evalyasyon an san rezon, rekòmandasyon

ak/oswa pwosesis plasman, yo ka ajiste kalandriye a.

P-1 Lèt

Si yo rekòmande pitit ou an pou yon klas espesyal epi ou pa jwenn yon òf plasman nan kalandriye an,ou ka resevwa yon **lèt P-1**.

Yon lèt P-1 bay dwa pou enskri pitit ou nan yon pwogram edikasyon espesyal apwopriye nan yon lekòl prive lajounen Depatman Edikasyon Eta Nouyòk apwouve (NYSED-lekòl leta apwouve). Se NYCPS k ap peye pou plasman sa a pou ane lekòl sa a. Yon lis lekòl ki pa lekòl leta ke NYSED apwouve pral akonpaye avi an.

Si ou genyen kesyon konsènan pwosesis sa a oswa bezwen asistans, ou dwe kontakte reprezantan yo site anba lèt P-1.

Seksyon 6

Gradyasyon pou elèv ki gen IEP

Gradyasyon nan Lekòl Segondè

Yo ankouraje tout elèv,ki genyen ladan elèv avèk andikap,pou yo travay pou pran diplòm ki pi wo an ki se yon opsyon disponib pou yo tout. Nan lekòl segondè,ou dwe travay ansanm avèk pitit ou an, konseye pedagojik ak pwofesè yo pou planifye toulede akademik ak pèsonèl reyisit pou kreye opòtinite pou pitit ou apre lekòl segondè. Pi ba a gen yon rezime lekòl segondè ak commencement credentials disponib pou elèv ki gen andikap. Pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou kondisyon gradyasyon, tanpri ale sou: https://www.schools.nyc.gov/school-life/rules-for-students/graduation-requirements.

Opsyon diplòm

Nan leta Nouyòk, elèv ka gen twa tip diplòm:

1. Diplòm Regents
2. Diplòm Regents avanse
3. Diplòm lokal

Tout diplòm sa yo se diplòm lekòl segondè ki valid. Yon diplòm Regents avanse kite elèv montre kapasite anplis nan matematik, syans, ak lt lang ki pa anglè.

Pou elèv pran yon diplòm, yo dwe pran kredi kou espesifik ak pase egzamen Regents espesifik. Tout elèv ka pran Egzamen Regents yo plis pase yon fwa. Si w panse pitit ou a pa sou wout pou l gradye a, tanpri pale avèk konseye pedagojik lekòl la imedyatman.

Egzamen

Elèv yo dwe pase senk Egzamen Regents pou genyen yon Diplòm Regents oswa kat Egzamen Regents ak yon lòt kredi apwouve oswa egzamen (pafwa refere ak 4+1 opsyon). Tout elèv dwe genyen 44 kredi pou yo ka resevwa yon diplòm.

Elèv ki gen andikap ka genyen yon Diplòm Lokal atravè Safety Net Options. One Safety Net option pèmèt elèv ki gen andikap gradye avèk yon Diplòm Lokal nan pran diferan nòt egzamen.

Elèv ka genyen yon Diplòm Regents avanse (Advanced Regents Diploma) nan pase anpil egzamen Regents.

Pale avèk konseye pedagojik ak ekip IEP a pou aprann plis sou egzamen Regents ak lòt fleksibilite. Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou https://www.schools.nyc.gov/school-life/rules-for-students/graduation-requirements.

Sètifika ki montre konpetans pou travay (Commencement Credentials)

Akote opsyon diplòm yo dekri yo, elèv avèk IEP yo ka genyen tou sètifika ki pa diplòm (Commencement Credentials).

- Sètifika nan Seremoni gradyasyon Devlòpman Karyè ak Etid pwofesyonèl *Career Development and Occupational Studies* (CDOS)
- Abilite ak akonplisman pou sètifika ki pa diplòm

Yo prepare pwogram Career Development and Occupational Studies (CDOS) Commencement Credential pou rekonèt konesans ak kapasite elèv ki montre yo prè pou kòmanse yon karyè dapre estanda aprantisaj CDOS nan Eta Nouyòk. Elèv nan lekòl segondè ki patisipe nan opòtinite aprantisaj ki baze sou travay ak/oswa karyè ak klas edikasyon teknik (CTE) pi byen prepare pou lavi apre lekòl. Eksperyans sa yo ede elèv detèmine karyè yo ak enterè yo e yo se souvan yon pati kle nan yon pwogram akademik difisil. Eksperyans devlòpman karyè konplemante men li pa ranplase yon pwogram akademik rich. **Tout elèv** ka genyen papye CDOS anplis yon diplòm (ladan elèv ki pa gen IEP). Yo ka itilize konpetans CDOS tankou opsyon "+1" si yon elèv pase 4 egzamen Regents, ki konplete kondisyon tès la pou elèv la.

Sètifika pou konpetans ak reyalizasyon (The Skills and Achievement Commencement Credential, SACC) rekonèt kapasite elèv yo, fòs yo, ak nivo endepandans akademik yo, devlòpman karyè, ak kapasite pou konstui fondasyon yo bezwen pou viv apre lekòl, kapasite pou aprantisaj ak kapasite pou travay. Se sèl elèv ki gen andikap grav ki patisipe nan NYSAA ki elijib pou SACC. SACC mande omwen 12 zan edikasyon (san kindergarten).

Papye CDOS ak SACC pa ekivalan avèk diplòm lekòl segondè. Yo pa mande elèv pou pran kredi oswa pase egzamen. CDOS ak SACC bay pito opòtinite pou elèv devlope ak demontre konesans

ak kapasite ki ka ede yo reyisi nan eksperyans travay apre lekòl segondè. Lè yon elèv gradye avèk papye CDOS oswa SACC kòm sèl papye (san yon diplòm lekòl segondè), yo pa garanti elèv la djòb lè yo mande yon diplòm epi yo pa kalifye pou antre nan lame oswa anpil kolèj ak enstitisyon apre lekòl segondè. Elèv ki pran papye sa yo elijib pou kontinye ale lekòl jiskaske yo pran yon diplòm lekòl segondè oswa jiska fen ane lekòl kote yo vin gen laj 21 ane (kèlkeswa sa ki rive an premye).

Kondisyon pou diplòm

Pou pran yon diplòm, elèv yo dwe gen 44 kredi.

8 Kredi **Anglè**	**8** Kredi **Syans Sosyal**	**4** nan Istwa Jeneral **2** nan Istwa Etazini, **1** nan Gouvènman ak **1** nan Ekonomi
6 Kredi **Matematik** (Omwen **2** kredi nan Matematik Avanse)	**6** Kredi **Syans** (minimòm **2** Syans Lavi ak **2** Syans Fizik)	**2** Kredi **Lang** lòt lang ki pa anglè (**6** kredi pou diplòm Regents avanse)
2 Kredi nan **Arts**	**4** Kredi **Edikasyon Fizik**	**1** Kredi **Sante**
7 Kredi **Ochwa** (**3** kredi pou diplòm Regents Avanse)		

Yon elèv ki gen yon andikap ka pa oblije satisfè kondisyon lang ki pa Angle si IEP yo di ke li pa apwopriye akòz andikap yo.

BRONX
LEHIGH
The College at
BROCKPORT
STATE UNIVERSITY OF NEW YORK
LEHIGH

MERCY COLLEGE
MERCY COLLEGE
NEW YORK
MERCY COLLEGE
NEW YORK

Seksyon 7

Lavi apre lekòl segondè—Planifikasyon kolèj, karyè ak etid siperyè

Nou vle asire nou ke tout elèv genyen yon edikasyon ki ba yo pi bon opòtinite pou kolèj, karyè, ak moyen pou yo viv endepandan apre lekòl segondè. Planifye nan lekòl presegondè ak lekòl segondè pral asire w ke pitit ou an pi gwo kantite opsyon. Li enpòtan pou elèv ak paran konprann jan kou ak egzamen yo pran nan lekòl presegondè ak segondè adapte avèk objektif elèv yo pou lavi apre lekòl segondè. Yo ankouraje tout elèv, ladan elèv ki gen andikap, pou yo travay pou pran opsyon diplòm ki pi wo ki disponib pou yo a. Lè w nan lekòl segondè,ou dwe travay ansanm avèk pitit ou an, konseye pedagojik ak pwofesè yo pou planifye toulede akademik ak pèsonèl reyisit pou kreye opòtinite pou pitit ou apre lekòl segondè. Nan premye ane lekòl segondè pitit ou an, diskite opsyon diplòm avèk ekip IEP yo. Kòm yon paran, patisipasyon w nan plan tranzisyon enpòtan anpil nan siksè pitit ou an. Ou pral travay avèk estaf nan lekòl pitit ou anpou kreye plan tranzisyon ki reflete nan objektif pitit ou yo, dezi ak kapasite yo.

Anvan pitit ou an gradye nan lekòl segondè, ou pral resevwa yon avi alekri ki idantifye diplòm oswa konesans endepandan pitit ou an pral resevwa ak enfòme w ke pitit ou an pa elijib ankò pou resevwa yon FAPE apre gradyasyon. Si pitit ou an soti lekò avèk swa CDOS Commencement Credential oswa Skills ak Achievement Commencement Credential kòm sèl konesans endepandan yo posede, y ap resevwa asirans alekri ke yo pa elijib pou ale lekòl nan ane lekòl lè yo vini gen laj 21. Pou jwenn plis enfòmasyon ki fèk parèt ajou sou kondisyon gradyasyon, ak lòt resous valab pou planifye chemen lekòl presegondè ak segondè, tanpri ale sou https://www.schools.nyc.gov/school-life/rules-for-students/graduation-requirements.

Planifikasyon pou tranzisyon

Planifikasyon pou tranzisyon se pwosesis yo itilize pou asire ke elèv ki te benefisye Pwogram Edikasyon Endividyèl yo (Individual Education Program, IEP) prepare pou lavi a aprè lekòl segondè. objektif li se pou bay yon estrikti debaz pou prepare elèv/timoun ou an pou li ka viv, travay ak jwe nan kominote a, nan tout kapasite ak endepandans posib. Pandan pwosesis sa, ou menm, timoun ou an, estaf lekòl, manm fanmi yo, ak/oubyen òganizasyon kominotè yo ap pataje enfòmasyon, mete nou dakò sou divès objektif, epi kreye yon plan pou lavi timoun ou an aprè lekòl segondè. Baze sou fòs pitit ou, preferans, ak enterè, yo idantifye aktivite ak sèvis yo pou ede pitit ou akonpli objektif. Bagay sa yo rele **Seri Aktivite Tranzisyon ki Kowòdone (Coordinated Set of Transition Activities).** Pwosesis fòmèl planifikasyon tranzisyon an kòmanse nan ane kote timoun ou a vin genyen laj 12 ane (oswa pi bonè si sa apwopriye), nan moman yo

fè premye evalyasyon pwofesyonèl la. Planifikasyon tranzisyon ak sèvis se yon pwosesis ki kontinye pandan tout tan eksperyans lekòl pitit ou an, k ap fini avèk yon **Rezime sòti elèv la**.

Pou enfòmasyon detaye konsènan planifikasyon tranzisyon, gade Gid Fanmi pou Planifikasyon Tranzisyon (Family Guide to Transition Planning): Prepare elèv avèk IEP pou lavi apre lekòl (Life After High School) nan www.schools.nyc.gov/specialeducation.

Apèsi sou kondisyon pou sèvis tranzisyon

Lwa federal ak lwa Nouyòk ansanm avèk règleman yo pwoteje dwa timoun ki gen andikap ak fanmi yo pou asire ke tout elèv ki gen andikap jwenn aksè nan FAPE. Lwa ak règleman sa yo bay anpil prensip ki enpòtan nan planifikasyon tranzisyon pou elèv ki gen andikap. Men kèk bagay ki garanti anba lwa federal ak/oswa lwa Nouyòk ak règleman:

- Yo dwe fè yon evalyasyon pou vokasyon pou elèv ki gen andikap pandan ane elèv la ap gen 12 zan an. Pou aprann plis bagay sou evalyasyon vokasyon yo, gade seksyon **Tranzisyon ak evalyasyon vokasyon** pi ba a.
- Apati depi pitit ou a gen laj 14 ane, ekip IEP an pral kòmanse konsidere objektif pitit ou a pou lavi apre lekòl segondè. Yo rele faz sa a **objektif pou apre lekòl segondè ou kamezire**. Objektif sa yo konsantre sou edikasyon, anplwa ak konpetans pou viv endepandan (si nesesè). Nan menm tan sa a, ekip IEP pral kòmanse detèmine aktivite ki pral sipòte pitit ou a pou satisfè objektif apre lekòl segondè yo. Yo rele sa yo **Ansanm kowòdone aktivite tranzisyon**. Pou jwenn plis enfòmasyon, li sekyon **Tranzisyon ak Pwogram Edikasyon Endividyèl la (IEP)**.
- Lè gen yon ajans ki vle responsab pou bay oswa sipòte sèvis andeyò lekòl oswa apre lekòl segondè, ekip IEP an pral mande w konsantman w pou envite yon reprezantan ki soti nan ajans lan nan nenpòt reyinyon IEP kote yo pral pale sou tranzisyon. Ou ka aprann plis sou ajans sa yo nan tablo nan seksyon Resous yo **Ajans Sèvis Tranzisyon ak Sistèm Sèvis Adilt**.
- Yo dwe envite pitit ou an nan reyinyon IEP a pou pale sou Sèvis Tranzisyon. Kòm yon manm esansyèl nan ekip IEP a, li pral kapab pale sou fòs li, preferans li ak sa ki enterese l. Si elèv la pa kapab al nan reyinyon an, ekip IEP an dwe asire l ke preferans ak enterè elèv la ap konsidere ak reflete nan IEP a.

Tranzisyon ak evalyasyon pou Vokasyon

Tranzisyon ak evalyasyon pwofesyonèl ede timoun ou an reflechi sou sa li vle fè aprè lekòl segondè epi kòman li kapab rive fè yo. Yo sèvi avèk yo pou jwenn enfòmasyon sou kapasite timoun ou an, sou preferans li, sou konpòtman li, sou sa ki enterese li pou yo kapab idantifye objektif li pou lavni nan domèn edikasyon, pou lavi, pèsonèl, nan kominote ak karyè. Anplis, yo ede ekip IEP pou kreye yon plan edikasyon endividyèl bon jan kalite ak plan tranzisyon pou pitit ou.

Evalyasyon Tranzisyon yo sible enterè travay pitit ou, preferans li ak kapasite l. Yo bay enfòmasyon kle ki pral ede detèmine objektif pitit ou yo pou lavi apre lekòl segondè.

Evalyasyon pwofesyonèl yo se yon tip evalyasyon pou tranzisyon. Evalyasyon pwofesyonèl yo ede w, pitit ou, epi lekòl la pran bon jan desizyon konsènan planifikasyon pou avni pitit ou k ap konsantre sou fòs, entèlijans, enterè ak dezi li. Yo ede pwofesè yo tou konprann kòman timoun ou a fonksyone kounye a nan sa ki gen rapò ak opòtinite li kapab jwenn nan opòtinite karyè li alavni. Yo konsantre nan idantifye nivo kapasite pitit ou an, konpetans ak sipò li bezwen.

Yo prepare tout evalyasyon sa yo pou sipòte ide otonòm oswa granmoun tèt li (self-determination). Granmoun tèt li vle di ke pitit ou an pral genyen mo nan ki chemen l ap pran, patikilyèman nan domèn edikasyon ak trening, anplwa, ak konpetans lavi endepandan.

Evalyasyon pwofesyonèl yo kapab *fòmèl* oswa *enfòmèl*.

Evalyasyon enfòmèl kapab genyen entèvyou, kesyonè, obsèvasyon, enterè envantè, evalyasyon preferans ak envantè planifikasyon tranzisyon. Evalyasyon enfòmèl yo itilize a baze sou laj ak kapasite timoun ou a.

Evalyasyon fòmèl genyen ladan tès sou aptitid, tès sou pèfòmans ak tès ofisyèl. Rezilta evalyasyon yo genyen yon konparezon avèk lòt elèv laj timoun ou an. Yo itilize evalyasyon fòmèl yo lè evalyasyon enfòmèl la pa bay ase enfòmasyon sou lekòl yo pou kreye yon bon jan planifikasyon tranzisyon pou pitit ou an.

Evalyasyon Tranzisyon yo sible enterè travay pitit ou, preferans li ak kapasite l.

Kòmanse nan ane kalandriye pitit ou an gen laj 12 zan, oumenm, pitit ou, ak lòt manm ekip planifikasyon an pral kòmanse pwosesis evalyasyon tranzisyon an nan kondui evalyasyon pwofesyonèl yo. Si timoun ou an gen plis pase laj 12 ane lè li resevwa premye IEP li, evalyasyon pwofesyonèl la pral fèt nan lè sa.

Evalyasyon pwofesyonèl Nivo I

Evalyasyon pwofesyonèl Nivo I se yon evalyasyon enfòmèl ki genyen 3 pati—yon pati elèv, yon pati paran, ak yon pati pwofesè. Yon revizyon dosye lekòl yo fè pati tou nan evalyasyon an. Evalyasyon an pran enfòsyon konsènan enterè pitit ou, preferans, ak objektif pou lavi apre lekòl tankou anplwa, edikasyon, oswa trening. Yo mete Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo I ajou lè sa nesesè avan chak reyinyon IEP.

Kòm paran, kontribisyon ou enpòtan pou pwosesis evalyasyon tranzisyon an. Asire w ou bay kontribisyon nan Evalyasyon pwofesyonèl nivo 1 ak nenpòt reyinyon IEP kote yo diskite evalyasyon yo.

Evalyasyon pwofesyonèl Nivo II

Si ekip IEP an deside ke yo bezwen plis enfòmasyon, yo ka rekòmande yon yon Evalyasyon Pwofesyonèl II. Yon Evalyasyon Pwofesyonèl II ka ede detèmine nivo konpetans pwofesyonèl elèv la, fòs, entèlijans ak enterè li yo. Sa se yon evalyasyon fòmèl ki itilize yon enstriman regilye/ofisyèl ki teste konpetans ak kapasite. Li ka genyen

ladan envantè enterè ak enfòmasyon detaye konsènan pèsepsyon, mouvman, espasyal, vèbal, ak/oswa konpreyansyon nimerik, atansyon ak/oswa estil aprantisaj yo jwenn nan evalyasyon fòmèl.

Evalyasyon pwofesyonèl Nivo III

Yon evalyasyon pwofesyonèl an sitiyasyon, pafwa yo rele l Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo III ke yo ka ranpli lè yon elèv ap patisipe nan yon eksperyans aprantisaj ki baze travay reyèl oswa simile oswa genyen yon travay. Eksperyans aprantisaj ki baze sou travay gen ladan yo estaj ki peye ak estaj ki pa peye, travay sèvis kominotè ak benevola, ak travay ki peye. Nan yon evalyasyon pwofesyonèl an sitiyasyon, yo obsève elèv la nan ranpli tach ki gen rapò ak travay li.

Aprèsa, yo bay elèv la fidbak ki ap ede li devlope konpetans li yo pou li ka garanti yon eksperyans travay ki reyisi kounye a ak nan lavni. Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo III kapab founi enfòmasyon itil pou soutni reyisit yon elèv kote l ap travay la.

Tranzisyon ak Pwogram Edikasyon Endividyèl lan (IEP)

Egzanp sa yo eksplike seksyon IEP yo pi enpòtan pou planifikasyon tranzisyon. Sepandan, yo pral pran an konsiderasyon enfòmasyon ki sòti nan evalyasyon pwofesyonèl ki nan tout IEP a.

Yo pale sou opsyon pou gradyasyon ak planifye yo nan reyinyon IEP yo. Li vrèman enpòtan pou sonje kritè pou chanje klas yo, kou yon elèv suiv yo epi si li patisipe nan evalyasyon altènativ ou estanda, tout sa yo genyen enpak sou opsyon gradyasyon yo ki disponib pou yon elèv. Yo dwe konsidere faktè sa yo nan chak reyinyon IEP pou asire ke elèv la sou wout pou li atenn objektif apre lekòl segondè li yo. Pou jwenn enfòmasyon pi ajou sou opsyon gradyasyon sou ak kondisyon yo ale sou https://www.schools.nyc.gov/school-life/rules-for-students/graduation-requirements.

Objektif Apre-lekòl Segondè yo ka mezire

IEP pitit ou an pral kòmanse avèk objektif apre lekòl segondè mezire depi laj 14 zan (oswa a yon laj ki pi piti, si posib) Objektif yo ka mezire apre lekòl segondè endike sa timoun ou an vle fè oubyen reyalize aprè lekòl segondè. Yo prepare objektif apre lekòl segondè mezirab pitit ou an an pati nan enfòmasyon yo kolekte nan tranzisyon ak evalyasyon pwofesyonèl. Pandan reyinyon IEP an, ekip IEP ki

genyen ladan oumenm ak pitit ou (lè y ap diskite tranzisyon), pral revize evalyasyon sa yo ak objektif apre lekòl segondè pitit ou yo. Li enpòtan pou konprann ke objektif pitit ou yo pou apre lekòl segondè ka chanje anpil fwa kou enterè yo ap devlope. Pou rezon sa a, yo ap revize ak mete ajou objektif apre lekòl segondè yo chak ane, ansanm avèk rès IEP la. Ou kapab jwenn objektif apre lekòl segondè mezirab nan domèn:

- Edikasyon/Fòmasyon
- Djòb
- Viv yon fason endepandan (si bezwen)

Objektif Anyèl

Objektif anyèl yo dekri sa yo atann pitit ou an ka reyalize nan yon ane. Yo mete objektif yo avèk kapasite akademik, sosyal, ak fizik ke pitit ou an bezwen pou reyalize objektif yo pou lavi apre lekòl. Yo devlope toulede objektif apre lekòl segondè ak objektif anyèl yo ki baze sou kalite ak bezwen endividyèl epi konekte avèk enterè ak dezi pou lavi apre lekòl segondè.

Egzanp Objektif

Tandiske objektif anyèl fokis sou sa pitit ou pral reyalize nan yon ane lekòl, objektif apre lekòl segondè mezirab fokis sou sa pitit ou an pral fè apre lekòl. Chak timoun diferan, se menm jan plan lavi yo diferan apre lekòl segondè. Pi ba a gen yon egzanp yon plan inik pou apre lekòl ki gen sipò objektif anyèl apre lekòl segondè ou ka mezire.

Egzanp: Si Elèv A vle kondui kamyon komèsyal apre lekòl segondè, yo ta dwe aprann konpetans yo bezwen pou pase egzamen lisans chofè kamyon komèsyal yo. Objektif anyèl Elèv A pral sipòte objektif apre lekòl segondè an pou vini yon Chofè kayon komèsyal.

Objektif apre-lekòl segondè ou ka mezire: *Apre gradyasyon nan lekòl segondè, Elèv A pral jwenn yon travay a plen tan kòm yon chofè kamyon long distans.*

Objektif Anyèl: *Elèv A pral detèmine sans mo ak fraz yo jan yo itilize yo nan yon tèks ki pa reyèl avèk 75% presizyon nan 3 sou 4 esè, jan yo mezire sa nan eksplikasyon aloral la.*

Seri kowòdone aktivite tranzisyon

Seri aktivite tranzisyon ki kowòdone yo se aktivite ak sèvis ki pral ede pitit ou a jwenn konpetans nesesè pou atenn objektif li yo. IEP pitit ou an pral kòmanse lè yo konsidere yon ansanm kowòdone aktivite tranzisyon ki kòmanse depi laj 14 ane (oswa nan yon laj ki pi piti, si posib). Yo baze aktivite ak sèvis sa yo sou bezwen endividyèl pitit ou a, fòs li, preferans ak enterè li. Pou chak aktivite, yo idantifye moun ki responsab pou aktivite oswa sèvis jeneralman lekòl oswa yon lòt ajans.

Yo divize ansanm kowòdone aktivite tranzisyon yo an 6 kategori:

- Eksplikasyon
- Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services)
- Eksperyans onivo kominote
- Devlòpman pou djòb ak lòt objektif pou viv kòm adilt lè l fin lekòl
- Ranmase ladrès pou viv chak jou (si posib)
- Evalyasyon pwofesyonèl pou fonksyone (si se ka a)

Wòl Planifikasyon tranzisyon

Bagay sa a eksplike ke wòl chak manm ekip IEP nan pwosesis planifikasyon

4 Gade ekplikasyon NYSED sou kòman pou vin gen kapasite pou viv chak jou nan https://www.nysed.gov/special-education/transition-school-post-school-students-disabilities

IEP gen rapò avèk planifikasyon tranzisyon an. Anplis, yo mande tout lekòl presegondè ak lekòl segondè pou idantifye yon Lidè Ekip Tranzisyon an pou ede bay lidèchip ak prensip pou ekip la asire ke yo satisfè bezwen tranzisyon elèv yo epi yo sou wout pou gen siksè apre lekòl segondè.

Elèv

- aprann sou pwosesis planifikasyon tranzisyon
- ranpli pati evalyasyon pwofesyonèl yo.
- Eksplore enterè ak evalyasyon pwofesyonèl oswa opsyon karyè.
- Devlope konpetans defans pwòptèt ou (paegzanp, yo dwe aprann pou eksprime enterè, preferans, ak objektif).
- Reflechi sou fòs ak bezwen pou detèmine opsyon gradyasyon ki pi apwopriye pou yo.
- Idantifye kou apwopriye avèk karyè ak/oswa konseye pedagojik
- aprann sou andikap yo ak jwenn sipò apre lekòl segondè, si posib.
- patisipe aktivman nan reyinyon IEP yo.
- Poze kesyon konsènan kondisyon gradyasyon, opsyon diplòm yo ak nenpòt lòt bagay

Paran/Responsab

- Aprann sou pwosesis planifikasyon tranzisyon
- Pataje obsèvasyon, panse, ak enkyetid ou konsènan fòs pitit ou, bezwen ak preferans li avèk lekòl la ak ekip IEP an.
- Ranpli pòsyon paran evalyasyon pwofesyonèl la
- Ede pitit ou eksplore sa ki enterese l kounye a ak objektif li pou lavni
- Defann timoun ou a epi ede l devlope kapasite oto-defans
- Chèche konesans sou kondisyon gradyasyon, pakou diplòm, opsyon apre lekòl, ak resous (gade **Seksyon 7: Gradyasyon elèv ki genyen IEP** pou plis enfòmasyon)
- Detèmine asistans pitit ou pral bezwen pou vini pi endepandan posib.
- Idantifye moun, ajans kominotè, ak lòt resous ki ka ede pitit ou rive atenn objektif li.
- Si yo idantifye yon **Ajans sèvis tranzisyon** (yo rele tou “Ajans k ap Patisipe”) konsidere bay konsantman w pou envite yon reprezantan ajans lan nan reyinyon IEP an (Gade Seksyon Resous la *Ajans sèvis tranzisyon yo ak sistèm sèvis Adilt yo*)
- Patisipe aktivman nan reyinyon IEP pitit ou a
- Kenbe dosye sèvis ki gen avèk tranzisyon ak aktivite yo.
- Poze kesyon

Pwofesè/Responsab dosye

- Ede pitit ou eksplore objektif pou lavi apre lekòl segondè
- Bay anpil evalyasyon tranzisyon pou aprann sou atou pitit ou an,bezwen, enterè, ak treferans ki gen rapò avèk edikasyon, djòb ak viv yon fason endepandan.
- Travay avèk pitit ou pou devlope objektif mezire apre lekòl segondè
- Angaje pitit ou nan yon ansanm kowòdone aktivite tranzisyon ki konstui sou objektif

- Vini familye avèk ajans eksteryè ak pwogram yo epi konekte fanmi yo avèk ajans enpòtan, nan ka apwopriye
- kowòdone reyinyon IEP yo avèk tout pati yo
- Angaje fanmi nan pwosesis, tankou bay konsantman nan men moun lè bezwen (paegzanp, envite yon ajans patisipe)
- Bay eksplikasyon klè sou konpetans pwòp detèminasyon w ak pwòp defans ou
- Bay enfòmasyon sou dwa endividi ki gen andikap
- Ankouraje pitit ou kominike avèk estaf lekòl la konsènan objektif IEP yo.

Wòl Konseye Lekòl la

- Ede enterè karyè pitit ou an ak konpetans pou pou pran chemen karyè dezire.
- Devlope yon plan pou tan pitit ou an nan lekòl segondè, ansanm avèk pitit ou a ak lòt manm ekip IEP an
- Devlope/mete ajou plan tranzisyon anyèl pitit ou an, ansanm avèk elèv la ak lòt manm ekip IEP an
- gide konvèsasyon konsènan fòs, enterè, bezwen ak objektif pitit ou a.
- Diskite kondisyon gradyasyon yo, pakou diplòm, opsyon apre lekòl, ak resous avèk elèv la ak fanmi li
- Bay konsèy sou kou yo ki pral ede pitit ou an atenn objektif li yo.

Ankouraje pitit ou an pou aprann pwosesis planifikasyon tranzisyon

Reprezantan Ajans Sèvis Tranzisyon

Yon **Ajans Sèvis Tranzisyon** (yo konnen sou non “ajans k ap patisipe”) se yon ajans ki gen tandans bay oswa peye pou sèvis apre pitit ou an kite lekòl segondè. Si yon ajans pral responsab pou bay sèvis oswa peye pou sèvis, lekòl pitit ou an dwe ede w idantifye ajans sa a epi mande konsantmanpou envite yon repezantan ajans sa a pou vini nan reyinyon IEP pitit ou an. Pou plis enfòmasyon konsènan ajans k ap patisipe yo, gade seksyon Resous la *Ajans Sèvis Tranzisyon ak Sistèm Sèvis Adilt* .

- Ale nan reyinyon IEP yo, lè yo envite w
- Si ajans k ap patisipe a pa ale nan reyinion IEP an lè yo envite li, yo dwe enplike reprezantan ajans k ap patisipe an nan sèvis tranzisyon planifikasyon.
- Patisipe aktivman avèk lòt manm ekip IEP pou asire ke genyen yon konpreyansyon pataje konsènan plan ak sèvis.
- Bay enfòmasyon sou resousak sipò disponib pou ede pitit ou atenn objektif yo
- Bay sèvis nesesè ak sipò pou ede pitit ou reyalize objektif li yo
- Eksplike sèvis yo ka bay apre pitit ou an fini kite lekòl la.

Seksyon 8

Chèche sipò

Dwa Paran

Patisipasyon w nan edikasyon pitit ou an ak pandan pwosesis IEP an enpòtan anpil.

Yo ap ba ou yon kopi Avi pou Sovgade Pwosedi (Procedural Safeguards Notice) nan plizyè pwen pandan patisipasyon pitit ou an nan edikasyon espesyal. Avi sa a genyen yon deklarasyon dwa w ak wòl kòm paran pitit ou ki gen andikap. Li disponib nan sitwèb NYCPS nan https://www.schools.nyc.gov/special-education/help/your-rights.

Pou asire w ke ou kapab egzèse dwa patisipasyon ou plènman, ou genyen dwa sa yo:

Dwa pou gen tout enfòmasyon

Yo dwe avize w kòmsadwa, nan lang ou pito pale oswa mòd Kominikasyon ou pito a, sou dwa ou genyen nan pwosesis desizyon y ap pran pou edikasyon pitit ou.

Dwa pou bay konsantman

Gen kèk enstans idantifye nan Gid fanmi sa a kote y ap mande w pou bay konsantman w. Anvan ou bay konsantman w, lekòl la oswa CSE dwe enfòme w plènman nan lang prefere ou tout enfòmasyon enpòtan sou aksyon ke y ap bay konsantman yo an. Si ou bay konsantman ou, sa vle di ke ou konprann ak aksepte alekri aksyon sa a.

Konsantman se yon bagay volontè. Ou ka anile konsantman an ou a nenpòt moman. Anilasyon konsantman w lan pa defè yon aksyon ki te fèt apre ou te fin bay konsantman w lan ak avan ou te anille l.

Dwa w pou patisipe

Ou gen dwa pou patisipe nan tout priz desizyon sou edikasyon konsènan pitit ou. Ou ka egzèse dwa sa a nan ale nan reyinyon IEP yo. Ou se yon manm enpòtan ekip IEP pitit ou, epi lekòl la oswa CSE pral travay avèk ou pou asire ke ou ka ale nan reyinyon sa yo.

Ou ka egzèse dwa w tou nan patisipe ak mennen lòt endividi ki gen konesans oswa ekspètiz espesyal konsènan pitit ou oswa andikap yo nan reyinyon IEP yo.

Si w mande yon entèprèt nan reyinyon IEP yo, NYCPS dwe ba w youn.

Dwa pou konteste

Ou gen dwa poze kesyon konsènan desizyon lekòl la pran konsènan pitit ou a. Ou ka mande yon mediyasyon oswa yon jijman san patipri pou konteste nenpòt desizyon k ap afekte edikasyon pitit ou a oswa pou rezoud dezakò. Si w mande yon entèprèt pou patisipe nan reyinyon medyasyon oswa jijman san patipri, NYCPS ap bay youn.

Yo diskite Pa Konteste Chaj ou a—ki genyen ladan medyasyon ak jijman san patipri—nan plis detay nan seksyon pi ba a konsènan Rezolisyon pwoblèm.

Ou gen dwa pou patisipe nan tout priz desizyon sou edikasyon konsènan pitit ou.

Dwa pou ale ann apèl

Ou gen dwa mande pou rekonsidere desizyon yon Fonksyonè Odyans san patipri nan New York State Review Officer. Ou gen dwa tou mande pou rekonsidere desizyon pou lakou federal la State Review Officer.

Si NYCPS mande pou rekonsidere desizyon yon ajan odyans san patipri, ou gen dwa pou konteste apèl sa a.

Pou plis enfòmasyon sou jijman san patipri ak apèl, gade seksyon pi ba a konsènan **Rezolisyon pwoblèm**.

Dwa ou genyen pou yon lòt manm paran anplis sètifye pou patisipe nan reyinyon IEP an

Ou gen dwa pou mande pou yon lòt manm paran sètifye pou prezan nan reyinyon IEP a. Ou dwe mande ekip IEP pitit ou a sa omwen 72 èdtan avan reyinyon an, alekri.

Dwa pou Jwenn ak/oswa egzamine Dosye Lekòl Pitit ou

Ou gen dwa tou pou jwenn ak/oswa egzamine nenpòt kopi nan dosye lekòl pitit ou a.

Anvan yon reyinyon IEP, ou ka prepare nan revize ak konsidere tout rapò ak evalyasyon ke yo ta ka konsidere. Pou mande rapò sa yo ak evalyasyon yo anvan reyinyon an, ou ka fè demand lan nan ekip IEP pitit ou an.

Pafwa paran yo pa dakò avèk deklarasyon yo fè nan dosye pitit yo. Si se ka a, ou ka mande, alekri, pou rankontre avèk lekòl la oswa prezidan CSE a pou pale sou pwen dezagreman yo. Tanpri gade Regleman Chanselye A-820, “Konfidansyalite ak Piblikasyon Dosye Elèv; Konsèvasyon Dosye” nan https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations pou plis enfòmasyon.

Dwa pou pwosedi regilye

Ou gen dwa pou defye desizyon ekip IEP yo konsènan elijiblite, evalyasyon, sèvis, ak plasman. Si w pa dakò avèk aksyon oswa refi ekip IEP a pou pran aksyon nan pwoblèm sa yo, ou ka mande **medyasyon** oswa **jijman san patipri**.

Rezoud Pwoblèm

Si w bezwen èd oswa si w gen kesyon sou pwogram ak sèvis edikasyon pitit ou a, gen plizyè etap ou ka pran pou jwenn yon solisyon.

1. **Pale avèk ekip IEP pitit ou an.** Sa a dwe genyen ladan pwofesè yo, founisè sèvis ki anchene yo, sikològ lekòl la, oswa konseye pedagojik. Altènativman, si pitit ou an ale nan yon lekòl ki pa piblik, kontakte CSE. Pwofesyonèl sa yo travay dirèkteman avèk pitit ou epi konnen yo pi byen. Yo ka kolabore avèk ou pou garanti yo satisfè bezwen pitit ou yo satisfè.
2. **Fikse yon reyinyon avèk direktè a.** Direktè a pral diskite enkyetid ou, kolabore sou yon plan pou rezoud yo, ak asire ke estaf lekòl la enplemante plan an.

3. **Kontakte kowòdonatè sipò fanmi (Family Support Coordonator, FSC) nan biwo sipèentandan an.** FSC bay fanmi yo enfòmasyon ak resous. Yo travay tou etwatman avèk ou ak lekòl sou tout sijè, ki genyen ladan sa ki gen rapò avèk edikasyon espesyal.
4. **Imèl** SpecialEducation@schools.nyc.gov**.** Staff nan santral Special Education Office, ansanm avèk Borough oswa Citywide Office lekòl la, pral sipòte w nan jwenn yon rezolisyon.
5. **Rele liy telefòn dirèk edikasyon espesyal la nan 718-935-2007 oswa 311.** Yo pataje apèl 311 ki destine pou edikasyon espesyal yo nan biwo santral edikasyon espesyal yo. Yo ap sipòte w nan jwenn yon rezolisyon.
6. **Kontakte yon Sant Paran Edikasyon Espesyal nan New York State.** Sant Paran Edikasyon Espesyal Eta Nouyòk yo (New York State Special Education Parent Centers) bay paran elèv ki gen andikap yo enfòmasyon, resous, ak estrateji pou ede paran ak responsab yo konprann andikap pitit yo ak pwosesis edikasyon espesyal. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan www.nysed.gov/early-learning/suggested-websites-families.
7. **Mande pou Medyasyon** Genyen 24 Sant Rezolisyon Dispit Kominotè (Community Dispute Resolution Centers) atravè leta ki bay sèvis medyasyon, k ap opere sou kontra avèk depatman edikasyon leta a. Medyatè sa yo pa afilye avèk NYCPS; sèl objektif yo se rezoud pwoblèm amikalman ak efikasman.

   Pandan medyasyon, oumenm avèk yon manm ekip IEP a chita avèk yon twazyèm pati ki p ap fè patipri pou ede ak ankouraje oumenm ak NYCPS rive nan yon akò. Yon bon medyatè espesyal apwouve pral mennen medyasyon an. Pandan medyasyon an, oumenm ak NYCPS ap diskite

pwoblèm yo ak travay ansanm pou devlope yon solisyon mityèl agreyab.

Pou mande yon medyasyon, kontakte lekòl, CSE, oswa CPSE pitit ou a oswa ou ka kontakte direkteman Sant rezolisyon konfli kominote ki nan Borough w la. W ap jwenn plis enfòmasyon si w ale sou paj web Depatman edikasyon Eta Nouyòk la nan htpps://www.nysed.gov/special-education/mediation oswa si w ale sou www.nysdra.org.

8. **Mande yon jijman san patipri.** Kòm yon paran, ou gen dwa pou mande sa yo konnen kòm yon jijman san patipri (Impartial Hearing) Yo pèmèt NYCPS mande yon Jijman san Patipri pou rezoud pwoblèm limite, tankou jwenn konsantman paran pou yo evalye pitit ou. Yon Jijman san Patipri se yon pwosedi legal. Pandan yon jijman san patipri (Impartial Hearing) w ap parèt devan yon ofisye Impartial Hearing epi w ap prezante vèsyon pa w sou sitiyasyon an. Ajan Odyans lan se pa anplwaye NYCPS. Ajan Odyans lan ap tande oumenm ak reprezantan NYCPS la, l ap pran prèv nan men temwen ak dokiman, epi l ap pran yon desizyon alekri osijè kòman pou rezoud pwoblèm ou soulve a.

Demann pou jijman san patipri yo dwe fèt alekri ba biwo pou odisyon san patipri nan:

Office of Impartial Hearings
131 Livingston Street, Room 201
Brooklyn, New York 11201
718-935-3280

Demann ou fè pou Impartial Hearing dwe:

- Fèt alekri;
- Dekri fè ki gen rapò avèk pwoblèm ou genyen an ak solisyon ou pwopoze a;
- Site non pitit ou ak adrès ou; ak
- Nonme non Lekòl kote pitit ou ale a

Pou mande yon odyans san patipri, voye yon imèl nan adrès pi ba a: IHOQuest@schools.nyc.gov ak/oswa voye yon faks nan nimewo sa a: # **faks: (718) 391-6181**.

Pwosesis Jijman San pati pri (Impartial Hearing Office)

Si ou mande yon jijman san patipri, "atant" (yo rele pafwa "rete sou plas" aplike. Sa vle di pitit ou a ap rete nan plas kote yo mete l la pou dire nenpòt pwosesis jijman pwosedi regilye jiskaske pwoblèm lan rezoud oswa ou jwenn yon akò avèk NYCPS.

Rezolisyon

Nan espas 15 jou demann pou jijman san patipri (Impartial Hearing), NYCPS ap rankontre avèk ou pou rezoud pwoblèm ou dekri a nan demann lan.

Yo pa pral fè Reyinyon Rezolisyon nan twa enstans sa yo:

1. Si oumenm avèk NYCPS dakò **alekri** pou evite Reyinyon Rezolisyon an, yo dwe fè biwo Odisyon san Patipri a konnen epi y ap planifye yon jijman san patipri nan espas 14 jou kalandriye.
2. Si w anile demand pou Impartial Hearing lan, yo p ap bezwen fè yon Reyinyon rezolisyon.
3. Si apre NYCPS fè anpil atant ke yo dokimante pou planifye yon Reyinyon rezolisyon epi ou pa patisipe (ak/oswa ou pa t ekri pou evite Reyinyon rezolisyon an alekri), ou dwe fè Ofisye Hearing Officer konnen epi NYCPS gen dwa pou mande yo rejte demann ou an.

Pwosesis Jijman an

Apre fin resevwa yon demann, ou pral resevwa yon deskripsyon konplè pwosesis Impartial Hearing lan. Yo ka kontakte w nan telefòn pou pwograme yon Jijman san patipri. Y ap avize w alekri sou dat pwograme an, lè, ak lokal.

Ou gen dwa pou gen yon avoka prezan nan seyans lan. Si w swete pou yon avoka reprezante w, yo dwe aplike yon Avi pou Konparèt avèk Biwo Odisyon san Patipri anvan jijman an.

Si w mande yon entèprèt, tanpri enfòme Biwo Odisyon san Patipri. Y ap ba w entèprèt si w mande sa a.

Apre jijman an, Fonksyonè Odisyon san Patipri pral soti yon desizyon. Yo pral poste yon kopi desizyon an ba ou.

Desizyon Ofisye k ap fè jijman an fèt pou baze sèlman sou prèv yo prezante l nan jijman an. Li dwe genyen rezon ak baz desizyon an. Desizyon an ap fè oumenm ak depatman an konnen dwa nou pou nou ale ann apèl devan Ofisye Revizyon Eta Nouyòk.

Apèl devan Ofisye Revizyon Eta a

Si ou pa dakò avèk desizyon yo pran nan Odisyon san Patipri an, ou gen dwa pou soumèt yon apèl alekri nan Ofisye Revizyon Eta a. Pou fè sa a ou dwe bay avi pandan 25 jou apre apre dat desizyon an. Ou ka jwenn eksplikasyon sou jan pou ale an apèl nan Office of State Review nan www.sro.nysed.gov.

Demann pou yon apèl se yon pwosesis legal. Byenke li pa obligatwa pou gen yon avoka, pwosedi pou voye yon apèl trè espesifik epi ou dwe suiv yo egzakteman pou evite reta oswa rejè.

Diferans ant Medyasyon ak Jijman san Patipri

Menmsi objektif medyasyon ak jijman san patipri se pou rezoud dezagreman, genyen anpil bon jan diferans.

Yon jijman san patipri se yon pwosesis ki pi fòmèl kote oumenm ak NYCPS ap prezante prèv ak temwen. Apre 2 temwayaj yo, Ofisye Odisyon san Patipri an pran yon desizyon. Desizyon sa a final sofsi yo mande yon apèl.

Medyasyon se yon pwosesis ki mwens fòmèl ki pèmèt oumenm ak NYCPS chita pou diskite pwoblèm avèk yon pati k ap fè abit pou fasilite diskisyon an. Kontrèman nan yon jijman san patipri, medyatè a pa pran yon desizyon. Okontrè, oumenm ak NYCPS travay pou jwenn yon antant.

Pou plis enfòmasyon sou jijman san patipri, ale sou https://www/schools.nyc.gov/special-education/help/impartial hearings. Pou plis enfòmasyon sou medyasyon an, ale sou sitwèb Depatman edikasyon Eta Nouyòk la nan https://www.nysed.gov/special-education/mediation oswa ale sou www.nysdra.org.

Kontak ak Resous Enpòtan

Biwo Komite pou edikasyon espesyal (*Committees on Special Education*, CSE)

CSE	Distri	Adrès	Nimewo telefòn
1	7 9 10	One Fordham Plaza, 7th Floor Bronx, New York 10458	718-329-8000
2	8 11 12	3450 East Tremont Avenue 2nd Floor Bronx, New York 10465	718-794-7490 oswa 718-794-7429
3	25 26	30-48 Linden Place Flushing, New York 11354	718-281-3461
3	28 29	90-27 Sutphin Boulevard Jamaica, New York 11435	718-557-2553
4	24 30	28-11 Queens Plaza North, 5th Floor Long Island City, New York 11101	718-391-8405
4	27	Satellite Office 82-01 Rockaway Boulevard, 2nd Floor Ozone Park, New York 11416	718-642-5715
5	19 23 32	1665 St. Marks Avenue Brooklyn, New York 11233	718-240-3558 oswa 718-240-3557
6	17 18 22	5619 Flatlands Avenue Brooklyn, New York 11234	718-968-6200
7	20 21	415 89th Street Brooklyn, New York 11209	718-759-4900
8	13 14 15 16	131 Livingston Street 4th Floor Brooklyn, New York 11201	718-935-4900
9	1 2 4	333 7th Avenue 4th Floor New York, New York 10001	917-339-1600
10	3 5 6	388 West 125th Street New York, New York 10027	212-342-8300
11	31	715 Ocean Terrace, Building A Staten Island, New York 10301	718-420-5790

Sant pou tranzisyon ak aksè pou kolèj (TCAC)

Sant Aksè pou Tranzisyon ak Kolèj yo (Transition and College Access Centers,TCACs) sipòte elèv ki gen IEP yo ak fanmi yo nan tranzisyon pou soti lekòl pou rive nan lavi adilt. Menmsi se prepare pou ale nan kolèj, antre sou mache travay la, oswa viv endepandan pou premye fwa, TCACs egziste pou ede elèv ki gen IEP reyalize objektif yo, ak sipòte fanmi ak estaf lekòl planifye pou lavi elèv yo apre lekòl segondè .

Sant sa yo sèvi kòm sant resous ki fokis sou elèv pou ofri trening, atelyetravay, ak opòtinite ki bay zouti yo bezwen pou planifye lavi adilt. Kèk egzanp atelyetravay genyen ladan Career Planning Tools, College Considerations, Work and Organizational Habits, Resume Writing, and Self-advocacy and Communication Skills. Pou aprann plis enfòmasyon sou tranzisyon ak College Access Centers, kontakte sant yo dirèkteman, oswa ale sou www.schools.nyc.gov/specialeducation

Adrès

Brooklyn Transition & College Access Center
Boys & Girls High School, Room G170
1700 Fulton Street
Brooklyn, NY 11213
718-804-6790
bklyntcac@schools.nyc.gov

Bronx Transition & College Access Center
DeWitt Clinton High School, Room 150
100 W Mosholu Parkway S
Bronx, NY 10468
718-581-2250
bxtcac@schools.nyc.gov

Queens Transition & College Access Center
90-27 Sutphin Boulevard, Room 152
Queens, NY 11435
718-557-2600
qnstcac@schools.nyc.gov

Staten Island Transition & College Access Center
The Michael J. Petrides Educational Complex
715 Ocean Terrace, Building A, Room 204
Staten Island, NY 10301
718-420-5723
sitcac@schools.nyc.gov

Manhattan Transition & College Access Center
269 West 35th Street, Room 702
New York, NY 10024
212-609-8491
mntcac@schools.nyc.gov

Biwo Distri 75 pou Sèvis Tranzisyon ak Inisyativ apre lekòl segondè
400 First Ave., Room 440
New York, NY, 10010
212-802-1568
D75ots@NYCDOE.onmicrosfot.com

Ajans sèvis tranzisyon ak sistèm sèvis adilt — Nan ki sèvis mwen ta dwe jwenn aksè pou pitit mwen?

Sèvis fòmasyon kontini ak oryantasyon pwofesyonèl pou adilt (ACCES-VR)	Elèv ki gen andikap fizik, devlòpmantal, oswa emosyonèl kote andikap sa yo ka anpeche yo travay oswa fè travay vini pi difisil pou yo, ak elèv ki kapab travay avèk trening oswa edikasyon anplis.	http://www.acces.nysed.gov/vr
Biwo Moun ki gen Andikap Devlòpmantal (Office of People with Developmental Disabilities, OPWDD)	Elèv ki gen andikap devlòpman ki rive anvan laj 22, tankou andikap entèlektyèl, Otis, Paralezi serebral, Maladi Kriz ak lòt Defisyans newolojik, Nivo Kosyan Entèlektyèl (IQ score) pi ba ke 70 ak defisi nan kapasite konpòtman pou adaptasyon.	www.opwdd.ny.gov
Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH)	Elèv ki gen dyagnostik Aks 1 (Axis 1 diagnosis) (Maladi mantal grav, tankou gwo depresyon, bipolar disorder, Eskizofreni (schizophrenia)).	https://www.OMH.ny.gov/
Komisyon pou Avèg (Commission for the Blind, CB)	Elèv ki legalman avèg oswa ki gen pwoblèm pou wè klè	https://ocfs.ny.gov/main/cb/

Lòt Enfòmasyon Enpòtan

Glosè tèm yo

Akomodasyon: Zouti ak pwosedi ki bay elèv ki gen andikap aksè egal nan enstriksyon ak evalyasyon. Yo la pou mete teren an anivo pou elèv ki gen andikap.

Andikap aprantisaj: Se yon tip andikap yo karakterize avèk yon pwoblèn nan youn oswa plis pwosesis sikolojik debaz yo ki fè pati konpreyansyon ak itilizasyon langaj (pale oswa ekri). Sa gen ladan pwoblèm pou tande byen, panse byen, pale byen, li byen ekri byen, eple byen, oswa pou fè kalkil matematik. Pou plis enfòmasyon, gade **Tit Klasifikasyon andikap** nan **Seksyon 3: Reyinyon IEP a**.

Andikap emosyonèl: Se yon tip andikap yo itilize lè yon elèv genyen yonn oswa plis nan karakteristik sa yo pandan lontan epi nan yon nivo ki fè elèv la pa ka travay byen lekòl:

- Difikilte pou aprann ki pa rezilta pwoblèm entelektyèl, sansoryèl oswa medikal;
- Difikilte pou devlope oswa kenbe rapò entèpèsonèl kòrèk avèk kamarad ak pwofesè;
- Tip konpòtman oswa santiman ki pa apwopriye nan sikonstans nòmal;
- Yon santiman tristès oswa depresyon an jeneral; oswa
- Yon tandans timoun lan pou devlope sentòm fizik ki montre li pè lè li gen pwoblèm pèsonèl oswa pwoblèm lekòl.

Andikap entelektyèl: Se yon tip andikap yo karakterize avèk yon fonksyònman entelektyèl ki ba anpil pase nivo mwayèn lan ak yon pwoblèm nan konpòtman pou elèv la adapte l. Pou plis enfòmasyon, gade **Tit Klasifikasyon andikap** nan **Seksyon 3: Reyinyon IEP a.**

Anglè kòm yon Nouvo Lang (English as a New language, ENL): Nan yon pwogram Anglè kòm Nouvo Lang, pwofesè travay avèk elèv yo pou ogmante konesans yo nan pale, ekri, li ak tande nan lang anglè lè yo itilize sipò nan lang natifnatal elèv la. Objektif pwogram lan se pou ede elèv pandan y ap vin konpetan nan lang anglè.

Anviwònman ki gen mwens restriksyon an (Least Restrictive Environment, LRE): Ekip IEP a ap rekòmande sèvis edikasyon espesyal k ap bay elèv ki gen andikap yon FAPE nan yon anviwònman ki gen mwens restriksyon. Sa vle di y ap edike pitit ou a ansanm avèk elèv parèy li ki pa gen andikap nan limit posib sa apwopriye. Yo mete elèv ki gen andikap nan klas espesyal, lekòl separe oswa lòt kote yo mete elèv yo retire nan anviwònman Edikasyon jeneral sèlman lè kòz oswa andikap la tèlman grav ke menm lè yo itilize èd ak sèvis anplis, timoun lan pa ka rive ansèyman avèk satisfaksyon. Kidonk, anviwònman ki gen mwens restriksyon an diferan pou chak elèv.

Aparèy ak sèvis teknoloji pou sipò (Assistive Technology Devices and Services, AT): Yon aparèy teknoloji pou sipò se tout ekipman, pwodui oswa sistèm yo itilize pou ogmante, konsève oswa amelyore kapasite fonksyònman yon timoun ki gen andikap. Pami aparèy teknolojik ba yo, ou jwenn òganizatè grafik, tablo panche, zouti manipilasyon, (materyèl didaktik entèaktif, pa egzanp) ak lòt. Pami aparèy gwo teknoloji ou jwenn tablèt ak pwogram asosye yo ki pèmèt yon elèv kominike ak fini devwa l. Yo ka rekòmande sèvis AT, tankou trening ak sipò, pou yon timoun itilize aparèy AT yo.

Atant (Pendency): Lè yon paran oswa NYCPS mande yon Odyans san patipri, timoun lan gen dwa rete nan “dènye plas yo

te dakò sou li" a jiskaske tout pwosedi legal pou respekte dwa w la fin fèt. Yo rele plas sa a atant pendency. Pou plis enfòmasyon sou Pwosesis Odisyon san patipri, Impartial Hearing Process, gade **Seksyon 8: Pou jwenn Sipò** sou tit **Pwosesis Odisyon san patipri, (Impartial Hearing Process)** .

Atestasyon pou aptitid ak reyalizasyon (Skills and Achievement Commencement Credential, SACC): Atestasyon sa a ki pa yon diplòm, disponib pou elèv ki gen IEP ki patisipe nan evalyasyon altène ak ki ale lekòl pou omwen 12 ane, retire kindergarten. Li dwe genyen avèk li dokiman ki montre ladrès, potansyèl, ak nivo endepandans elèv la ki gen pou wè avèk fòmasyon akademik, devlòpman pwofesyonèl, ak ladrès debaz nesesè pou lavi, aprantisaj, ak travay apre lekòl.

Yon elèv ki pran yon atestasyon SACC sèlman elijib pou rete lekòl jiskaske li pran yon diplòm Regents oswa yon diplòm lokal oswa jis nan fen ane lekòl lè li vin gen laj 21 ane a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon pou gradyasyon, ale nan **Seksyon 6: Gradyasyon pou elèv ki gen IEP**.

Atestasyon pou Devlòpman karyè ak etid pwofesyonèl (Career Development & Occupational Studies, CDOS): Atestasyon sa a ki pa yon diplòm, disponib pou elèv ki gen IEP ki patisipe nan evalyasyon regilye. Yo ka itilize l kòm yon andòsman pou yon diplòm Regent Avanse, yon diplòm Regent, oswa yon diplòm lokal oswa kòm sèl tit konpetans elèv la. Tit CDOS la rekonèt elèv la metrize nòm aprantisaj CDOS yo ak konplete yon pwogram preparasyon pwofesyonèl. Li la pou bay elèv ki gen IEP yo yon opòtinite pou devlope konesans yo bezwen pou reyisi nan travay apre lekòl segondè. Lekòl yo ap bay elèv ki pran yon CDOS sèlman yon atestasyon alekri ke yo elijib pou retounen lekòl pou pran yon diplòm jiskaske yo gen laj 21 ane.

Avi pou rekòmandasyon: Yon lèt yo voye bay paran, pa plis pase senk jou apre yo fin resevwa yon rekòmandasyon pou resevwa sèvis edikasyon espesyal.

Bezwen pou jesyon: Nan IEP a, y ap mete bezwen pou jere yon elèv, k ap gen ladan tip ak kantite modifikasyon nan anviwònman, resous imèn, oswa resous materyèl ki obligatwa pou pèmèt yon elèv benefisye enstriksyon an.

Child Find: Vil Nouyòk gen obligasyon pou idantifye, jwenn, ak evalye chak timoun ki nan lekòl Vil Nouyòk ki gen yon andikap oswa yo sispèk ki gen yon andikap, kèlkeswa gravite andikap la. Yo rele sa obligasyon "Child Find". Yo aplike Child Find pou tout timoun ki gen andikap—ladan timoun ki sanzabri, timoun ki soukont leta, timoun ki pa ale lekòl, etc.—kèlkeswa si wi oswa non NYCPS ba timoun lan sèvis edikasyon.

Deklasifikasyon: Elèv ki pa bezwen sèvis edikasyon espesyal ankò, ekip IEP a deklasifye yo apre li fin fè evalyasyon yo.

Diplòm lekòl segondè: Yon sètifika yo bay pou montre yon elèv konplete avèk siksè kou ak egzamen ki obligatwa nan lekòl segondè.

Diplòm lokal: Diplòm lokal la se yon opsyon diplòm lekòl segondè ki disponib pou elèv ki elijib pou Safety Net epi ki p ap satisfè ni depase kondisyon pou diplòm Regents ni diplòm Regents avanse. Safety Net bay fleksibilite anplis pou ede elèv ki gen andikap jwenn yon diplòm lekòl segondè. Si yon elèv itilize opsyon Safety Net, y pa pran yon diplòm lokal. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon

pou gradyasyon, ale nan **Seksyon 6: Gradyasyon pou elèv ki gen IEP**.

Diplòm Regents: Nan eta Nouyòk, gen twa tip diplòm: yon diplòm lokal, yon diplòm Regents ak yon diplòm Regents avanse. Gen egzamen espesifik ak kredi obligatwa pou yon elèv pran yon diplòm Regents. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon pou gradyasyon, ale nan **Seksyon 6: Gradyasyon pou elèv ki gen IEP**.

Divès andikap: Se yon tip andikap yo itilize lè yon elèv gen plis pase yon pwoblèm, tankou andikap entelektyèl ak avèg, andikap entelektyèl al soud, etc. Konbinezon sa a kreye bezwen edikasyon yo pa ka satisfè nan yon pwogram edikayon espesyal ki pou youn nan pwoblèm yo sèlman. Tèm la pa gen ladan bèbè-avèg. Pou plis enfòmasyon, gade Tit Klasifikasyon andikap nan **Seksyon 3: Reyinyon IEP a.**

Divès kalite sèvis: Seri pwogram ak sèvis edikasyon nan NYCPS pou ede edike timoun ki gen andikap nan yon anviwonman ki gen mwens restriksyon.

Edikasyon fizik adapte (Adapted Physical Education, APE): Edikasyon fizik adapte se yon pwogram ki fèt espesyalman pou aktivite devlòpman, jwèt, espò, ak mouvman yo adapte avèk bagay ki enterese yon timoun an patikilye, abilite li ak limit timoun lan ki ta ka pa kapab patisipe san sa pa prezante yon danje oswa avèk siksè nan aktivite yon pwogram edikasyon fizik regilye. Yo ka rekòmande pitit ou a pou edikasyon fizik ki adapte lè andikap li genyen an gen enpak sou abilite l pou l fè aktivite ki nan yon pwogram edikasyon fizik regilye.

Edikasyon leta gratis apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE): Pwogram Edikasyon espesyal ak sèvis pou ede avèk andikap la ke yo ofri sou kont leta, sou sipèvizyon ak kontwòl piblik, epi san paran an pa peye anyen.

Efektif: Kantite maksimòm elèv yo pèmèt nan yon gwoup oswa nan yon klas.

Egzamen Eta Nouyòk pou idantifye elèv k ap aprann lang anglè a (NYSITELL): Yon tès yo bay yon elèv pou detèmine nivo konpetans li nan lang anglè pou wè si l bezwen sèvis bileng/ENL.

Egzamen medikal: Rapò yon doktè sou kondisyon fizik oswa medikal yon elèv ke yo konsidere pandan reyinyon IEP a.

Egzamen pèfòmans Eta Nouyòk nan anglè kòm dezyèm lang (New York State English as a Second Language Achievement Test, NYSESLAT): Elèv k ap aprann lang anglè/Elèv k ap aprann nan plizyè lang (ELL/MLL) pran NYSESLAT la nan klas kindergarten rive 12yèm ane. Y ap kontinye resevwa sèvis ESL ak sèvis bileng jiskaske nòt yo fè nan NYSESLAT la montre yo metrize lang anglè a, donk yo pa bezwen sipò anplis ankò.

Ekip pwogram edikasyon endividyèl (IEP): Ekip IEP se yon gwoup manm ki pataje enfòmasyon ak travay ansanm pou detèmine si wi oswa non pitit ou a gen yon andikap ak si li bezwen sèvis edikasyon espesyal, epi si se ka a, ki sèvis ki apwopriye. Ou se yon manm enpòtan nan Ekip IEP a. Si ekip IEP a, dapre evalyasyon an(yo), wè pitit ou a gen yon andikap epi li nesesè pou ba li sèvis edikasyon espesyal, y ap devlope yon IEP nan reyinyon an. Pami manm ekip IEP a, gen:

- yon pwofesè edikasyon jeneral;
- pwofesè edikasyon espesyal;
- sikològ lekòl
- asistan sosyal;
- reprezantan distri;
- oumenm, paran an; ak
- pitit ou a.

Elèv k ap aprann lang angle (English Language Learner, ELL): Yon elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learner, ELL) (yo rele Elèv k ap aprann nan plizyè lang "Multilingual Learner") se yon elèv ki pale yon lang ki pa anglè lakay li epi ki fè yon nòt pi ba nòt Eta a mande pou nivo konpetans yon elèv nan anglè swa nan NYSITELL ak/oswa nan NYSESLAT.

Elèv k ap aprann nan plizyè lang (Multilingual Learner, MLL): Yon elèv k ap aprann nan plizyè lang (MLL) ke yo rele tou elèv k ap parann lang anglè (English Language Learner, ELL) se yon elèv ki pale yon lang ki pa anglè lakay li epi ki fè yon nòt pi ba nòt Eta a mande pou nivo konpetans yon elèv nan anglè swa nan NYSITELL ak/oswa nan NYSESLAT.

Enstriksyon adomisil: Enstriksyon adomisil se yon sèvis edikasyon yo bay elèv ki gen andikap ki pa kapab ale lekòl akoz kondisyon medikal oswa sikolojik.

Enstriksyon nan lopital: Enstriksyon nan lopital se yon sèvis edikasyon yo ofri pou yon bout tan ba elèv yo ospitalize pou kondisyon medikal ki anpeche yo ale lekòl.

Enstriksyon yo konsevwa espesyalman: Enstriksyon yo konsevwa espesyalman se adaptasyon kontni, metodoloji (apwòch pedagojik pou enstriksyon), oswa jan yo anseye pou konsidere bezwen inik ki gen pou wè avèk andikap timoun lan. Objektif enstriksyon yo konsevwa espesyalman sa a se pou asire elèv la gen aksè nan kourikoulòm jeneral la epi li kapab satisfè nòm regilye distri lekòl la ki aplike pou tout elèv.

Entèprèt: Yon moun ki kominike aloral nan lang paran an oswa timoun prefere a apati lang anglè pandan yon konvèsasyon fas a fas oswa nan telefòn ak paran an ak/oswa evalyasyon pou timoun lan.

Entèvansyon bonè (Early Intervention, EI): Pwogram EI anba Depatman Sante ak ijyèn mantal Vil Nouyòk (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH), sipòte fanmi ki gen timoun ki fèk fèt rive laj twa ane ki gen andikap oswa reta nan devlòpman.

Evalyasyon: Pwosesis pou kolekte enfòmasyon osijè potansyèl ak lakin yon elèv pou amelyore pwogram edikasyon li. Enfòmasyon yo kolekte atravè evalyasyon, obsèvasyon ak entèvyou ap ede ekip la detèmine nivo fonksyònman timoun lan ak bezwen edikasyon li.

Evalyasyon altène: Yo itilize l pou evalye pèfòmans ak pwogrè elèv ki gen andikap entelektyèl grav ki pa kapab patisipe nan evalyasyon regilye, menmsi yo bay yo Akomodasyon pou egzamen.

Evalyasyon altène eta Nouyòk (New York State Alternate Assessment, NYSAA)

fè pati pwosesis egzamen NYS pou tout elèv ki elijib nan klas 3yèm ane rive 12yèm ane ak nan lekòl segondè. Si IEP pitit ou a espesifye li elijib pou evalyasyon altène, y ap itilize NYSAA pou evalyasyon Eta yo nan klas 3yèm ane rive 12yèm ane. Pou plis enfòmasyon konsènan evalyasyon altène, gade **Seksyon 4: Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP)**, sou tit **Evalyasyon altène (Alternate Assessment)**.

Evalyasyon anyèl: Apre yo fin rekòmande pitit ou a pou sèvis edikasyon espesyal, y ap fè yon reyinyon IEP omwen chak ane pou evalye pwogrè pitit ou a ap fè. Yo rele sa yon "Evalyasyon anyèl". Pandan evalyasyon anyèl la, ekip la pral:

- Pale sou pwogrè pitit ou a fè pou objektif li
- Evalye sèvis edikasyon espesyal yo bay la
- Detèmine sèvis ak objektif pou ane apre a

Evalyasyon bileng: Yon evalyasyon yo fè ni nan lang anglè, ni nan lang natifnatal oswa lang timoun lan pale lakay li a.

Evalyasyon endepandan: Yon paran kapab mande yon evalyasyon endepandan soukont NYCPS si yo pa dakò avèk evalyasyon NYCPS te fè a. Demand lan dwe fèt alekri bay ekip IEP elèv la. NYCPS ap swa dakò pou peye pou evalyasyon endepandan an, oswa l ap depoze yon plent pwosedi legal pou respekte dwa w pou demontre evalyasyon NYCPS fè a apwopriye.

Yon paran kapab tou peye pou yon evalyasyon limenm oswa jwenn yon evalyasyon atravè asirans. Si w jwenn yon evalyasyon endepandan epi ou ta renmen pou ekip IEP pitit ou a konsidere l, asire ou remèt evalyasyon an bay estaf NYCPS a avan reyinyon IEP a

Evalyasyon konpòtman fonksyonèl (Functional Behavioral Assessment, FBA): Lè yon elèv gen pwoblèm konpòtman ki ka entèfere avèk aprantisaj yo oswa aprantisaj lòt timoun, oswa ki mete elèv la oswa lòt moun sou ris pou fè yo mal oswa koze domaj, yo ka mennen yon Evalyasyon konpòtman fonksyonèl (Functional Behavioral Assessment). Yon Evalyasyon konpòtman fonksyonèl se yon pwosesis yo itilize pou idantifye:

- Rezon pou yon konpòtman
- Entèvansyon ki posib pou abòde l

Evalyasyon odyolojik (tande): Yon evalyasyon espesyalize sistèm pou tande yo fè pou detèmine si kapasite yon elèv pou tande afekte gravman.

Evalyasyon pou detèmine sanksyon (Manifestation Determination Review, MDR): Yon evalyasyon pou detèmine sanksyon (MDR) se yon reyinyon ant paran an ak manm kominote lekòl la. Yo fè li lè yo dwe pran sanksyon kont yon elèv ki gen andikap pou yo voye li nan yon lòt lokal. Yo pran sanksyon pou chanje elèv lokal si yo retire elèv la nan pwogram edikasyon li ye nan moman an akoz yon sispansyon sipèentandan, sispansyon direktè, ak/oswa pwofesè a retire elèv la nan klas la:

- Pou plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt;
- Pou plis pase 10 jou lekòl total nan yon ane lekòl apre yo fin retire l plizyè fwa.

Evalyasyon Pwofesyonèl: Yon evalysyon pwofesyonèl ede elèv la, fanmi l ak lekòl la pou kòmanse pale sou bezwen elèv la, sa ki enterese li, ak kisa li ta renmen ye, pandan elèv la ap prepare pou lekòl segondè, gradyasyon ak lavi adilt. Yo dwe fè yo pou touta elèv ki gen andikap lè yo gen laj 12 ane oswa pi gran (oswa k ap vin gen laj 12 ane nan fen ane lè yo fin fè evalyasyon an). Yon Evalyasyon pwofesyonèl nivo 1 gen ladan yon revizyon dosye lekòl, evalyasyon pwofesè, ak entèvyou paran ak elèv pou yo

wè abilite, aptitid ak sa ki enterese elèv la sou plan pwofesyonèl. Pou plis enfòmasyon konsènan tranzisyon, gade **Seksyon 7: Lavi apre lekòl segondè**, oswa nan **Gid Fanmi pou planifye tranzisyon**.

Evalyasyon sikatrik: Se yon evalyasyon espesyalize yon sikyat fè lè gen pwoblèm emosyonèl ak/oswa konpòtman grav ki ka afekte reyisit timoun lan nan lekòl.

Evalyasyon sikolojik: Yon evalyasyon yon sikològ lisansye fè pou evalye potansyèl ak feblès yon elèv onivo kapasite aprantisaj anjeneral, epi jan li konpòte l ak lòt timoun ak adilt.

Evalyasyon yo mande: Sou demand paran an, yo ka fè yon reyinyon IEP pou revize IEP timoun lan pou detèmine si IEP a kontinye satisfè bezwen yo.

Istwa sosyal: Yon reyinyon istwa sosyal se yon entèvyou avèk paran konsènan sante, fanmi ak lekòl elèv la te ye deja ,ladan relasyon sosyal. Entèvyou a fè pati evalyasyon elèv la epi jeneralman se yon travayè sosyal ki fè l.

Jijman san patipri (Impartial Hearing): Yon odyans pwosedi legal pou respekte dwa w (Due Process Hearing) (oswa Odyans san patipri "impartial hearing") se yon pwosedi administratif devan yon Ofisye Odyans san Patipri ki pa yon anplwaye NYCPS. Ni paran, ni distri lekòl la prezante pwennvi yo, temwen yo, epi si genyen, ak prèv. Pou plis enfòmasyon sou Pwosesis Odisyon san patipri, Impartial Hearing Process, gade **Seksyon 8: Pou jwenn Sipò** sou tit **Pwosesis Odisyon san patipri, (Impartial Hearing Process)** .

Kapasite limite pou deplase: Yon elèv ki gen kapasite limite se yon elèv ki itilize yon aparèy pou deplasman—tankou yon chèz woulant, yon twotinèt, beki, oswa baton—pou deplase nan anviwònman, oswa nenpòt elèv ki gen difikilte pou deplase nan anviwònman lekòl la ak/oswa ki deplase pi dousman pase kamarad li, kit se akoz yon pwoblèm feblès misk, kit se akoz mank andirans, oswa se akoz yon lòt rezon. Elèv ki gen pwoblèm pou deplase, kit fizik oswa sansoryèl, epi fason yo konstwi bilding ka poze obstak pou yo, yo dwe ofri yo aksè nan pwogram jis nan limit lalwa egzije l la.

Kategori andikap: Tip andikap/bezwen espesyal ki pi afekte pèfòmans edikasyon yon elèv. Gen 13 tip. Ekip IEP a ap detèmine tip ki apwopriye a, epi y ap ekri li nan IEP elèv la.

Klas espesyal: Tout timoun ki nan yon klas espeysal gen yon IEP ki idantifye bezwen elèv la yo pa ka satisfè nan yon salklas edikasyon jeneral. Pwofesè edikasyon jeneral bay enstriksyon yo konsevwa espesyalman, yo anseye klas espesyal.

Klinisyen: Yon tèm yo itilize pou pwofesyonèl ki fè evalyasyon nan NYCPS, paegzanp sikològ lekòl, oswa asistan sosyal pou lekòl.

Komite Edikasyon espesyal (Committee on Special Education, CSE): Komite pou Edikasyon espesyal (Committees on Special Education, CSE) kowòdone ak mete ann aplikasyon pwosesis edikasyon espesyal la pou elèv ki nan lekòl prive, lekòl relijye oswa lekòl charter, oswa ki pa nan yon lekòl leta NYCPS. W ap jwenn enfòmasyon pou kontake CSE yo nan **Seksyon 8: Jwenn sipò** sou tit **Biwo Komite Edikasyon Espesyal (CSE)**.

Komite edikasyon espesyal preskolè (Committee on preschool Special Education, CPSE): CPSE a responsab pou kowòdone pwosesis edikasyon espesyal

pou timoun ki gen laj 3 rive 5 ane. CPSE sèvi fanmi nan distri kote yon fanmi abite, kèlkeswa kote timoun yo ap resevwa sèvis preskolè. Gen 10 CPSE nan diferan zòn vil la. Chak CPSE fè pati yon biwo Komite sou Edikasyon Espesyal (CSE) ki pi gwo. Gen yon prezidan k ap jere biwo CSE a, ladan CPSE a tou. Pou plis enfòmasyon konsènan edikasyon espesyal preskolè, tanpri refere w nan **Gid Fanmi pou sèvis edikasyon espesyal preskolè NYCPS la.**

Konfidansyalite: NYCPS dwe kenbe dosye edikasyon espesyal elèv la yon fason pou se sèlman manm estaf apwopriye ki gen aksè ladan.

Konsantman: Kèk fwa, yo pral mande w pou bay konsantman w pandan pwosesis rekòmandasyon, evalyasyon, ak bay elèv la plas la. Lè w bay konsantman w, sa vle di ou:

- gen tout enfòmasyon sou aksyon ou bay konsantman w pou li a, epi ou
- Konpran ak dakò alekri pou aksyon an.

Ou bay konsantman w si w vle epi ou ka anile konsantman w nenpòt lè. Anilasyon konsantman w lan pa defè yon aksyon ki te fèt apre ou te fin bay konsantman w lan ak avan ou te anille l.

Kourikoulòm Edikasyon jeneral: Ansanm konesans ak seri ladrès yo atann pou tout elèv, ladan elèv ki gen andikap, metrize.

Lang DOE kouvri: Sa vle di nenpòt nan lang apa angle elèv NYCPS ak paran yo itilize pi plis. Pou kounye a, NYCPS idantifye nèf lang yo kouvri kote ansanm avèk anglè, yo se premye lang plis pase 95 % elèv NYCPS ak paran yo itilize. Lang sa yo se: albanyen, arab. bangla, chinwa (tradisyonel ak senplifye), franse, kreyòl ayisyen, koreyen, ris, panyòl, ikrenyen, oudou ak ouzbek.

Lang ou pi pito a: Lang yon paran santi l pi alèz pou pale. Li ka se lang paran pale regilyèman lakay li, li ka pa sa.

Lekòl prive eta Nouyòk apwouve: Se lekòl prive ki gen plas pou edikasyon espesyal epi eta Nouyòk apwouve yo.

Lèt otorizasyon pou evalyasyon: Yon lèt yo voye bay yon paran k ap pèmèt li jwenn yon evalyasyon nan men yon evalyatè ki pa evalyatè NYCPS, sou kont NYCPS

Lezyon serebral twomatik: Se yon tip andikap yo itilize lè yon elèv ki gen yon chòk nan sèvo ki se kòz yon fòs fizik oswa sèten kondisyon medikal tankou konjesyon serebral, ansefalit, aneris, ak anoksi oswa timè nan sèvo ki afekte pèfòmans akademik yo yon fason negatif. Tèm lan pa gen ladan twoub ki la depi timoun lan fèt oswa ki se rezilta pwoblèm nan akouchman Pou plis enfòmasyon, gade **Tit Klasifikasyon andikap** nan **Seksyon 3: Reyinyon IEP a.**

Lwa sou edikasyon pou moun ki gen andikap (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA): IDEA se yon lwa federal ki bay elèv ki gen andikap dwa pou resevwa Enstriksyon leta gratis apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE) nan yon anviwònman ki gen mwens restriksyon depi laj twazan jis ane ki fè l 21 ane oswa lè l gradye pou l pran yon diplòm lekòl segondè.

Manm paran: Yon manm paran se yon paran yon timoun ki gen andikap nan Vil Nouyòk oswa yon distri lekòl anviwon an ki ka patisipe nan reyinyon IEP. Yon paran gen dwa mande (alekri) patisipasyon manm paran an an reyinyon IEP, avèk avi 72 èdtan.

Materyèl Edikatif Aksesib (Accessible Educational Materials, AEM)
Yo se liv ak lòt materyèl enstriksyon yo chanje nan yon fòma pou elèv ki pa ka itilize materyèl enprime regilye kapab itilize. Men kèk nan fòma sa yo:

- Braille
- Gwo lèt
- Odyo
- Tèks dijital

Medyasyon: Medyasyon se yon pwosesis konfidansyèl, volontè ki pèmèt diferan pati yo rezoud pwoblèm yo genyen san yon odyans pwosedi legal pou respekte dwa w. Yon medyatè ki pa pran pati ede chak moun oswa gwoup:

- eksprime opinyon yo ak pozisyon yo, ak
- konprann opinyon ak pozisyon lòt la.

Medyatè ede moun pale sou pwoblèm lan epi rive jwenn yon akò. Wòl yo se pa ni pou rekòmande solisyon, ni pran pozisyon oswa pati. Nan medyasyon, si tout moun rive jwenn yon akò, yo konsidere li kòm yon akò obligatwa. Sa vle di ou pa ka konteste l.

Modifikasyon: Modifikasyon chanje kontni ak/oswa nivo enstriksyon kourikoulòm lan. Pandan Akomodasyon chanje fòma ak pwosedi, modifikasyon chanje nivo difikilte ak/oswa kantite kontni y ap anseye a. Yo fè modifikasyon pou elèv ki gen andikap ki pa kapab konprann tout pwogram ke yon pwofesè ap anseye. Pa egzanp, yo ka redui devwa nan kantite oswa modifye anpil pou yo gen ladan sèlman pwen enpòtan yo.

Moun ki gen yon lyen paran avèk elèv:
Nan kèk sikonstans, yon moun ki pa paran an ka jwe yon wòl paran. Yon moun ki jwe yon wòl paran se yon manm ekip IEP a pandan tout pwosesis edikasyon espesyal la. Si vrè paran timoun lan tounen nan vi timoun lan nenpòt lè epi pran responsablite paran l, ekip IEP a envite yo vin patisipe nan pwosesis pou pran desizyon an, epi yo pa rekonèt ankò lòt moun ki gen lyen paran ak timoun lan yo te konn envite a avan paran timoun lan tounen.

Objektif akoutèm oswa pwen referans:
Objektif akoutèm yo se etap entèmedyè elèv la dwe aprann pou rive nan yon objektif anyèl. Pwen referans yo se etap enpòtan elèv la pral demontre nan wout pou yon objektif anyèl la. Y ap ekri objektif akoutèm yo pral ekri ak pwen referans yo sou IEP a pou nenpòt elèv ki gen laj lekòl ki patisipe nan evalyasyon altène.

Objektif anyèl: Objektif espesifik yo ka mezire ekri ki dekri sa yo atann pou pitit ou a reyalize nan domèn andikap li a nan yon peryòd yon ane.

Obsève aktivite nan salklas: Obsève yon elèv nan anviwònman aprantisaj prensipal yon elèv pou wè kòman li aprann ak ki konpòtman li genyen.

Odyans pwosedi legal pou respekte dwa w (Due Process Hearing): Yon odyans pwosedi legal pou respekte dwa w (Due Process Hearing) (oswa Odyans san patipri "impartial hearing") se yon pwosedi administratif devan yon Ofisye Odyans san Patipri ki pa yon anplwaye NYCPS. Ni paran, ni distri lekòl la prezante pwennvi yo, temwen yo, epi si genyen, ak prèv. Pou plis enfòmasyon sou Pwosesis Odisyon san patipri, Impartial Hearing Process, gade **Seksyon 8: Pou jwenn Sipò** sou tit **Pwosesis Odisyon san patipri, (Impartial Hearing Process)** .

Otis (Autism): Yo karakterize klasifikasyon andikap Otis kòm yon andikap devlòpman ki gen yon gwo enpak sou abilite yon elèv pou kominike, sou entèaksyon sosyal li, ak sou pèfòmans akademik li. Se yon bagay ki parèt jeneralman avan laj twazan. Pou plis enfòmasyon, gade **Tit Klasifikasyon andikap** nan **Seksyon 3: Reyinyon IEP a.**

Otorizasyon Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services Authorization, RSA): Yon RSA se lèt yo bay paran ki pèmèt yo jwenn sèvis yo nan men yon founisè ki pa nan NYCPS, sèvis espesifik pou ede avèk bezwen espesyal la soukont NYCPS. Y ap bay paran an li lè NYCPS pa idantifye yon founisè sèvis ki ka ede avèk bezwen espesyal la nan yon tan apwopriye.Pa gen andikap: Yon elèv yo pa klasifye ki gen andikap epi ki p ap resevwa sèvis edikasyon espesyal.

Pa gen andikap: Yon elèv yo pa klasifye ki gen andikap epi ki p ap resevwa sèvis edikasyon espesyal.

Paran adoptif: Adilt yo bay responsablite yon timoun dapre pwosede legal.

Parapwofesyonèl: Yon parapwofesyonèl ede yon elèv patikilye, yon gwoup elèv, oswa tout yon klas.

- Yon parapwofesyonèl yo rekòmande nan yon IEP (pou yon elèv endividyèl oswa yon gwoup elèv) se yon "parapwofesyonèl IEP".
- Yon parapwofesyonèl k ap sèvi yon klas antye se yon "parapwofesyonèl salklas."
- Yon parapwofesyonèl ki bileng nan lang ansèyman yo rekòmande a epi ki sèvi elèv k ap tann plas nan yon klas bileng se yon "pwofesyonèl plas altène."

Yon parapwofesyonèl IEP pral sèvi youn nan fonksyon sa yo:

- Sipò pou konpòtman
- Sante
- Ale nan twalèt
- Oryantasyon ak deplasman

Plan entèvansyon onivo konpòtman (BIP) : Yon plan espesifik ki baze sou rezilta yon Evalyasyon konpòtman fonksyonèl (Functional Behavioral Assessment, FBA) pou konsidere yon pwoblèm konpòtman. Li gen ladan:

- Konpòtman ak objektif yo vize a(yo)
- Entèvansyon ak estrateji konpòtman pozitif
- Akomodasyon oswa modifikasyon
- Kòman y ap suiv oswa mete plan an ajou si nesesè

Plas altène: Yon sèvis tanporè yo bay lè klas ICT bileng oswa klas edikasyon espesyal bileng pou elèv la pa disponib. Yon plas altène se yon klas ICT nan yon lang oswa yon klas espesyal, avèk yon parapwofesyonèl ki bileng nan lang yo rekòmande pou bay elèv la(yo) enstriksyon an annatandan yon klas bileng.

Plent pou pwosedi legal pou respekte dwa w: Yo rele l tou yon Demand pou yon Odyans san patipri, se yon plent yon paran oswa yon distri lekòl fè konsènan tout kesyon ki gen pou wè avèk idantifikasyon, evalyasyon, ak bay plas onivo edikasyon oswa pou bay elèv ki gen andikap FAPE. Sa ka okazyone pou yo fè yon Odyans san patipri. Pou plis enfòmasyon sou Pwosesis Odisyon san patipri, Impartial Hearing Process, gade **Seksyon 8: Pou jwenn Sipò** sou tit **Pwosesis Odisyon san patipri, (Impartial Hearing Process)** .

Preavi alekri: Se yon avi NYCPS voye bay paran. Avi sa a ap fè paran konnen NYCPS ap pwopoze pou kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, ak plas edikasyon elèv la.

Premye rekòmandasyon (Initial Referral): Premye rekòmandasyon an se yon demand pou kòmanse pwosesis evalyasyon edikasyon espesyal la pou detèmine si elèv la gen yon andikap epi si li bezwen resevwa sèvis Edikasyon espesyal. Paran elèv la, direktè lekòl NYCPS kote elèv la ye a oswa prezidan CSE elèv la kapab fè premye rekòmandasyon an. Pou paran an fè yon premye rekòmandasyon, li dwe voye yon demand alekri bay lekòl NYCPS elèv la oswa CSE li a, pou evalyasyon.

Pwoblèm òtopedik: Se yon tip andikap yo itilize lè yon elèv gen yon pwoblèm grav nan kò li ki afekte pèfòmans akademik li yon fason negatif. Tèm lan gen ladan pwoblèm ki se koz:

- Anomali konjenital (pyevire, absans kèk manm, etc.)
- Maladi (polyo, tibèkiloz nan zo, etc.)
- Lòt koz (paralezi serebral, anpitasyon ak ka zo kase oswa boule ki lakòz kontraksyon)

Pou plis enfòmasyon, gade **Tit Klasifikasyon andikap** nan **Seksyon 3: Reyinyon IEP a**.

Pwoblèm pou tande: Se yon tip andikap yo karakterize avèk yon pwoblèm pou tande ki afekte pèfòmans edikasyon elèv la yon fason negatif, men ki pa anba definisyon Soud. Tip pwoblèm pou tande sa a kapab pèmanan oswa li kapab ale-vini. Pou plis enfòmasyon, gade **Tit Klasifikasyon andikap** nan **Seksyon 3: Reyinyon IEP a**.

Pwoblèm pou wè byen: Se yon tip andikap yo itilize lè yon elèv gen yon pwoblèm pou wè ki afekte, menm avèk linèt korekayon, pèfòmans akademik li yon fason negatif. Tèm lan gen ladan ni kondisyon pa wè byen, ni avèg Pou plis enfòmasyon, gade **Tit Klasifikasyon andikap** nan **Seksyon 3: Reyinyon IEP a.**

Pwoblèm pwononsyasyon oswa pwoblèm langaj: Se yon tip andikap yo karakterize avèk yon twoub pou kominike — paegzanp twoub ki fè timoun lan begeye, pa ka atikile byen, gen pwoblèm pou pale oswa pou moun tande vwa li — ki gen yon efè negatif sou pèfòmans akademik elèv la. Pou plis enfòmasyon, gade **Tit Klasifikasyon andikap** nan **Seksyon 3: Reyinyon IEP a.**

Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP): IEP a dokimante elijiblite pitit ou a pou sèvis edikasyon espesyal ak fòmalize plan an pou ofri pwogram ak sèvis edikasyon espesyal ki apwopriye pou bezwen inik li genyen. Li gen enfòmasyon presi sou yon timoun ak pwogram edikasyon ki fèt pou satisfè bezwen sa yo, tankou:

- Pèfòmans ak/oswa devlòpman aktyèl yon timoun nan lekòl ak objektif li ka reyalize yon fason rezonab nan yon ane lekòl;

- Pwogram edikasyon espesyal ak sèvis pou ede avèk bezwen espesyal la (related services), (ladan counseling ak pwononsyasyon, terapi pou reprann aktivite oswa terapi fizik); sipò parapwofesyonèl; teknoloji pou sipò; entèvansyon pou konpòtman, ak modifikasyon;
- Patisipasyon avèk elèv ki pa gen andikap, nan limit sa posib;
- Dat sèvis yo ap kòmanse, konbyen fwa y ap bay yo, kote y ap bay yo, ak pou konbyen tan y ap bay yo; ak
- Mwayen pou mezire pwogrè yon timoun.

Pwogram edikasyon espesyal bileng (Bilingual Special Education, BSE): BSE se yon pwogram espesyalize pou elèv ki bezwen ansèyman entegre (Co-Teaching, ICT) oswa klas edikasyon espesyal (Special Class, SC) nan yon lang enstriksyon ki pa anglè. Pwogram sa yo fèt pou ede Elèv k ap aprann lang anglè/Elèv k ap aprann nan plizyè lang (ELL/MLL) ki jwenn avantaj yon ansèyman adapte avèk reyalite kiltirèl ak lengwistik ki reponn avèk bezwen pou yo aprann, bezwen akademik ak bezwen lenguistik yo.

Pwogram sèvis edikasyon endividyèl (Individualized Education Services Program, IESP): Si pitit ou a nan oswa prale nan yon lekòl prive, relijye nan Vil Nouyòk, epi ekip IEP a jwenn pitit ou a elijib pou edikasyon espesyal, ekip IEP a ap devlope yon Pwogram sèvis edikasyon endividyèl (Individualized Education Services Program, IESP) olye yon IEP. IESP a ap dekri sèvis edikasyon espesyal ak/oswa lòt sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la pou yo bay pitit ou a pandan li nan lekòl prive a.

Pwogram yo rekòmande: Yon desizyon pou ofri elèv sipò ak sèvis Edikasyon espesyal yo pran nan yon reyinyon IEP.

Pwosedi legal regilye pou respekte dwa w: Pwosedi yo itilize, dapre lalwa, pou garanti dwa pitit ou a pou genyen FAPE, ak dwa ou genyen pou patisipe ak pou w byen konprann pwosesis sa a.

Reevalasyon: Yon evalyasyon yo fè pou yon elèv ki gen andikap ki deja ap resevwa sèvis edikasyon espesyal. Y ap fè yon reevalyasyon omwen yon fwa chak twazan ak depi gen demand lan. Se paran yon elèv, pwofesè elèv la, oswa distri lekòl la ki ka mande pou yo reevalye elèv la. Yo pap fè yon lòt evalyasyon plis pase yon fwa nan yon ane amwenske lekòl la ak paran dakò pou yo fè l.

Règleman Chanselye (Chancellor's Regulations, CR): Yon ansanm règ yo ekri pou lekòl NYCPS ki gen rapò avèk elèv, fanmi, estaf lekòl, ak fonksyònman lekòl; ou ka jwenn li nan https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations.

Règleman Komisyonè a: Règleman Depatman Edikasyon Eta a dapre lwa sou Edikasyon Eta ak lwa sou Edikasyon gouvènman federal ki espesifye etap distri lekòl yo dwe suiv nan pwosesis pou rekòmande yon elèv, evalye l ak ba li yon plas nan edikasyon, ou ka jwenn yo nan https://www.nysed.gov/special-education/section-2001-definitions.

Rekòmandasyon: Yon premye rekòmandasyon se yon demand pou kòmanse pwosesis evalyasyon edikasyon espesyal la pou detèmine si elèv la gen yon andikap epi si li bezwen resevwa sèvis Edikasyon espesyal. Se sèlman direktè yon lekòl, yon prezidan CSE, oswa yon paran ki ka fè yon rekòmandasyon.

Repons pou entèvansyon (Response to Intervention, RTI): Repons pou

entèvansyon se yon apwòch lekòl yo itilize pou mete elèv yo nan pratik ansèyman ak nivo sipò ki koresponn avèk bezwen yo.

Reyinyon rezolisyon: Apre paran an depoze yon plent pou pwosedi legal pou respekte dwa l (yo rele tou yon "demann pou odyans san patipri"), NYCPS ak paran an pral rankontre pou pale sou solisyon posib pou pwoblèm lan. Yo rele reyinyon sa a yon "reyinyon rezolisyon". Pou plis enfòmasyon sou Pwosesis Odisyon san patipri, Impartial Hearing Process, gade **Seksyon 8: Pou jwenn Sipò** sou tit **Pwosesis Odisyon san patipri, (Impartial Hearing Process)** .

Rezime lè elèv ap sòti nan IEP (Exit Summary): Lè yon elèv ki gen IEP pa pral elijib pou edikasyon espesyal ankò—swa paske li pral (a) gradye avèk yon diplòm lokal oswa yon diplòm Regents oswa (b) laj li pa elijib ankò (ane elèv la vin gen laj 21 ane a)—y ap ba li yon "Exit Summary". Yon *Exit Summary* rezime reyalizasyon akademik elèv la ak pèfòmans li nan fonksyònman, epi l ap gen rekòmandasyon sou kòman pou ede elèv la satisfè objektif li pou apre lekòl segondè.

Safety Net: Safety Net la pèmèt elèv ki gen andikap pou yo jwenn yon diplòm lokal lè yo satisfè egzijans altènatif egzamen pou pran yon diplòm lokal. Opsyon sa a disponib pou elèv ki gen IEP, elèv ki gen plan 504 kote yo espesifye elijiblite pou Safety Net, ak elèv ki gen andikap yo te deklasifye lè yo te nan klas 8yèm–12yèm ane men ki te gen Safety Net nan dènye IEP yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon pou gradyasyon, ale nan **Seksyon 6: Gradyasyon pou elèv ki gen IEP**.

Sèvis ane lekòl ki gen douz mwa: Al gade Sèvis ane lekòl pwolonje:

Sèvis ane lekòl pwolonje (Extended School Year Services, ESY): Sèvis ane lekòl pwolonje se pwogram ak sèvis edikayon espesyal yo bay pandan mwa jiyè ak out. Yo ka rekòmande yo pou elèv ki gen andikap ki oblije resevwa sèvis edikasyon espesyal pandan ete a pou anpeche yo tounen dèyè nan sa yo deja aprann.

Timoun yo rekòmande ESY nan IEP kapab swa:

- Resevwa menm pwogram ak sèvis nan mwa jiyè-out ak nan mwa septanm-jen; oswa
- Resevwa sèvis ki mwens entans nan mwa jiyè-out.

Si yo rekòmande sèvis ESY, IEP a ap espesifye pwogram ak sèvis yo pral bay nan mwa jiyè ak nan mwa out.

Sèvis edikasyon espesyal repòte (Deferred Placement): Pandan reyinyon IEP a, kapab gen pale osijè si wi oswa non sèvis ediksyon espesyal yo rekòmande yo dwe kòmanse imedyatman, oswa, nan kòmansman pwochen tèm oswa ane lekòl la. Yo rele sa yon sèvis yo "repòte" epi li obligatwa pou mande konsantman paran pou sa.

Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services): Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la se sèvis ki ka nesesè pou ede yon elèv ki gen yon andikap benefisye edikasyon l ap resevwa nan mezi sa fè sans. Sèvis sa yo ka genyen ladan yo: counseling, terapi pou readaptasyon, terapi fizik, terapi pou pwononsyasyon/langaj, sèvis pou oryantasyon ak deplasman ak lòt sèvis sipò.

Sèvis oryantasyon ak deplasman: Sèvis sa yo anseye elèv la kòman pou yo oryante yo nan anviwònman lekòl la. Sèvis sa yo ede anseye elèv pou konnen ki kote yo ye, ki kote yo vle ale, ak kòman pou yo rive la.

Sèvis oryantasyon ak deplasman se sèvis yo bay elèv ki gen pwoblèm pou wè.

Sèvis sante: Yon tip sèvis ki pou mache ak sèvis Edikasyon espesyal yo ofri elèv yo detèmine ki genyen pwoblèm medikal oswa pwoblèm sante ki bezwen èd yon enfimyè oswa yon parapwofesyonèl medikal pandan jounen lekòl. Egzanp sèvis sa a ka sèvis pou manje, pou mache, pou itilize yon ponp oswa pou itilize yon katetè.

Sèvis sipò pou deklasifikasyon: Yo deklasifye elèv ki pa bezwen sèvis edikasyon espesyal ankò apre yo fin evalye yo. Elèv yo deklasifye p ap gen yon IEP ankò, men pou fasilite tranzisyon yo nan edikasyon jeneral, yo ka resevwa sèvis sa yo:

- Sipò enstriksyon
- Modifikasyon enstriksyon
- Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services)

Sèvis sa yo kapab kontinye pou jiska yon ane apre yo fin deklasifye yon elèv. Anplis,deklasifikasyon IEP a ka gen ladan lis Akomodasyon pou egzamen yo dwe bay elèv la apre yo fin deklasifye l. Elèv yo deklase nan klas 8yèm–12yèm ane kapab elijib pou opsyon gradyasyon Safety Net si dènye IEP yo a gen sa ladan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon pou gradyasyon, ale nan **Seksyon 6: Gradyasyon pou elèv ki gen IEP**.

Sondaj pou detèmine lang elèv pale lakay yo (Home Language Identification Survey, HLIS): Yon kesyonè pou paran pou detèmine si wi oswa non yo pale yon lang ki pa anglè lakay elèv la.

Soud: Se yon klasifikasyon andikap yo karakterize avèk yon pwoblèm pou tande ki tèlman grav ki lakoz elèv la gen pwoblèm pou analize enfòmasyon lengwistik pou tande sa y ap di l, avèk oswa san anplifikatè, epi pwoblèm pou tande a afekte pèfòmans elèv la lekòl yon fason negatif. Pou plis enfòmasyon, gade **Tit Klasifikasyon andikap** nan **Seksyon 3: Reyinyon IEP a.**

Soud-avèg: Se yon klasifikasyon yo itilize lè yon elèv gen pwoblèm ni pou wè, ni pou tande. Konbinezon sitiyasyon sa yo lakòz pwoblèm serye pou kominike, ak lòt gwo bezwen onivo devlòpman ak edikasyon yo pa ka akomode nan pwogram edikasyon espesyal ki fèt separeman pou elèv ki gen pwoblèm pou tande oswa pou elèv ki gen pwoblèm pou wè sèlman. Pou plis enfòmasyon, gade **Tit Klasifikasyon andikap** nan **Seksyon 3: Reyinyon IEP a.**

Terapi pou readaptasyon (Occupational Therapy, OT): Terapi pou readaptasyon se yon sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la yo bay pou ede yon timoun kenbe, amelyore, oswa retabli aptitid pou adapte l ak pou fonksyone.

Terapi pwononsyasyon/langaj: Terapi pwononsyasyon/langaj se yon sèvis pou ede andikap timoun k ap ede amelyore kòman yon timoun tande, pale, li, ak ekri nan sitiyasyon akademik ak sosyal atravè anviwònman lekòl la, avèk yon konsantrasyon pou amelyore abilite timoun lan pou l kominike.

Tradiktè: Yon moun ki chanje tèks ekri yon dokiman/evalyasyon soti nan yon lang pou mete l nan yon lòt.

Tranzisyon : Pou elèv ki gen IEP, “Tranzisyon” vle di planifye pou lavi apre lekòl. Depi elèv la gen laj 14 ane, ekip IEP a ap pale sou objektif elèv la, bezwen elèv la pou tranzisyon, ak aktivite pou tranzisyon nan chak reyinyon IEP jiskaske elèv la gradye oswa jiskaske fen ane lekòl lè elèv la vin gen laj 21 ane a. Tranzisyon konsantre sou amelyore pwogrè akademik elèv la

ak pwogrè pou l fonksyone nan plizyè anviwònman, ladan anviwònman edikasyon, anplwa, ak viv endepandan. Se yon pwosesis ki konsantre sou elèv la. Sa vle di li abòde fòs, bezwen, ak preferans inik chak elèv. Pou plis enfòmasyon konsènan tranzisyon, gade **Seksyon 7: Lavi apre lekòl segondè**, oswa nan **Gid Fanmi pou planifye tranzisyon**.

Trening sou trajè: Sèvis fòmasyon pou trajè se sèvis akoutèm, enstriksyon konplè, epi ki fèt espesyalman pou anseye elèv lekòl segondè ki gen andikap ki pa ni avèg ni gen pwoblèm pou wè, pou yo pran machin transpò piblik, epi pou yo kapab fè trajè ant lakay yo ak yon kote espesifik (anjeneral lekòl oswa travay), yon fason endepandan. Elèv elijib ki gen laj 14 ane pou pi piti kapab resevwa sèvis trening pou trajè.

Pou plis enfòmasyon, gade **Tit Klasifikasyon andikap** nan **Seksyon 3: Reyinyon IEP a**.

Lòt lang ki pa lang Anglè

إذا كانت هذه اللغة هي لغتك الأصلية، فإن دليل العائلات متوفر بهذه اللغة. اطلب نسخة بلغتك الأصلية من الموظَّف الذي تعمل معه، أو احصل عليها من الموقع الالكتروني المذكور أدناه.
এটি যদি আপনার দেশীয় ভাষা হয়, এই ভাষায় আপনি ফ্যামিলি গাইড পাবেন। আপনার দেশীয় ভাষায় একটি কপির জন্য আপনার সাথে কাজ করে এমন একজন পেশাজীবীকে জিজ্ঞেস করুন অথবা নিচের ওয়েবসাইটে এটি পাবেন।
如果這是您的母語，家庭指南有這種語言的版本。 向跟您一起的專家索取一份您母語版本的指南，或者到以下網站查看。
Si le français est votre langue maternelle, la version traduite du Guide des familles dans cette langue est disponible. Prière de demander au membre du personnel qui vous épaule, la version traduite de ce guide dans votre langue maternelle ou consultez-la sur le site internet indiqué ci-après.
Si w ap li sa a nan lang Kreyòl, Gid pou Fanmi an disponib an Kreyòl. Mande pwofesyonèl k ap travay avèk ou a pou ba w yon kopi, oswa ale sou sitwèb ki pi ba a pou jwenn Gid la nan lang Kreyòl.
이것이 귀하의 모국어라면, 가정 안내서가 한국어로 준비되어 있습니다. 함께 일하는 전문가에게 한국어 번역본에 대해 문의하시거나 아래 웹사이트에서 검색해 보십시오.
Это Руководство для родителей переведено на русский язык. Обращайтесь к специалисту, работающему с ребенком, или на нижеуказанный веб-сайт.
Si este es su idioma natal, la guía familiar está disponible en este idioma. Pida un ejemplar en su idioma al profesional que lo está ayudando, o búsquela en el sitio web a continuación.
اگر یہ آپکی آبائی زبان ہے، اہلِ خانہ کے لیے رہنمائی کتابچہ اس زبان میں دستیاب ہے۔ آپ جس پیشہ ور کے ساتھ کام کررہے ہیں ان سے اپنی آبائی زبان میں ایک کاپی کی درخواست کریں یا ذیل کی ویب سائٹ سے حاصل کریں۔

www.schools.nyc.gov/specialeducation

Εάν αυτή είναι η μητρική σας γλώσσα, ο οικογενειακός οδηγός δεν είναι διαθέσιμος σε αυτή τη γλώσσα αυτή τη χρονική στιγμή. Ζητήστε βοήθεια από τον επαγγελματία με τον οποίο συνεργάζεστε.
מדריך המשפחה אינו זמין בשלב זה בשפה המבוקשת. במידה וזו אינה שפת האם שלך אנא בקש סיוע מאיש המקצוע שעובד עימך.
यदि यह आपकी मूल भाषा है, तो इस समय इस भाषा में परिवार गाइड उपलब्ध नहीं है। मदद के लिए उस पेशेवर से पूछें जिसके साथ आप काम कर रहे हैं
これがあなたの母国語である場合、現時点ではこの言語でファミリーガイドを利用できません。 専門の担当者にご相談ください。
यदि यो तपाईंको मातृ भाषा हो भने यस समयमा परिवार निर्देशिका यो भाषाको लागि उपलब्ध छैन। सहयोगको लागि आफूले काम गर्ने पेशेवर व्यक्तिसँग सोध्नुहोस्।
Jeśli to Twój język ojczysty, przewodnik rodzinny nie jest obecnie dostępny w tym języku. Poproś o pomoc specjalistę, z którym współpracujesz.
Se este for seu idioma materno, o guia familiar não está disponível em sua língua no momento. Peça ajuda ao profissional que está trabalhando com você.
ਜੇ ਇਹ ਤੁਹਾਡੀ ਮਾਤ-ਭਾਸ਼ਾ ਹੈ, ਤਾਂ ਇਸ ਸਮੇਂ ਇਸ ਭਾਸ਼ਾ ਵਿੱਚ ਫੈਮਿਲੀ ਗਾਈਡ ਉਪਲਬਧ ਨਹੀਂ ਹੈ। ਆਪਣੇ ਨਾਲ ਕੰਮ ਕਰ ਰਹੇ ਪੇਸ਼ੇਵਰ ਨੂੰ ਮਦਦ ਲਈ ਕਹੋ।
Ak je Váš rodný jazyk tento, potom v súčastnosti nie je rodinná príručka prístupná vo Vašom jazyku. O pomoc požiadajte odborného pracovníka, s ktorým pracujete.
གལ་ཏེ་འདི་ཁྱེད་ཀྱི་ཕ་སྐད་མ་ཡིན་།། ད་ལྟ་ཁྱིམ་ཚང་གི་སྐད་ཡིག་གི་ཐེ་ཟན་པ་བེད་སྤྱོད་མི་འདུག ཁྱེད་ཀྱིས་རོགས་རམ་བྱེད་བཞིན་མཁན་དུ་ལས་ཀ་བྱེད་པའི་ཚེད་ལས་མི་ལ་འདྲི་རོགས་གནོང་།
Якщо це ваша рідна мова, то на цей час посібник для родини цією мовою недоступний. Зверніться за допомогою до професіонала, який з вами працює.
אויב דאס איז אייער ערשטע שפראך, איז דער פאמיליע וועגווייזער נישט אוועילעבל אין דעם שפראך אין די יעצטיגע צייט. בעט דעם פראפעסיאנאל מיט וועמען איר ארבעט פאר הילף.

Gid Fanmi pou Sèvis Edikasyon Espesyal

POU TIMOUN KI GEN LAJ POU ALE LEKÒL

Pou plis enfòmasyon, telefone 718-935-2007
oswa ale sou www.schools.nyc.gov/specialeducation

NYC Public Schools

T-39001 (Haitian Creole)